

KÈ KONTAN AK ESPERANS

(*Konstitisyon pastoral osijè Egliz-la sou tè-a nan tan kounye-a*).

GAUDIUM ET SPES

(*Constitutio pastoralis de Ecclesia in mundo huius temporis*).

Concilium Vaticanum II

D'après le texte latin publié dans *Acta Apostolicae Sedis* 58 (1966) pp. 1025-1115.

Cf. *Concile œcuménique Vatican II. Constitutions, décrets, déclarations, messages. Textes français et latin*. Paris, Centurion, 1967, pp. 207-348.

Cf. *Conciliorum oecumenicorum decreta*, par les soins de : Giuseppe Alberigo - Giuseppe L. Dossetti - Perikles-P. Joannou - Claudio Leonardi - Paolo Prodi. Bologna, Dehoniane, 1996, pp. 1069-1135.

Traduction en créole haïtien de P. Maurice Elder Hyppolite, sdb

Moun - Revue de philosophie 4 (2006) 147-238

PREFAS TRADIKTÈ-A

1. Enpòtans tèks sa-a pami lòt dokiman Konsil Vatikan II-a

7 desanm 2005 te fè 40 ane depi Pap Pòl VI te pibliye Konstitisyon pastoral osijè Egliz-la sou tè-a nan tan sa-a, *Gaudium et spes*. Se dènye nan 4 « konstitisyon » Konsil Vatikan II-a te promilge-yo (11 oktòb 1962 - 7 desanm 1965). Twa lòt-yo se :

- Konstitisyon osijè litiji-a ki sakre-a : *Sacrosanctum Concilium* (4 desanm 1963) ;

- Konstitisyon dògmatik osijè Egliz-la : *Lumen gentium* (21 novanm 1964) ;

- Konstitisyon dògmatik osijè revelasyon Bondye-a : *Dei Verbum* (18 novanm 1965).

Aprè sa, Konsil-la te promilge « dekrè » sou diferan kesyon tankou : mwayen kominikasyon sosyal-yo (*Inter mirifica*), Egliz oryantal katolik-yo (*Orientalium Ecclesiarum*), ekimenism-nan (*Unitatis redintegratio*), responsabilite pastoral Evèk-yo (*Christus Dominus*), renovasyon ak adaptasyon lavi relijye-a (*Perfectae caritatis*), fòmasyon pè-yo (*Optatam*

totius Ecclesiae renovationem), apostola layik-yo (*Apostolicam actuositatem*), aktivite misyonè-a (*Ad gentes divinitus*), epi osijè fonksyon ak lavi pè-yo (*Presbyterorum ordinis*).

Te gen kèk « *deklarasyon* » tou : osijè edikasyon kretyèn-nan (*Gravissimum educationis momentum*), relasyon ak relijyon ki pa kretyen-yo (*Nostra aetate*), libète relijyon-an (*Dignitatis humanae*).

Menm si kronolojikman se *Gaudium et spes* ki dènye nan dokiman fondamantal Konsil-la, an realite, li se youn nan rezon prensipal ki fè Konsil-la te reyini. Jou 25 janvyè 1959, prèske 3 mwa apre eleksyon-li, Pap Jan XXIII te anonse desizyon-l pou-l konvoke Konsil-la antan li envite Egliz-la renouvle tèt-li pou li kapab prezante verite Bondye-a an plen, pi byen, pi klè, bay moun alèkile-yo. Li te vle yon renovasyon toudabò spirityèl nan tout manb Egliz-la epi yon efò pou ankouraje inite kretyen-yo ki tapral gen kòm konsekans yon angajman pi konsyan nan devwa pou transfòmè tè-a dapre dignite moun-nan ki se pòtre epi pitit Bondye.

Aprè lanmò Pap Jan XXIII, 3 jwen 1963, se Pap Pòl VI, yo eli 21 jwen 1963, ki te fè Konsil-la avanse epi klotire-l.

Nan mesaj radyo Pap Jan XXIII te bay jou 11 septanm 1962-a li te insistè sou 2 rezon ki fè li te konvoke Konsil-la :

1.- Problèm lapè ant pèp-yo, sitou apre eksperyans dezaz dènye lagè-yo, ak menas bonm atomik-la pandan sa yo te rele « lagè frèt-la » (*la guerre froide*).

2.- Egzijans jistis sosyal-la ki bezwen fondman renmen-an pou denonse tout enjistis ak inegalite ki defigire moun-nan. Gras a renmen-an, depi kounye-a wayòm Bondye-a kòmanse klere tè-a tankou yon avangou ak yon reflè wayòm etènèl-la.

Gaudium et spes se fwi ki deja mi ki soti nan kat ane travay Konsil-la kote yo ka di se kòm si tan pase-a, prezan-an ak avni-an te vin ranmanse nan yon moman ak yon espas privejye. Pase-a, « paske se tout Egliz Kris-la ki te reyini la-a ak tradisyon-li, istwa-li, Konsil li-yo, Doktè li-yo, Sen li-yo... » ; prezan-an, paske evèk-yo te konsidere « realite moun-yo sou tè-a jodi-a avèk mizè yo, doulè yo, peche yo, men tou avèk progrè ekstraòdinè ki fèt-yo, realite apresyab ki gen valè yo, bon kalite moral-yo » ; avni-an la tou « nan rèl pèp-yo ap pouse ak fòs pou gen plis jistis, nan volonte yo pou tabli lapè, nan swaf yo genyen konsyamman pou yo ta rive jwenn yon lavi ki pi ro, lavi sa-a menm Egliz Kris-la kapab ba yo epi vle ba yo-a »¹.

¹ Mesaj Konsil-la, 8 desanm 1965, cf. *Concile œcuménique Vatican II. Constitutions, décrets, déclarations, messages. Textes français et latin*, Paris, Centurion, 1967, p. 726.

Tout richès refleksyon Konsil-la te pèmèt montre kijan sa moun-nan ye-a kòm moun tout bon, se lafwa ak doktrin ak ansègnman ak pratik lavi kretyen-an ki proteje-l pi byen, ki ba-l tout garanti pou li progresse san li pa pèdi, ni detounen ni detwi. Si Sent Irene te di : « Glwa Bondye se moun vivan-an », epi li te ajoute « lavi moun-nan se wè Bondye-a », « *Gloria enim Dei vivens homo, vita autem hominis visio Dei* »², nou ta kapab di Konstitisyon pastoral *Gaudium et spes*-la mete Egliz-la nan entèsèksyon ant « glwa Bondye-a » ak « lavi moun-nan » sou tè-a antan l-ap chèche fas Bondye pou li ka viv an plen nèt ale.

Konsa, apre katastròf 2 lagè mondyal-yo (1914-1918 ; 1939-1945), epi an fas nouvo defi lavi moun-nan prezante sou tè-a, ansanm ak nouvo posibilite pozitif tou, Egliz-la te santi li nesèsè pou yon renouvèlman fèt anndan li. Antan li apuiye sou ansèyman doktrin sosyal li-a epi antan li fè ansèyman sa-a progresse, Egliz-la, nan *Gaudium et spes* (*GS*), vin bay yon dokiman fondamantal pou rive konprann sa li panse osijè moun-nan (*antropoloji*), sosyete-a (*sosyoloji*), progrè teknik-la (*syans-yo*), relasyon ekonomik-yo, dignite realite politik-la, epi nesèsite pou tabli yon lapè dirab ant nasyon-yo. Konstitisyon pastoral sa-a enpòtan anpil pou yon refleksyon filozofik sou moun-nan, libète-l, sosyabilite-l ak dignite san parèy li-a. Se sa nou pral wè kounye-a.

2. Ide libète-a ak dignite moun-nan an fonksyon aboutisman final-li

Moun-nan, ak kò-li, nanm-li, kè-li, konsyans-li, espri-li epi volonte-li, se yon sèl realite li ye (*GS* 3, 14, 15). Li gen kapasite pou li transfòme tè-a kote l-ap viv-la pou-l kapab vin pi koresponn a sa li ye kòm moun-nan. Tankou yon etensèl, yon jèm ki soti nan Bondye, kapasite sa-a montre moun-nan gen yon vokasyon spesyal nan pami tout lòt kreati-yo (*GS* 3, 12, 15). Nan epòk n-ap viv kounye-a, moun-nan pran konsyans privilèj li-a pi plis, poutèt gran deplwaman pogrè li fè nan domèn teknik-la, li vin santi valè libète li-a ak dignite li genyen-an. Sa ba li tankou yon vètij tou, ki fè pafwa jodi-a yo prezante divès fòm « ateism » kòm yon nouvo « umanism », nouvo fason pou moun-nan rive jwi pròp otonomi-l (*GS* 7, 56). Se konsa tou, « lè moun-nan gade anndan kè-li, li dekouvri li gen enklinalasyon pou mal-la » ki fè se pa sèlman yon posibilite sa ye pou li sèvi mal ak libète li-a, se yon realite li deja eksperimante tou depi nan kòmansman istwa-li (*GS* 13). Poutan swaf yon lavi an plen ki pa janm sispann anndan moun-nan se yon sign ki endike yon transandans, yon depasman sa ki senpleman materyèl, yon kapasite pran distans parapò a lòt realite-yo epi domine yo, ki raple se dapre pòtre-l Bondye kreye moun-nan (*GS* 10, 12, 17, 21), se pou sa tou li kreye-l « gason ak fi », an

² Sent Irene, *Adversus haereses*, lib. 4, 20,7 : Sources chrétiennes 100, p. 648.

kominyon youn ak lòt, epi « san relasyon ak lòt-yo li pa kapab ni viv ni devlope kapasite-l yo » (GS 12).

Entèlijans-la, volonte-a, ansanm ak konsyans moral-la pèmèt moun-nan oryante-l nan direksyon byen-an antan li deside-l pou tèt pa-l. Kapasite chwazi sa-a, sa yo rele « *libre arbitre* »-la, libète chwazi ak pròp desizyon-l nan, moun-nan devlope-l si li vire tèt-li nan direksyon byen-an « pèsoneyman, apati yon mouvman ki sot sou anndan-l » (GS 17). Konsa pou libète-a devlope fòk pa genyen « kontrent » eksteryè ni kontrent « enteryè » nan elan moun-nan pou li realize sa li ye tout bon-an an plen. Sa pa vle di fòk moun-nan ta panse li gen yon otonomi « absolu », san okenn fòm depandans, pou li detèmine sa ki byen ak sa ki mal. Menm jan se pa li menm ki bay pròp tèt-li egzistans-la, konsa tou se dekouvri li dekouvri nan li menm prensip « nòmaliye » fonksyonman-l : lalwa Bondye-a ki enskri nan fen-fon konsyans-li. Donk yo pa kapab konsidere libète otantik-la kòm si pou « moun-nan ta tounen pròp aboutisman tèt-li, sèl atizan ak kreatè pròp istwa-li » (GS 20). Libète moun-nan, se yon « otonomi » ki enskri nan yon « eteronomi », epi se « eteronomi » sa-a menm ki bay « otonomi » li-an konsistans, se yon « endepandans » nan yon « entèdepandans ». Nan relasyon ak lòt-yo ki fè pati sa moun-nan ye-a menm, nan relasyon ak Bondye ki se kòz epi aboutisman swaf kominyon lavi an plen ki nan kè moun-nan, libète-a jwenn espas pou li konprann tèt-li epi devlope-l tout bon. Donk libète moun-yo ak souvèrènte nasyon-yo se toujou nan yon fòm entèdepandans li egziste, li egzèse, li devlope, li epanouyi. Vrè libète-a se rive jere depandans ki inevitab nan lavi moun-nan parapò a lòt-yo, parapò a bagay-yo, parapò a Bondye : « Nan li reyèlman nou viv, epi nou gen mouvman, epi nou egziste » (*Travay Apot yo* 17,28). Se poutèt sa, chak fwa moun-nan fè yon chwazi ki kontrè ak oryantasyon fondamantal sa-a, ak vokasyon entegral epi definitif li-a, li rann tèt-li esklav (GS 14, 17).

Mesaj Egliz-la ap bay-la, sèke libète moun-nan pa kapab egziste san dènye fondman-li ki se Bondye-a, epi se Bondye sèl ki kapab libere libète sa-a pou moun-nan pa detwi pròp tèt-li. Donk, olye relasyon lafwa-a ta yon antrav pou libète-a jan kèk moun ta vle prezante-l, se sèl fason pou yon epanouyisman reyèl epi otantik rive pou li : « Non sèlman mesaj [Egliz-la] pa diminye moun-nan, men li pote limyè, lavi ak libète pou progredi ; epi andeyò sa pa gen anyen ki kapab satisfè kè moun-nan : ‘Ou te fè nou pou ou’, Granmèt, ‘epi kè nou san repo, joutan li repoze nan ou’ » (Sent Ogusten ; GS 21).

3. Dimansyon sosyal-la ki soti nan fen-fon sa moun-nan ye-a

Nan *Gaudium et spes*-la, dimansyon libète ak dignite moun-nan mache ansanm ak dimansyon sosyal-la. Moun-nan pa ka egziste si se pa an ko-

minyon ak lòt-yo. Sètènman, jan nou sot wè-a, li depase realite materyèl-yo epi li pa yon senp eleman nan kò sosyete-a (GS 14), poutèt li gen yon vokasyon ki depase yon lavi ki ta sèlman biolojik, li pa yon eleman anonim, san non, san vizaj ladan-l. Men lavi sosyal-la « se pa yon bagay ki sot deyò vin rive sou moun-nan », se yon egzijans nati moun-nan menm (GS 25, 74). Libète moun-nan bezwen epanouyi sou anndan nan koneksans ak otonomi, sou deyò nan renmen ki bay tèt-li ak jenerozite nan relasyon ak lòt-yo. Se sa-k fè se pou yo devlope sa ki pèmèt « pèsonalizasyon » moun-nan, epi an menm tan sa ki favorize « sosyalizasyon »-li yon fason kòrèk. Objektif òganizasyon sosyal-la se favorize « byen komen-an », sa vle di « tout kondisyon lavi sosyal-yo ki pèmèt group moun-yo ak endividi-yo rive nan pròp pèfeksyon-yo yon fason total epi pi fasil » (GS 26, 74), se pou sa « se nan verite-a pou li fonde, nan jistis pou yo bati-l, nan renmen-an pou yo ba-l lavi », epi nan libète-a pou-l jwenn ekilib ki koresponn a sa moun-nan ye-a.

Nosyon « byen komen » sa-a fondamantal pou konprann tout sa Egliz-la deklare nan domèn sosyal-la. Lè li di « byen », li pa konsidere realite ak kondisyon materyèl-yo sèlman, men tou kondisyon moral ak spirityèl ki pèmèt moun-nan realize tèt-li an plen. Donk jistis-la, swa « komutatif » (nan rapò moun-yo youn ak lòt), swa « distribitif » (nan rapò kominote-a ak moun-yo), onètete-a ak tout lòt vètu moral-yo, antre nan sa ki « komen »-an. Lè sa-a « byen komen »-an, se pa adisyon tout byen endividyèl-yo, men se dwati lavi moun-yo sou tè-a antan yo fòme yon kominote. Konsa, byen komen-an konsène sosyete-a toutantye epi chak manbyo an patikilye (GS 30). Sètènman, « moun-nan yo plis poutèt sa li ye ase poutèt sa li genyen » (GS 35). Se pèfeksyon « entegral » moun-nan yo dwe chèche. Ide « entegralite » sa-a tounen anpil fwa nan *Gaudium et spes*-la, sitou osijè vokasyon moun-nan yo dwe konsidere nan tout dimansyon-l (cf. GS 11, 57, 59, 60, 63, 64, 76, 91) pou li ka rive nan pèfeksyon-l (cf. GS 27, 50, 51, 56, 61, 62, 75, 87). Konsa jestyon byen tè-a dwe fèt tou nan jistis antan kominote politik-la konnen li pa egziste, li pa gen sans, andeyò byen komen-an (GS 74-75). Nouvo « umanism »-nan mande pou moun-nan konsidere tèt-li apati dimansyon istorik epi sosyal-li (GS 55) pou yon devlopman entegral ki ekilibre (GS 56).

Si gen yon nesosite pou òganizasyon sosyete-a respekte libète, dignite, egalite, ak jistis nan pami moun-yo, gen yon nesosite tou pou moun-yo « konsidere obligasyon sosyal yo kòm bagay ki sakre » (GS 30). Se pou sa fòk yo devlope sans responsablite yo antan yo patisipe efektivman nan konsèti yon nouvo mòd egzistans pou moun-nan (*nova humanitas*), ak konkou gras Bondye-a. Epi obligasyon sa-a li depase limit chak nasyon pou li anbrase tout moun sou tè-a, ni relasyon ant tout nasyon-yo, ni soufrans, ni kè kontan, ni sa tout moun bezwen pou yo viv. Si realite terès-yo gen « oto-

nomi » yo, se pa andeyò depandans yo parapò a Kreatè-a (GS 36, 41), sa vo tou pou « otonomi » kilti-a (GS 56, 59). Vokasyon final moun-nan pou li fè youn ak Bondye se dènye orizon ki pou pèmèt li byen oryante tout lavi-li (GS 43).

« Reyèlman, avni anpil nasyon an danje si pa gen moun ki pi saj ki leve » (GS, 15), moun ki pa sèlman kiltive kapasite entèlijans yo, men tou ki gen yon « pèsonalite solid » (GS 31), « *magni animi sunt* », antan yo kapab transmèt bay nouvo jenerasyon-yo « rezon pou yo viv epi pou yo espere » (GS 31). Rezon esperans-la soti nan sa Egliz-la ye-a menm epi sa l-ap anonse-a kòm kominote ki fè youn nan yon sèl kò apati moun tout nasyon, ras, lang ak pèp, ki depase limit frontyè peyi-yo, li ouvri pòt sou yon lavi pou tout tan nan fòs renmen-an ki detwi la-èn ak lanmò (GS 32, 42).

Se apati konviksyon antropolojik sa-yo, Konsil Vatikan II-a te prezante kondisyon Egliz-la parapò a realite terès-yo epi li te fè limyè bòn nouvel Jezu-Kri-a klere sou diferan aspè lavi moun-nan sou tè-a, pou li montre ki chemen ki pi bon pou lonbraj angwas, dezespwa ak posibilite yon destriksiyon total, ta kapab disparèt nèt nan orizon lavi nou.

4. Plan Konstitisyon pastoral-la

Gaudium et spes gen de pati ak yon entrodiksyon epi yon konklizyon. Entrodiksyon-an konsidere sitou tout chanjman k-ap fèt kounye-a sou tè-a epi konsekans pozitif ak negatif yo genyen sou moun-nan. Apre sa premye pati-a menm prezante dignite moun-nan ak vokasyon-l ki mande pou li oryante tout aktivite-l dapre aboutisman final lavi-l kote Egliz-la vle ede-l rive antan depi kounye-a l-ap konstwi tè-a pou-l koresponn a dignite sa moun-nan ye-a. Nan dezyèm pati-a, Konstitisyon pastoral-la egzamine kèk problèm ki pi prese ki mande konsiderasyon spesyal ak aksyon imedya pou evite pi gran katastròf sou tè-a : « maryaj-la ak fanmi-an, kilti moun-nan, lavi ekonomik, sosyal epi politik, solidarite fanmi pèp-yo ak lapè »³.

Menm si premye pati-a sanble pi doktrinal pase dezyèm pati-a ki ta pi pratik, pi pastoral, an realite, de pati-yo fè youn. Se antan li apuiye sou prensip doktrinal-yo Egliz-la vle ekspoze dispozisyon-li parapò a moun-nan sou tè-a. Men plan Konstitisyon pastoral-la :

Prefas (*Prooemium*)

1. *Osiyè relasyon sere Egliz-la genyen ak tout fanmi pèp-yo*
2. *Ak kiyès Konsil-la ap pale*
3. *Osiyè sèvis l-ap rann moun-nan*

³ Cf. pi lwen, *Gaudium et spes*, no. 46.

Entrodiksyon : Osijè kondisyon moun-nan sou tè-a jodi-a

4. *Osijè esperans ak angwas*
5. *Osijè profondè chanjman kondisyon-yo*
6. *Chanjman nan domèn sosyal-la*
7. *Chanjman psikolojik, moral epi relijye*
8. *Osijè dezekilib ki gen kounye-a sou tè-a*
9. *Osijè sa ras moun-nan pi anvi jwenn sou yon plan jeneral*
10. *Osijè kesyon ki pi profon ras moun-nan ap poze tèt-li*

PREMYE PATI : OSIJÈ EGLIZ-LA AK VOKASYON MOUN-NAN

11. *Pou koresponn ak direksyon mouvman Espri-a*

Chapit 1 : Osijè dignite moun-nan

12. *Osijè moun-nan ki fèt dapre pòtre Bondye-a*
13. *Osijè peche-a*
14. *Osijè konstitisyon moun-nan*
15. *Osijè dignite entèlijans-la, verite-a ak sajès-la*
16. *Osijè dignite konsyans moral-la*
17. *Osijè siperyorite libète-a*
18. *Osijè mistè lanmò-a*
19. *Osijè fòm ak rasin ateism-yo*
20. *Osijè ateism sistematik-la*
21. *Osijè konpòtman Egliz-la alega ateism-nan*
22. *Osijè Kris-la, Nouvo Moun-nan*

Chapit 2 : Osijè kominote moun-nan

23. *Ki objektif Konsil-la*
24. *Osijè karaktè kominotè vokasyon moun-nan nan projè Bondye-a*
25. *Osijè entèdepandans moun-nan ak sosyete-a*
26. *Osijè promosyon byen komen-an*
27. *Osijè respè pou moun-nan*
28. *Osijè respè ak renmen pou advèsè-yo*
29. *Osijè egalite esansyèl ant tout moun epi jistis sosyal-la*
30. *Nesesite pou avanse pi lwen pase etik endividyalis-la*
31. *Osijè responsabilite-a ak patisipasyon-an*
32. *Paròl-la ki tounen chè-a epi solidarite ant moun-yo*

Chapit 3 : Osijè aktivite moun-nan sou tout tè-a

33. *Yo poze problèm-nan*
34. *Osijè valè enpòtans aktivite moun-nan genyen*
35. *Osijè oryantasyon aktivite moun-nan*
36. *Osijè otonomi lejitim realite terès-yo*
37. *Osijè aktivite moun-nan ki gate poutèt peche-a*
38. *Osijè aktivite moun-nan yo kondui nan pèfeksyon-l nan mistè paskal-la*
39. *Yon nouvo tè ak yon nouvo syèl*

Chapit 4 : Fonksyon Egliz-la nan tan n-ap viv kounye-a

40. *Osijè relasyon Egliz-la ak tè-a genyen youn ak lòt*
41. *Osijè èd Egliz-la ap eseye bay chak moun*
42. *Osijè èd Egliz-la ap eseye bay sosyete moun-nan*
43. *Osijè èd Egliz-la ap eseye bay aktivite moun-yo gras a kretyen-yo*
44. *Osijè èd Egliz-la resevwa apati tan n-ap viv kounye-a*
45. *Osijè Kris-la, alfa epi omega*

DEZYÈM PATI : OSIJÈ KÈK PROBLÈM KI PI PRESE

46. *Entrodiksyon*

Chapit 1 : Osijè ankouraje dignite maryaj-la ak fanmi-an

47. *Osijè maryaj-la ak fanmi-an nan tan n-ap viv kounye-a*
48. *Osijè sentete maryaj-la ak fanmi-an*
49. *Osijè renmen nan maryaj-la*
50. *Osijè fekondite maryaj-la*
51. *Osijè renmen konjigal-la ki dwe mache ak respè lavi moun-nan*
52. *Osijè promosyon maryaj-la ak fanmi-an tout moun dwe pran swen-an*

Chapit 2 : Osijè progrè kilti-a yo gen rezon devlope-a

53. *Entrodiksyon*

Premye seksyon : Osijè kondisyon kilti-a nan tan kounye-a

54. *Osijè nouvo stil lavi-yo*
55. *Moun-nan ap fè kilti-a grandi*
56. *Difilite ak devwa*

Dezyèm seksyon : Osijè kèk prensip pou promosyon kilti-a fèt yon fason kòrèk

57. *Lafwa-a ak kilti-a*
58. *Osijè anpil koneksyon ki genyen ant bòn nouvèl Kris-la ak kilti moun-nan*
59. *Osijè divès kalite realite ki dwe byen amonize nan kilti moun-nan*

Twazyèm seksyon : Osijè kèk devwa ki pi prese pou kretyen-yo parapò a kilti-a

60. *Se pou yo rekonèt dwa tout moun pou jwenn avantaj kilti-a epi realize-l vre*
61. *Osijè edikasyon pou yon moun ki kiltive entegralman*
62. *Osijè bon antant ant kilti moun-nan ak enstitisyon kretyen-an*

Chapit 3 : Osijè lavi ekonomik ak sosyal-la

63. *Osijè kèk aspè lavi ekonomik-la*

Premye seksyon : Osijè progrè ekonomik-la

64. *Osijè progrè ekonomik-la nan sèvis moun-nan*

Dezyèm seksyon : Osijè prensip ki pou dirije tout lavi ekonomik-la ak sosyal-la

67. *Osijè travay-la ak kondisyon travay-yo epi tan lib-la*
68. *Osijè patisipasyon nan antrepriz-yo ak tout òganizasyon ekonomik-la epi kesyon konfli nan travay*
69. *Osijè byen tè-a ki destine pou tout moun*
70. *Osijè envestisman byen-yo ak kesyon lajan-an*
71. *Osijè rive vin proprietè epi gen pouvwa prive sou byen-yo ; epi osijè gran abitasyon-yo « latifundia »*
72. *Osijè aktivite ekonomik ak sosyal-la epi Wayòm Kris-la*

Chapit 4 : Osijè lavi kominote politik-la

73. *Osijè lavi piblik-la jodi-a*
74. *Osijè nati ak objektif kominote politik-la*
75. *Osijè kooperasyon tout moun nan lavi piblik-la*
76. *Kominote politik-la ak Egliz-la*

Chapit 5 : Osijè favorize lapè-a epi ede konstwi kominote nasyon-yo

77. *Entrodiksyon*
78. *Osijè nati lapè-a*

Premye seksyon : Osijè evite lagè-a

79. *Osijè frennen sovajri lagè-a*
80. *Osijè lagè total-la*
81. *Osijè kous pou prepare zam-yo*
82. *Osijè lagè-a pou yo entèdi nèt epi aksyon entènasyonal pou evite lagè-a*

Dezyèm seksyon : Osijè kominote entènasyonal-la yo dwe konstwi-a

83. *Osijè koz divizyon-yo ak remèd yo*
84. *Osijè kominote nasyon-yo ak enstitisyon entènasyonal-yo*
85. *Osijè kooperasyon entènasyonal-la nan domèn ekonomik-la*
86. *Osijè kèk règ ki apropriye*
87. *Osijè kooperasyon entènasyonal-la parapò a kwasans demografik-la*
88. *Osijè fonksyon kretyen-yo nan ofri èd yo*
89. *Osijè prezans aktif Egliz-la nan kominote entènasyonal-yo*
90. *Osijè ròl kretyen-yo nan enstitisyon entènasyonal-yo*

Konklizyon

91. *Osijè fonksyon chak fidèl epi Egliz patikilye-yo*
92. *Osijè dyalòg ant tout moun-yo*
93. *Osijè tè-a pou konstwi-a epi pou kondui nan aboutisman-l nan.*

5. Difikilte tradiksyon-an

Tradiksyon sa-a te fè nou eksperimante yon fwa ankò tout travay ki gen pou fèt pou rive fè yon seri konsèp pase nan lang nou-an ki poko abitye

reflechi sou yo. Problèm-nan se toujou rive fè tèm abstrè-yo antre nan diskou-a. Kreyòl-la dwe pran mo pou di abstraksyon-yo nan lang ki deja genyen-yo, an patilkilye apati laten-an ak grèk-la ki pase nan fransè-a. Antouka nou eseye fè sa nou kapab pou nou pa rete ap bay esplikasyon sou chak mo nou rankontre, lè sa-a, se ta yon « parafray » se pa ta yon tradiksyon, epi an menm tan nou eseye pèmèt lang kreyòl-la anrichi antan l-ap afrente nouvo domèn konesans.

Paregzanp gen tout yon fanmi mo ki tounen anpil fwa nan tèks laten *Gaudium et spes*-la : *homo, humanus, humanitas, persona humana*. Nou eseye nan prèske tout ka-yo sèvi ak korespondan kreyòl-la ki se « moun », men gen de lè sa pa-t fasil, tankou nan ka ekspresyon « *sciences humaines* », *scientiae de ipso homine tractantes, scientiarum naturalium et humanarum* (GS 5, 54) oubyen « *nouveau humanisme* », *novum humanismum* (GS 7, 55).

Menm bagay-la tou pou mo *mundus*-la ki koresponn a divès posibilite an kreyòl : tè, latè, tan n-ap viv-la, espas kote nou ye-a, etc. Nou te evite tradui mo sa-a ak « mond » oubyen « lemond » ki pa vrèman nesèsè epi ki vag, ki plis endefini pase abstrè an kreyòl. Men nou tradui *mundialis* ak « mondyal ».

Aprè sa gen yon pakèt ide nou kite jan yo ye-a, tankou *absolutum* (= absolu, san restriksyon, san limit, san kontròl, san okenn depandans), « pèsonalizasyon » ak « sosyalizasyon », « endistrializasyon », « òganizasyon vil yo » (= « urbanisation »), « *mass-culture* » (cf. GS 6, 54, 61). Menm jan an tou kèk fwa pou « umanism », « art » (GS 7), « poligami », « edonism » (GS 47), « fenomenism », « agnostisism » (GS 57), « kolektivism » (GS 63, 65), « materyalism » (GS 10), san konte « ateism » nan kote yo trete kesyon divès mènèt moun pa kwè nan Bondye-a, an patilkilye GS 19-21.

Men yon lis kèk lòt mo pou atire atansyon lektè-yo sou jan nou tradui yo epi ankouraje travay moun ki va kontinye fè tradiksyon sa-yo oubyen korije yo pou lang nou-an kapab vin gen tout sa-l bezwen pou ede nou konprann, ekspri epi transfòme realite nou-an.

Amor : renmen / *Caritas* : renmen-charite / *Dilectio* : afeksyon renmen.

Conjux : epou ; konjwen ; mari ak madanm.

Familia humana : fanmi ras moun-nan.

Finis : fen ; finalite ; objektif, aboutisman.

Homo : moun (ni gason ni fi).

Humanitas : vin moun ; imanite ; [aji] ak byenveyans.

Humanus : ki koresponn a sa moun-nan ye-a ; ki respekte moun-nan.

In mundum : sou tè-a.

Mundus : tè-a ; sosyete/tan kote n-ap viv-la ; espas kote nou ye-a.

Necessitas : lyen sosyal ki nesèsè-yo ; nesèsite.

Ordinatio : lòd ; oryantasyon ; òganizasyon.

Persona humana : moun-nan ; moun-nan kòm pèrsòn ; pèrsonalite-a.

Humanismus : bon kalite lavi pou moun-nan ; vizyon sa moun-nan ye-a ; umanism/imanism.

Sponsus : epou ; konjwen.

Universus : tout tè-a ; inivè-a.

Urgere : fè vit ; prese ; ijans.

- « Ekonomism », *spiritus oeconomicus* (GS 63) : Sistèm ki ta vle redui tout realite moun-nan a ekonomi-an sèlman. Se echanj komèsyal-yo, relasyon ekonomik-yo ki gen valè, ki gen premye plas ak enpòtans ; moun-nan pase an dezyèm.

- « Òdonans jiridik pozitif », *positivus ordo iuris* (GS 75) : Yon seri lwa yo tabli epi yo promilge efektivman pou regle rapò ant diferan moun ak enstitisyon.

- Prensip « subsidiarité », *principium subsidiariorum* (GS 86) : Se yon prinsip jiridik ki mande pou reklame entèvansyon otorite ki pi ro-a sèlman lè otorite ki pi ba-a pa kapab rezoud yon problèm efektivman. Aristòt ak Sen Toma d'Aken te deja endike prensip sa-a.

- Sosyete « pluraliste », *societas pluralistica* (GS 76) : Yon sosyete kote diferan groupman ak strikti sosyal ki gen yon inite òganik ap fonksyone an tout libète antan yo reprezante diferan enterè moun-yo. Leta, - sa vle di pati nan strikti politik-la ki gen pou misyon pou li fè respekte lwa-yo, ede tout moun epanouyi ansanm, administre afè piblik-yo, - dwe soutni, dwe garanti tout fòmasyon sosyal sa-yo. Se yon egzijans demokrasi otantik-la.

Konsil Vatikan II

Gaudium et spes

Pòl, evèk,
sèvitè sèvitè Bondye-yo
ansanm ak lòt [evèk] (*patribus*) konsil-la ki sen anpil-la
pou souvni bagay sa-a toujou rete

Konstitisyon pastoral osijè Egliz-la sou tè-a nan tan kounye-a ¹

Prefas (Prooemium)

(1. Osijè relasyon sere Egliz-la genyen ak tout fanmi pèp-yo)

KÈ KONTAN AK ESPERANS, tristès ak angwas moun-yo nan tan sa-a, sitou pòv-yo ak nenpòt [moun] ki nan soufrans, se kè kontan ak esperans, tristès ak angwas disip Kris-yo tou, epi pa gen anyen ki fè pati kondisyon moun-nan tout bon, ki pa fè eko anndan (*resonet in*) kè yo. Reyèlman, kominote yo-a se apati moun-yo li vin fòme (*coalescat*), sa-yo ki rasanble fè youn nan Kris-la, se Espri Sen-an k-ap dirije yo nan pèlerinaj yo nan direksyon Wayòm Papa-a, epi yo resevwa mesaj sove-a yo dwe anonse tout moun. Poutèt sa [Egliz-la] byen konnen (*experitur*) se tout bon vre li gen yon relasyon sere (*intima coniunctam*) ak ras moun-nan, ak istwa li.

¹ Menm si Konstitisyon Pastoral *Osijè Egliz-la sou tè-a nan tan sa-a* gen de pati, an realite tèks la fè yon sèl. Yo di konstitisyon « pastoral » poutèt antan li apuiye sou prensip doktrinal-yo, li vle eksprime dispozisyon Egliz-la parapò a tè-a epi parapò a moun-yo jodi-a. Se sa-k fè nan premye pati-a entansyon pastoral-la pa manke, epi nan dezyèm pati-a entansyon doktrinal-la pa manke non plis.

Nan premye pati-a menm, Egliz-la devlope doktrin-li osijè moun-nan, osijè tè-a kote moun-nan ye-a epi osijè sitiasyon-l parapò a yo. Nan dezyèm pati-a menm li konsidere pi afon diferan aspè lavi jodi-a ak sosyete moun-nan, epi sitou spesyalman kesyon ak problèm yo wè ki pi prese pou realite tan nou-yo. Se sa-k fè nan dènye pati sa-a, sijè yo trete-yo (*materia*) an konfòmite ak prensip doktrinal-yo pa gen sèlman eleman ki pou tout tan, men tou eleman sikonstansyèl (*contingentibus*).

Donk se pou yo entèprete Konstitisyon sa-a dapre prensip jeneral entèpretasyon teolojik-la, sa vle di antan yo konsidere sitiasyon chanjan ki konekte natirèlman ak realite y-ap trete-yo, sitou nan dezyèm pati-a.

(2. Ak kiyès Konsil-la ap pale)

Se pou sa, Konsil Vatikan 2-a, apre li fin egzamine mistè Egliz-la pi afon, kounye-a se pa sèlman ak pitit Egliz-la epi ak tout moun k-ap rele non Kris-la l-ap pale, men, san ezitasyon, se ak tout moun sou tè-a, paske li anvi mete devan yo-tout kijan Egliz-la konprann prezans-li ak aktivite-li sou tè-a jodi-a.

Li gen devan je-li tè-a kote moun-yo ye-a, sètadi tout ras moun-nan an jeneral ak tout realite kote y-ap viv-yo ; tè-a se teat istwa ras moun-nan, li pote mak aktivite-li, echèk-li, viktwa-li ; tè-a, sa fidèl Kris-yo kwè se renmen Kreatè-a ki kreye-l epi konsève-l la, li tonbe anba esklavaj peche-a, men Kris-la ki te kloure sou kwa-a epi ki resisite-a libere-l antan li kraze pouvwa Malen-an, pou se dapre projè Bondye-a li vin transfòmè epi li rive nan achèvmant-l (*consummationem*).

(3. Osijè sèvis l-ap rann moun-nan)

Kounye-a nan epòk nou-an, gen yon mouvman admirasyon ki anpare ras moun-nan poutèt dekouvèt li fè-yo ak kapasite li genyen ; poutan souvan l-ap poze kesyon ak angwas sou jan tè-a ap mache (*mundi evolutione*) jodi-a, sou plas ak fonksyon moun-nan nan tout inivè-a, sou sans tout efò endividi-yo ak sosyete-a, epi anfen, sou dènye aboutisman realite-yo ak moun-yo. Se pou sa, antan Konsil-la ap temwagne epi eksplike lafwa tout pèp Bondye-a Kris-la rasanble-a, li pa kapab demontre pi byen (*eloquentius*) jan li fè youn ak tout fanmi moun-nan kote li egziste-a, jan li respekte-l ak jan li renmen-l, pase nan dyaloge ak li osijè divès problèm li-yo, antan li pote limyè li pran apati Evanjil-la, epi antan li ofri ras moun-nan fòs-yo ki pou sove-l la, [fòs] sa-yo Egliz-la resevwa sot nan Fondatè li-a pandan Espri Sen-an ap kondui li. Reyèlman moun-nan dwe sove kòm moun, epi sosyete moun-nan dwe renouvle. Donk se moun-nan, nan inite-li ak nan tout sa-l ye, ak kò-li epi nanm-li, kè-li epi konsyans-li, espri-li epi volonte-li, ki se gon (*cardo*) [kote] tout ekspoze nou-an [pral pivote].

Se poutèt sa, antan li deklare jan vokasyon moun-nan ro anpil-anpil epi li rekonèt se tankou yon jèm ki sot nan Bondye ki anndan-li, Sinòd ki sakre-a ofri kooperasyon Egliz-la ki sensè bay ras moun-nan pou etabli fratènite sa-a pou yo tout, [fratènite] ki koresponn ak kalite vokasyon li genyen-an. Pa gen okenn anbisyon tè-a k-ap pouse Egliz-la, men se yon sèl bagay li anvi jwenn : sètadi, pou antan se Espri Sen-an k-ap kondui-l, li kontinye travay Kris-la ki te vin sou tè-a pou rann verite-a temwagnaj, pou sove, pa pou jije, pou sèvi, pa pou fè yo sèvi-l ².

² Cf. Jan 3,17; 18,37; Matye 20,28; Mark 10,45.

Entrodiksyon

Osijè kondisyon moun-nan sou tè-a jodi-a

(4. *Osijè esperans ak angwas*)

Pou li kapab realize fonksyon sa-a, Egliz-la gen kòm devwa pou li egzamine sign tan-yo tout tan epi entèprete yo anba limyè Evanjil-la ; yon fason pou li kapab bay repons ki adapte pou chak jenerasyon sou kesyon moun toujou ap poze san rete osijè sans lavi kounye-a ak lavi apre-a epi osijè relasyon yon lavi gen ak lòt. Konsa tou, fòk [moun-]yo rive konnen epi konprann tè n-ap viv ladan-l nan, sa li bezwen, sa li swaf, ansanm ak karaktè li ki trajik anpil fwa. Yo kapab dekri kèk nan karakteristik prensipal tè-a jodi-a jan nou pral fè-l tousuit la-a.

Ras moun-nan antre jodi-a nan yon nouvo etap nan istwa-li kote gen chanjman rapid epi an profondè k-ap gaye sou tout fas tè-a ofiamezi. Se entèlijans moun-nan ak aktivite kreatif-li ki provoke [chanjman sa-] yo, epi yo retonbe sou menm moun-nan, [pou enflyanse] sou jijman-l, sou sa li anvi kòm endividi epi kòm kolektivite, sou fason li panse epi aji alega realite-yo oubyen alega moun-yo. Konsa nou deja kapab pale osijè yon vrè transfòmasyon sosyal ak kiltirèl ki menm vin gen repèkisyon sou lavi relijyon-an tou.

Jan sa pase nan nenpòt kriz kwasans, transfòmasyon sa-a pote difikilte ki pa piti ansanm ak li. Se sa-k fè, pandan moun-nan ap deplwaye puisans-li byen lwen, li pa toujou rive kenbe-l anba kontròl-li. Antan l-ap fè efò pou li antre pi lwen nan profondè nanm-li, souvan li sanble vin san asirans osijè pròp tèt-li. Antan l-ap dekouvri chak fwa pi klè lwa [ki regle] lavi sosyal-la, li an-balan osijè ki direksyon pou-l fè-l pran.

Ras moun-nan pa-t janm gen otan richès, otan mwayen ak puisans ekonomik an abondans, epi poutan kounye-a yon gran kantite nan moun ki abite fas tè-a toumante anba grangou ak mizè, epi anpil menm ap soufri paske yo pa konn ni li ni ekri. Moun-yo pa-t janm gen yon santiman valè libète-a ki pi ro pase jodi-a, poutan an menm tan nouvo fòm esklavaj sosyal ak psikolojik ap parèt. Pandan [moun-yo sou] tè-a ap vin pi konsyan kijan [yo] fè youn epi youn depann de lòt nan yon obligasyon solidarite, se lè sa-a fòs yo dispèse nan direksyon opoze antan youn ap goumen ak lòt avèk vyolans ; epitou gen divizyon politik, sosyal, ekonomik, « rasyal » ak ideolojik ki kenbe fèm byen rèd jous kounye-a, se sa-k fè danje pou yon lagè ki kapab detwi tout bagay nèt-ale pa janm disparèt. Pandan kominikasyon ide-yo ogmante, paròl-yo menm ki sèvi pou eksprime konsèp ki pi enpòtan-yo vin gen sans ki vrèman diferan dapre divès ideoloji. Epitou y-ap

chèche byen òganize lòd lavi tanporèl-la yon jan ki pi apwen poutan pa gen yon kwasans spirityèl ki mache ansanm ak li.

Anpil nan moun kounye-a tèlman sibi konsekans kompleksite sitiasyon-an, yo vin pa kapab rekonèt kilès realite ki gen valè pou tout tan san rete, epi yo pa konnen kijan pou mete [valè ki pèmanan-yo] ansanm ak nouvo dekouvèt-yo ; se konsa, antan yo trouble nan mitan esperans ak angwas, y-ap kesyone tèt-yo osijè deroulman evènman-yo kounye-a, epi enkyetid anpare yo. Deroulman evènman sa-yo envite moun-yo reponn, pi plis toujou, li fòse yo [reponn].

(5. *Osijè profundè chanjman kondisyon-yo*)

Mouvman k-ap sekwe nanm-yo jodi-a epi chanjman nan kondisyon lavi-a gen koneksyon ak transfòmasyon pi laj ki fèt nan realite-yo kote syans matematik-yo ak natirèl-yo oubyen syans osijè moun-nan vin gen yon pwa ki pi lou chak fwa nan [domèn] fòmasyon lespri-yo, epi konsa tou pou disiplin teknik ki soti nan syans sa-yo, nan domèn aksyon-an. Lespri syantifik sa-a vin modle realite kilti-a ak fason-d-panse-yo yon lòt jan pase anvan. Konesans teknik-yo ap progrese joutan y-ap transfòme fas tè-a epi deja y-ap eseye metrize espas ki andeyò tè-a.

Entèlijans moun-nan ap louvri yon fason pou elaji dominasyon-li sou tan-yo tou : sou tan pase-a gras a travay konesans istorik-la, sou tan k-ap vini-an gras a teknik prospeksyon, [prevansyon] ak planifikasyon. Progrè syans biolojik-yo, [syans] psikolojik-yo ak [syans] sosyal-yo pèmèt moun-nan non sèlman rive konnen tèt-li pi byen, men ede li tou pou li enfliyanse dirèkteman lavi sosyete-a antan li sèvi ak metòd teknik-yo. An menm tan, ras moun-nan ap panse chak fwa pi plis sou kijan pou li deja prevwa epi kontrole pròp kwasans demografik-li.

Deroulman kous istwa-a menm tèlman ap akselere, sa fè se apèn yon moun kapab rive suiv-li. Desten sosyete moun-nan vin fè yon sèl epi li pa gaye ankò tankou nan divès istwa separe. Konsa ras moun-nan travèse sot nan yon konsepsyon (*notione*) òganizasyon realite-a ki te pi plis statik pou-l vin nan yon konsepsyon (*notionem*) ki pi plis dinamik epi an evolisyon, kote nouvo kategori problèm vin pran nesans, - epi se pa ti problèm - epi yo reklame (*provocat*) nouvo analiz ak nouvo sentèz.

(6. *Chanjman nan domèn sosyal-la*)

Poutèt sa, kominote tradisyonèl-yo nan chak zòn, tankou fanmi patriarikal, klan, tribi, vilaj, divès group dapre nesosite rapò sosyal-yo, ap sibi chanjman chak jou pi plis.

Modèl sosyete endistrièl-la ap gaye toupatou ofiamezi, antan li mennen kèk nasyon nan richès ekonomik epi antan li transfòme konsepsyon (*notiones*) ak kondisyon lavi ki tabli nan sosyete sivil-la (*conditiones vitae socialis a saeculis constitutas*) an profondè. Menm jan-an tou, atirans pou kilti lavi nan vil-yo ogmante swa poutèt kantite vil-yo ogmante ak moun ki abite ladan-yo, swa poutèt mouvman mòd lavi nan vil-yo gaye rive nan zòn riral-yo.

Nouvo enstriman kominikasyon sosyal ki pi pèfeksyone pèmèt konesans evènman-yo, fason-d-panse-yo ak mòd konpòtman-yo gaye pi vit, rive pi lwen, epi sa provoke anpil reaksyon ki makonnen youn ak lòt (*plures connexas repercussiones*).

Ni yo pa dwe neglije [konsidere] non plis moun-yo ki oblije emigre pou divès rezon, yo rive chanje mòd lavi tou.

Konsa, nesosite relasyon moun-nan ak moun parèy li-yo ap miltipliye san rete epi an menm tan « sosyalizasyon » sa-a ap anjandre nouvo lyen, epoutan sa pa toujou ede pou pèsonalite moun-yo rive devlope yon fason kòrèk epi pou ta gen vrè relasyon pèsònèl (« pèsònalizasyon »).

Mòd evolisyon sa-a parèt pi klè nan nasyon ki deja ap jwi avantaj progrè ekonomik-yo ak teknik-yo, men l-ap avanse tou kounye-a nan pèp-yo k-ap chèche fè efò progrese antan yo anvi jwenn avantaj endistrializasyon-an ak òganizasyon vil-yo (*urbanizationis*) nan pròp rejyon-yo. Pèp sa-yo, sitou lè yo ratache ak tradisyon ki la lontan-lontan, yo santi, an menm tan, yo bezwen rive nan yon egzèsis libète pèsònèl-la ki pi responsab (*maturius*).

(7. *Chanjman psikolojik, moral epi relijye*)

Chanjman mantalite-a ak strikti-yo ap mande trè souvan pou revize (*in controversiam vocat*) byen yo te deja resevwa kòm valab-yo (*bona recepta*), sa rive sitou lakay jèn-yo ki enpasyon anpil fwa, pi plis toujou gen de lè angwas fè yo an rebelyon, epi kòm yo konsyan enpòtans yo genyen nan lavi sosyal-la, yo anvi patisipe tousuit ladan-l. Se sa-k fè li fasil pou paran-yo ak edikatè-yo vin rankontre plis difikilte chak jou pou yo ranpli fonksyon yo.

Sanble prensip ki deja etabli-yo, lwa-yo, fason-d-panse ak mòd konpòtman granmoun-yo transmèt-yo pa toujou byen adapte dapre jan realite-yo ye kounye-a ; konsa vin gen boulvèsman serye nan mòd konpòtman-yo epitou nan prensip [ki regle] aksyon-yo.

Epi anfen, nouvo kondisyon sa-yo afekte lavi relijyon-an li menm. Tou-dabò yon kapasite jijman ki pi ajiste pèmèt pou li pirifye sot anba yon konsepsyon majik osijè realite tè-a ak anba sipèstisyon ki t-ap trennen

toujou [nan lespri moun-yo], epi sa egzije yon angajman nan lafwa-a ki pi responsab (*personalem*), pi aktif, jou apre jou ; sa fè anpil moun vin rive gen yon relasyon ak Bondye ki touche lavi yo pi plis. Men, yon lòt bò, chak fwa gen plis kantite foul moun k-ap abandone pratik relijyon-an. Kontrèman ak tan pase-yo, sa pa sanble yon bagay etranj ankò, epi se pa kèk grenn moun sèlman sa rive, pou yo nye Bondye oubyen relijyon-an oubyen pa okipe sa menm : jodi-a reyèlman yo prezante sa trè souvan prèske kòm yon egzijans progrè syantifik-la oubyen kòm yon fòm nouvo « umanism »-nan (*novi humanismi* = bon kalite lavi pou moun). Nan plizyè rejyon se pa sèlman nan opinyon filozòf-yo sa parèt, men tou nan literati-a an jeneral, nan art-yo, nan entèpretasyon syans osijè moun-yo ak istwa-a, sa afekte lwa sivil-yo tou, se sa-k fè lespri anpil moun trouble.

(8. *Osijè dezekilib ki gen kounye-a sou tè-a*)

Chanjman sa-a ki fèt sitèlman rapid nan realite-yo antan li avanse trè souvan an dezòd, - epi met sou sa, konsyans dezakò sa-yo ki pi vif, - sa anjandre kontradiksyon ak dezekilib oubyen ogmante yo.

Onivo moun-nan menm, gen dezekilib ki fèt trè souvan ant intèlijans pratik modèn-nan ak yon disiplin refleksyon spekulatif (*theoreticam*) ki pa rive domine tout kantite konesans li-yo, ni reyisi òdone yo nan yon sentèz valab. Menm jan-an tou, gen dezekilib ki fèt ant preokipasyon efikasite pratik-la ak egzijans konsyans moral-la, epitou anpil fwa ant kondisyon kolektif lavi-a ak sa yon refleksyon pèsonèl oubyen pi plis toujou sa kontanplasyon-an [ta bezwen]. Gen dezekilib ki fèt ant spesyalizasyon aktivite moun-yo ak yon vizyon inivèsèl sou realite-a.

Nan fanmi-an menm, gen dezakò ki fèt swa apati presyon kondisyon demografik-yo, ekonomik-yo oubyen sosyal-yo, swa apati difikilte ki grandi ant jenerasyon-yo ki suiv youn apre lòt, swa apati nouvo relasyon sosyal ki tabli ant gason ak fi.

Gen gran dezakò menm ki parèt ant ras-yo, oubyen menm ant divès kategori group sosyal-yo ; ant nasyon rich-yo, sa-k mwens rich-yo ak sa-k pòv-yo ; anfen, ant entitisyon entènasyonal-yo ki soti nan anvi pèp-yo anvi lapè, epi anbisyon pou gaye pròp ideoloji pa-yo, san nou pa bliye swaf egoyis kolektif ki egziste ni nan nasyon-yo ni nan lòt group-yo.

Se la mefians youn parapò a lòt soti ak relasyon ènmi, konfli epi tribilasyon : an menm tan moun-nan se kòz yo, li se viktim yo tou.

(9. *Osijè sa ras moun-nan pi anvi jwenn sou yon plan jeneral*)

Antretan konviksyon ap grandi ki fè wè ras moun-nan pa kapab ni pa dwe rete sèlman ap ranfòse dominasyon-li sou realite kreye-yo chak jou

pi plis, men tou li dwe tabli òganizasyon lavi politik-la, sosyal-la epi ekonomik-la yon fason pou jou apre jou [sa] sèvi moun-nan pi byen, epi ede chak moun konsolide konsyans (*affirmandam*) pròp dignite-l epi devlope-l.

Se sa-k fè anpil moun ap egzije byen sa-yo yon fason ki enèjik tout bon antan yo pran konsyans pi klè se enjistis oubyen yon distribisyon ki pa respekte egalite [moun-yo] ki fè yo pèdi yo. Nasyon-yo ki sou rout progrè ni sa-yo ki fèk gen endepandans yo, yo vle patisipe nan byen sivilizasyon-an non sèlman nan domèn politik-la men tou ekonomik-la epi jwe patisyon pa-yo sou tè-a, alòske chak jou distans-la ap ogmante trè souvan ansanm ak depandans ekonomik tou parapò a lòt nasyon pi rich-yo k-ap progrese pi vit. Pèp k-ap sibi grangou-yo ap rele bò kot pèp ki nan abondans-yo. Kote yo po ko genyen-l, medam-yo ap reklame pou tèt pa-yo egalite jiridik epi efektif ak mesye-yo (*de iure et de facto*). Ouvriye-yo ak peyizan-yo vle non sèlman pou yo rive kapab achte manje pou yo viv, men tou pou nan travay-la yo devlope kapasite pèsonèl-yo, oubyen plis toujou, patisipe nan òganizasyon lavi ekonomik-la, sosyal-la, politik-la ak kiltirèl-la. Kounye-a, pou premye fwa nan istwa moun-nan, tout pèp-yo deja gen konviksyon li posib pou fè avantaj kiltirèl-yo rive jwenn tout moun, epi reyèlman yo dwe fè sa.

Anba tout egzijans sa-yo gen yon anvi ki pi profon, pi inivèsèl, ki kache : sètadi, moun-yo ak group-yo swaf yon lavi an plen epi an libète, yon lavi ki dign pou moun-nan, ki va mete tout sa tè-a kapab ofri yo jodi-a an abondans nan pròp sèvis yo. An plis, nasyon-yo ap eseye pou yo ta rive tabli yon fòm kominote inivèsèl chak jou ak plis fòs.

Kòm se konsa bagay-yo ye, tè-a, jodi-a, sanble parèt li puisan epi li fèb an menm tan, li kapab realize sa ki pi bon ak sa ki pi mal, antan chemen-an ouvri devan-l pou-l mennen tèt-li nan libète oubyen nan esklavaj, nan progrese oubyen nan regrese, nan fratènite oubyen nan rayisans. An plis, moun-nan konsyan se responsabilite-l pou li dirije fòs sa-yo kòrèkteman, sa li menm li te deplwaye-yo epi ki kapab kraze-l oubyen sèvi-l. Se pou sa l-ap poze pròp tèt li kesyon.

(10. *Osiyè kesyon ki pi profon ras moun-nan ap poze tèt-li*)

Tout bon vre, dezekilib sa-yo k-ap toumante tè-a kounye-a yo gen koneksyon ak lòt dezekilib pi fondamantal sa-a ki pran rasin nan kè moun-nan. Anndan moun-nan menm gen plizyè eleman k-ap goumen youn ak lòt. Pandan reyèlman yon bò, poutèt li se kreati, li byen konnen li limite sou anpil pwèn, yon lòt bò menm, sa li anvi-yo pa gen limit epi li santi yon lavi ki pi ro ap rele-l. Antan anpil bagay ap atire-l, san rete li oblije chwazi ant yo epi renonse kèk ladan-yo. Plis toujou, li fèb, li

pechè, souvan sa li pa ta vle-a li fè-l epi sa li ta vle fè-a li pa fè-l ¹. Se poutèt sa li soufri divizyon anndan-l, se apati sa tou anpil gran dezakò vin fèt nan sosyete-a. Se vre, gen anpil moun lavi yo benyen nèt nan yon materyalism pratik, se konsa yo pa kapab rann yo kont klèman jan sitiasyon sa-a trajik ; oubyen anba mizè k-ap kraze yo, sa anpeche yo pou yo ta menm kapab konsidere [sitiasyon-an] yon ti kras. Anpil moun panse yo jwenn trankilite nan divès entèpretasyon yo ba yo sou realite-a. Genyen menm k-ap tann pou vrè liberasyon an plen pou ras moun-nan soti sèlman nan efò moun-nan, antan yo gen konviksyon alavni va gen yon wayòm moun-nan sou tè-a ki va konble tout sa kè li swete. Pa manke tou sa ki dezespere osijè sans lavi-a, k-ap fè lwanj odas sa-yo ki chèche apuiye tout signifikasyon egzistans moun-nan nan pròp enspirasyon-yo sèlman paske yo panse li pa gen okenn signifikasyon pou tèt pa-l. Poutan devan evolisyon tè-a kounye-a, chak jou gen plis moun k-ap poze kesyon ki pi fondamantal-yo tout bon vre oubyen ki santi yo ak yon fòs tou nèf : Kisa moun-nan ye ? Ki sans doulè-yo, mal-la ak lanmò-a ki toujou rete la, malgre tout kantite progrè ki fèt ? Sa viktwa yo ranpòte-a sèvi si li koute chè konsa ? Ki sa moun-nan ka pote bay sosyete-a, ki sa li kapab espere jwenn ladan-l ? Ki sa k-ap vini apre lavi sa-a sou tè-a ?

Men Egliz-la kwè Kris la ki mouri epi resisite ² pou tout moun-yo, pote limyè ak fòs bay moun-nan gras a Espri li-a pou [moun-nan] kapab koresponn a pi gran vokasyon-li ; [li kwè tou] pa gen lòt non anba syèl-la yo bay moun-yo pou yo kapab sove nan li ³. Menm jan-an tou li kwè li jwenn kle, pwen santral ak aboutisman tout istwa moun-nan nan Granmèt (*Domino*) ak Mèt (*Magistro*) li-a. An plis Egliz-la deklare nan tout chanjman sa-yo, gen anpil bagay ki rete ki pa chanje : sa-yo ki gen dènye fondman-yo nan Kris-la, ki yè, epi jodi-a, menm-nan epi pou tout syèk ⁴. Donk, se anba limyè Kris-la, Pòtre Bondye yo pa kapab wè-a, Premye pitit nan tout kreyati ⁵, Konsil-la vle pale ak tout moun pou li ka klere mistè sa moun-nan ye-a epi koòpere nan jwenn solisyon pou prensipal kesyon tan [n-ap viv] kounye-a.

¹ Cf. Romen 7,14 ss.

² Cf. 2 Korentyen 5,15.

³ Cf. Travay Apot yo 4,12.

⁴ Cf. Ebre 13,8.

⁵ Cf. Kolosyen 1,15.

Premye pati

OSIJÈ EGLIZ-LA AK VOKASYON MOUN-NAN

(11. *Pou koresponn ak direksyon mouvman Espri-a*)

Antan lafwa-a fê-l avanse, ki fê li kwè Espri Granmèt-la ki ranpli tout fas tè-a ap kondui-l, Pèp Bondye-a ap fê efò pou li disène sa ki vrè sign prezans Bondye ak volonte-l nan evènman-yo, nan egzijans-yo ak demann-yo kote l-ap patisipe ansanm ak rès moun-yo nan epòk n-ap viv-la. Reyèlman, lafwa-a klere tout bagay ak yon nouvo limyè epi li manifeste projè Bondye-a osijè vokasyon entegral moun-nan, se pou sa li kondui lespri-a nan direksyon solisyon ki pi [koresponn a sa] moun-nan [ye-a] (*plene humanas*).

Toudabò, Konsil-la vle jije anba limyè sa-a epi reoryante nan direksyon sous-la ki se Bondye, byen sa-yo ki gen valè yo estime pi plis jodi-a. Byen ki gen valè sa-yo, poutèt yo soti nan kapasite entelijans moun-nan (*hominis ingenio*), ki se yon kado Bondye, yo vrèman bon ; men poutèt koripsyon kè moun-nan, trè souvan yo detounen yo sot nan oryantasyon yo ta dwe pran-an, epi konsa yo bezwen pirifikasyon.

Kisa Egliz-la panse osijè moun-nan ? Ki sa li wè pou li ta rekòmande pou konstwi sosyete jodi-a ? Ki sa ki dènye signifikasyon aktivite moun-nan sou tout tè-a (*in universo mundo*) ? Kesyon sa-yo mande repons. Konsa sa va parèt pi klè kijan pèp Bondye-a ak ras moun-nan li fè pati ladan-l nan, kapab rann youn lòt sèvis, yon fason pou misyon Egliz-la ka parèt kòm [yon misyon] relijye epi poutèt sa kòm [yon misyon ki] vrèman an favè moun-nan nan pi ro degre.

Chapit 1

Osijè dignite moun-nan

(12. *Osijè moun-nan ki fèt dapre pòtre Bondye-a*)

Dapre moun ki kwè-yo, epi sa ki pa kwè-yo panse menm jan-an, tout sa ki sou tè-a òdone an fonksyon moun-nan ki parèt tankou sant epi pi ro degre lavi [sou tè-a].

Men, kisa moun-nan ye ? Gen anpil opinyon li te propoze epi l-ap propoze osijè pròp tèt-li, yo diferan epi pafwa yo kontradiktwa. Dapre [opinyon sa-yo], anpil fwa, oubyen li leve pròp tèt-li kòm règ san restriksyon (*absolutam regulam*) oubyen li rabese tèt-li jous nan dezespwa, se sa-k fè li ensèten epi li angwase. Egliz-la byen santi difikilte sa-yo epi li kapab ba yo repons antan li resevwa ansèyman apati revelasyon Bondye-a kote vrè kondisyon moun-nan trase, feblès-yo jwenn esplikasyon, epi an menm tan yo kapab rekonèt dignite-l ak vokasyon-l yon fason kòrèk (*recte*).

Liv sakre-yo fè konnen moun-nan te kreye « dapre pòtre Bondye », li kapab konnen epi renmen Kreatè li-a ki mete-l tankou yon mèt anro tout kreati-yo sou tè-a¹, pou-l kapab gouvènè-yo epitou sèvi ak yo antan li bay Bondye glwa². « Ki sa moun-nan ye pou sonje-l ? oubyen pitit moun-nan pou ap vizite-l ? Apèn si-ou te fè-l pi piti pase anj-yo, ou kourone-l ak glwa ak onè, epi ou tabli-l anro travay men-ou yo. Ou soumèt tout bagay anba pye-li » (Psòm 8,5-7).

Men Bondye pa-t kreye moun-nan pou-l solitè : anefè depi nan kòmansman-an « gason ak fi li kreye yo » (Jenèz 1,27), se apati relasyon yo li fè premye fòm kominyon ant moun-yo. Donk moun-nan egziste antan li « sosyal » dapre sa li ye nan fen-fon anndan-li, epi san relasyon ak lòt-yo li pa kapab ni viv ni devlope kapasite li-yo.

Donk jan nou li ankò nan Liv sakre-a, Bondye wè « tout sa li te fè epi yo te bon tout bon » (Jenèz 1,31).

(13. *Osiyè peche-a*)

Bondye te tabli moun-nan nan jistis, men antan Malen-an konvenk li, depi nan kòmansman istwa-a li sèvi mal ak libète-li, li leve tèt-li kont Bondye epi li eseye jwenn aboutisman-l (*finem suum*) andeyò Bondye. Antan yo te konnen Bondye, yo pa-t ba-l glwa kòm Bondye, men kè yo san sajès te vin nan fènwa epi yo te pito sèvi kreati-a angiz Kreatè-a³. Sa Revelasyon Bondye-a devwale nou-an li dakò ak eksperyans-la tou. Lè moun-nan gade anndan kè-li, li dekouvri jan li gen enklasyon pou mal-la epi jan li plonje nan anpil kantite mal ki pa kapab vin soti nan Kreatè li-a ki bon-an. Anpil fwa li refize rekonèt Bondye kòm prensip-li epi [li refize] oryantasyon-l nan direksyon dènnye aboutisman ki koresponn li-an, an menm tan li defèt amoni tout sa-l ye-a swa parapò a pròp tèt pa-l, swa parapò a lòt moun-yo ak tout realite kreye-yo.

Konsa moun-nan divize andan-l menm. Se sa-k fè tout lavi moun-yo, swa pou kont-yo swa ansanm, vin parèt anpil fwa tankou yon batay ki trajik ant byen-an ak mal-la, ant limyè-a ak tenèb-yo. Plis toujou, moun-nan trouve li pa kapab goumen yon jan ki efikas kont atak mal-la, yon jan ki fè chak moun santi se kòm si li mare nan chenn. Men Granmèt-la li menm vini pou-l libere moun-nan epi pou-l ankouraje-l antan li renouvle-l enteryèman epi li jete prens tè sa-a deyò (cf. Jan 12,31), li menm ki te kenbe [moun-nan] nan esklavaj peche-a⁴. Reyèlman peche-a diminye moun-nan menm, li fè-l rekile pou-l pa rive jwenn plenitud lavi-a.

¹ Cf. Jenèz 1,26; Sajès 2,23.

² Cf. Eklezyas 17,3-10.

³ Cf. Romen 1,21-25.

⁴ Cf. Jan 8,34.

Nan limyè Revelasyon sa-a, an menm tan li byen rekonèt rotè vokasyon-l ak profondè mizè-l, li jwenn dènye rezondèt-li tou.

(14. *Osiyè konstitisyon moun-nan*)

Antan li se yon kò ak yon nanm ki fè youn, moun-nan akeyi nan li eleman materyèl ki sot nan tè-a poutèt kondisyon kòporèl-li, yon fason ki fè [eleman sa-yo] rive jwenn pwen ki pi ro epi yo kapab leve vwa-yo an libète pou fè lwanj Kreatè-a ⁵. Donk moun-nan pa gen dwa meprize lavi kòporèl-la, men okontrè, fòk li konsidere pròp kò-li kòm bagay ki bon epi ki merite onè-respè poutèt se Bondye ki kreye li epi k-ap resisite-l nan dènye jou-a. Poutan akòz peche-a ki blese-l, li eksperimante rebyon kò-a. Donk se dignite moun-nan menm ki mande pou li bay Bondye glwa nan kò-li ⁶, epi pou li pa kite move panchan kè-li fè-l tounen esklav.

Reyèlman, moun-nan pa tronpe-l lè li rekonèt li siperyè parapò a realite kòporèl-yo epi li pa konsidere tèt-li sèlman tankou yon pati nan bagay natirèl-yo oubyen yon eleman anonim nan sosyete moun-nan. Reyèlman, sa li ye nan fen-fon anndan li depase tout realite-yo nèt : se nan profondè enteryorite sa-a li tounen lè li retounen sou kè-li kote Bondye ap tann li, li menm ki egzamine kè-yo ⁷, epi kote li deside osiyè pròp avni-li anba je Bondye. Se sa-k fè, lè li rekonèt li gen nan li menm yon nanm spirityèl epi ki imòtèl, se pa yon ilizyon imajinasyon ki tronpe-l, ki ta soti nan realite fizik-yo sèlman ak kondisyon sosyal-yo, men, okontrè, se profondè verite realite-a menm li rive touche.

(15. *Osiyè dignite entèlijans-la, verite-a ak sajès-la*)

Moun-nan jije kòrèk [lè li konsidere] li depase tout realite-yo poutèt entèlijans li-a ki patisipe nan limyè espri Bondye-a. Antan li travay serye pou egzèse kapasite entèlijans-li syèk apre syèk, li fè anpil progrè vre nan syans anpirik-yo, disiplin teknik-yo ak [profesyon] liberal-yo. Nan tan n-ap viv kounye-a li reyisi gen gro viktwa nan dekouvri epi domine realite materyèl-la sitou. Men li toujou ap chèche epi jwenn yon verite ki pi fon. Reyèlman entèlijans-la pa limite pou fenomèn-yo sèlman, men li kapab vin rive nan realite entèlijib-la ak vrè asirans, menmsi, kòm konsekans peche-a, li febli epi li nan fènwa an pati.

Nati entèlektyèl moun-nan menm dwe jwenn pèfeksyon epi li vin apwen gras a sajès-la ki atire espri moun-nan ak dousè pou li chèche epi renmen vrè byen-yo, epi lè li ranpli moun-nan li kondui-l nan sa ki envizib-yo atravè sa ki vizib-yo.

⁵ Cf. Danièl 3,57-90.

⁶ Cf. 1 Korentyen 6,13-20.

⁷ Cf. 1 Roua 16,7; Jeremi 17,10.

Tan n-ap viv kounye-a, plis pase syèk ki pase-yo, bezwen mòd sajès sa-a pou fè nenpòt nouvo realite moun-nan ap dekouvri vin pi koresponn a sa moun-nan ye-a (*humaniora*). Reyèlman, avni anpil nasyon an danje si pa gen moun ki pi saj ki leve. An plis fò nou remake gen plizyè nasyon ki pi pòv nan byen ekonomik-yo, men ki pi rich nan sajès-la, ki kapab ede lòt-yo yon jan ekstraòdinè.

Gras a kado Espri Sen-an, moun-nan rive kontanple epi goute mistè projè Bondye-a nan lafwa-a ⁸.

(16. *Osijè dignite konsyans moral-la*)

Nan fon konsyans-la, moun-nan dekouvri yon lwa li pa bay tèt-li pou kont-li men li oblije obeyi-l, vwa [lwa sa-a] toujou envite-l renmen sa ki byen epi fè-l, epi evite mal ; nan moman ki nesèsè-a li sonnen nan zòrèy kè-li : « Fè sa-a, evite sa-a ». Reyèlman se Bondye ki enskri lwa sa-a nan kè moun-nan, obeyi-l se dignite moun-nan, epi se dapre li yo va jije-l ⁹. Konsyans-la se nwayo ki pi sekrè nan profundè moun-nan, se sanktyè kote li pou kont li ak Bondye k-ap fè vwa-l sonnen nan fen-fon anndan-l ¹⁰. Konsyans-la vin okouran lwa sa-a yon fason admirab epi sa vin abouti nan renmen pou Bondye ak pou prochen-an ¹¹. Pou yo ka fidèl a konsyans yo, kretyen-yo mete ansanm ak rès moun-yo pou chèche verite-a epi jwenn solisyon nan verite-a pou kantite problèm moral k-ap parèt swa nan lavi chak moun swa nan lavi sosyal-la. Plis konsyans dwat-la pran devan, se plis chak moun ak group moun ap sispann pran desizyon san yo pa wè [kote yo prale], pou yo eseye konfòme yo ak nòm moral objektif-yo. Men anpil fwa sa rive pou konsyans-la tronpe-l poutèt li pa gen mwayen konnen sa-l ta dwe konnen-an (*ignorantia invincibili*), men sa pa vle di pou otan li ta pèdi dignite-l. Yo pa kapab di sa nan ka kote moun-nan pa fè okenn efò pou chèche sa ki byen ak sa ki dwat epi konsyans-la vin avegle ofiamezi poutèt abitud peche-a.

(17. *Osijè siperyorite libète-a*)

Men moun-nan pa kapab vire nan direksyon byen-an si li pa lib, libète sa-a moun-yo bay tèlman enpòtans nan tan n-ap viv-la epi y-ap chèche jwenn li ak tout elan-yo : epi yo gen rezon [fè sa] vre. Poutan, souvan y-ap favorize-l yon move fason, kòm si [libète-a] se ta dwa pou fè nenpòt sa ki fè [moun-nan] plezi, menm si se mal. Men vrè libète-a se sign ekstraò-

⁸ Cf. Eklezyastik 17,7-8.

⁹ Cf. Romen 2,14-16.

¹⁰ Cf. Pi XII, mesaj radyo *Osijè fòmasyon kòrèk konsyans kretyen-an nan jèn-yo*, 23 mas 1952: AAS 44 (1952), p. 271.

¹¹ Cf. Matye 22,37-40; Galat 5,14.

dinè pòtre Bondye-a nan moun-nan. Reyèlman, Bondye te vle kite moun-nan nan men pròp desizyon-l ¹², pou-l kapab chèche Kreatè-l la ak pròp mouvman volonte-l epi pou-l ka rive nan pèfeksyon kontantman an plen-an (*beatam perfectionem*) antan li chwazi rete-kole sou [Kreatè-a] ak pròp libète-l. Donk dignite moun-nan mande pou li aji dapre chwa konsyan epi lib, sètadi pèsònèlman apati yon mouvman ki sot sou anndan ak pròp desizyon-l pran, pou se pa anba yon pouse enteryè avèg oubyen yon senp kontrent eksteryè [li aji]. Men moun-nan rive jwenn kalite dignite sa-a lè li libere tèt-li sot anba tout esklavaj pasyon-yo pou-l chèche jwenn aboutisman-l nan byen-an gras a yon chwa ki lib, epi li rive bay tèt-li mwayen ki konfòm gras a efikasite-l epi abilte travay-li. Libète moun-nan ki blese poutèt peche-a pap rive oryante-l an plen epi efektivman nan direksyon Bondye, si gras Bondye pa ede-l. Poutan chak moun gen pou-l rann kont osijè lavi-l devan tribinal Bondye-a, dapre byen oubyen mal li te fè ¹³.

(18. *Osiyè mistè lanmò-a*)

Devan lanmò-a problèm kondisyon moun-nan parèt pi plis. Non sèlman douèl ansanm ak progresyon feblès kò-a ap fè moun-nan soufri, pi plis toujou [l-ap soufri] poutèt li pè pou lavi-l pa etenn nèt ale. Ensten kè-li reaji kòrèkteman lè li rejte epi li refize pèspektiv yon destriksyon total sa li ye kòm moun-nan (*personae suae*) epi [yon destriksyon ki ta] definitiv. Semans etènite-a l-ap pote nan li menm-nan leve kanpe kont lanmò-a, poutèt li pa kapab redwi a matyè-a sèlman. Tout kantite efò teknik syantifik-yo, menm si yo itil anpil, yo pa kapab kalme angwas moun-nan : reyèlman, prolonjman lavi biolojik-la pa kapab satisfè anvi yon lòt kalite lavi li gen anndan kè-li ki pa janm ka elimine.

Pandan tout imajinasyon defayi devan lanmò-a, Egliz-la li menm ki enstwi ak Revelasyon Bondye-a ap deklare Bondye te kreye moun-nan pou yon aboutisman kontantman lavi an plen (*ad beatam finem*), pi lwen pase limit mizè tè-a. Lanmò kò-a menm, moun-nan pa t-ap soumèt anba li si li pa-t fè peche ¹⁴, lafwa kretyen-an ansegne yo gen pou yo ranpòte viktwa sou li lè mizerikòd ak tout puisans Sovè-a va remete moun-nan nan sove-a li te pèdi-a poutèt fot-li. Reyèlman, Bondye te rele epi li kontinye rele moun-nan pou li patisipe ak li ak tout sa li ye nan kominyon lavi Bondye-a ki pap defèt-la epi ki la pou tout tan san rete-a. Viktwa sa-a Kris la genyen-l antan li resisite pou lavi-a ¹⁵ epi li libere moun-nan anba lanmò gras a lanmò-l la. Donk lafwa-a prezante agiman

¹² Cf. Eklezyas 15,14.

¹³ Cf. 2 Korentyen 5,10.

¹⁴ Cf. Sajès 1,13; 2,23-24; Romen 5,21; 6,23; Jak 1,15.

¹⁵ Cf. 1 Korentyen 15,56-57.

ki solid bay tout moun k-ap reflechi epi li ofri-l yon repons pou angwas-li osijè avni-an ; an menm tan, li ba nou posibilite pou nou rete an kominyon nan Kris-la ak frè nou renmen-yo ki deja mouri, antan li ba nou espwa yo deja jwenn vrè lavi-a kot Bondye.

(19. *Osiyè fòm ak rasin ateism-yo*)

Se nan vokasyon moun-nan pou li kominye ak Bondye-a pi gran rezon dignite li-a rete. Deja depi nan kòmansman egzistans-li moun-nan resevwa envitasyon pou li dialoge ak Bondye : anefè, li pa ta egziste si Bondye pa-t kreye-l poutèt li renmen-l, epi se toujou renmen-an ki konsève-l [nan egzistans-la] ; ni non plis li pa viv an plen vrèman si li pa rekonèt renmen sa-a libreman epi renmèt tèt-li bay Kreatè li-a. Anpil nan moun k-ap viv kounye-a pa wè realite inyon entim, [inyon] vital sa-a ak Bondye, oubyen yo rejte-l kareman. Se sa-k fè ateism-nan se youn nan realite sa-yo ki pi grav nan tan kounye-a epi li mande pou yo egzamine-l ak anpil atansyon.

Mo « ateism »-nan sèvi pou endike kèk fenomèn ki byen diferan youn ak lòt. Alòske gen kèk ki nye egzistans Bondye kareman, gen lòt ki panse moun pa ka deklare anyen osijè-li ; lòt menm egzamine kesyon Bondye-a ak yon kalite metòd ki ta fè wè [kesyon-an] pa gen sans. Gen anpil moun ki depase limit syans pozitif-yo yon jan yo pa ta sipoze fè-l oubyen ki pretann se sèlman ak rezòndan syantifik yo kapab eksplike tout bagay, oubyen okontrè yo deja pa admèt egzistans okenn verite « absolu » (*veritatem absolutam*). Gen kèk ki tèlman leve moun-nan ro, yo fè lafwa nan Bondye-a vin san fòs (*quasi enervis*), antan yo ta sanble plis panche pou afirme moun-nan pase pou ta nye Bondye. Gen lòt ki imajine Bondye yon fason ki fè imaj sa-a yo rejte-a pa gen anyen pou-l wè ak Bondye E-vanjil-yo. Gen lòt ki pa menm abòde kesyon osijè Bondye-a, yo sanble pa eksperimante okenn enkyetid relijye epi yo pa wè poukisa menm pou yo ta okipe yo de relijyon. An plis, souvan sa rive tou pou ateism-nan soti swa nan yon protestasyon vyolan kont mal-la sou tè-a, swa apati yon valè san restriksyon (*absoluti*) yo bay kèk nan byen lavi moun-nan yon fason ki pa korèk joutan yo ta mete byen sa-a nan plas Bondye. Sivilizasyon kounye-a menm, kapab fè li pi difisil pou rive proche kot Bondye, pa poutèt pròp nati [sivilizasyon sa-a], men poutèt li trò makònen ak realite terès-yo.

Sètènman sa-yo k-ap chèche volontèman pou yo detounen kè-yo de Bondye epi k-ap eseye evite kesyon relijyon-an, yo pa suiv lòd konsyans-yo, men sa pa vle di yo san fot ; men sa ki kwè-yo tou, anpil fwa yo pote kichòy nan responsabilite sa-a. Reyèlman, lè yo byen konsidere ateism-nan, li pa orijin pròp tèt-li, men li soti pito nan divès koz, youn ladan yo tou se reaksyon kritik kont relijyon-yo epi nan anpil rejyon, kont relijyon kretyen-an an premye. Se poutèt sa nan nesans ateism sa-a kwayan-yo kapab genyen yon responsabilite ki pa piti, si yo neglije edikasyon lafwa-

a, oubyen si yo ekspoze doktrin-nan yon jan ki fo, oubyen tou poutèt defo lavi relijye, moral ak sosyal yo, yo ta kapab di yo plis vwale vrè vizaj Bondye ak relijyon-an pase revele-l.

(20. *Osiyè ateism sistematik-la*)

Anpil fwa, ateism modèn-nan pran yon fòm sistematik tou. Youn nan pami kòz yo sèke li pouse swaf otonomi moun-nan jouskaske li mete objeksyon pou konbat kèlkeswa depandans-la parapò a Bondye. Pou moun ki anbrase ateism sa-a, men nan kisa y-ap goumen pou libète-a ye : se pou moun-nan ta tounen pròp aboutisman tèt-li, sèl atizan ak kreatè (*solus artifex et demiurgus*) pròp istwa-li ; yo pretann sa pa ka mache ak rekonesans yon Granmèt ki ta kòz (*auctoris*) epi aboutisman tout realite-yo, ou dimwens sa rann afirmasyon sa-a inital nèt. Kounye-a, progrè teknik-la bay moun-nan yon santiman puisans ki kapab favorize doktrin sa-a.

Pami fòm ateism ki gen kounye-a, yo pa dwe mete akote fòm sa-a k-ap tann liberasyon moun-nan avantou apati liberasyon ekonomik epi sosyal-li. [Yo pretann] nati relijyon-an menm ta konbat liberasyon sa-a poutèt [relijyon-an] ta fonde esperans moun-nan nan yon fo-lavi ki gen pou vini, epi li ta detounen [moun-nan] parapò a konstriksyon sosyete sou tè-a. Moun ki patizan doktrin sa-a, lè yo rive nan gouvènman pouvwa piblik-la, yo atake relijyon-an avèk vyolans, yo chèche gaye ateism-nan sitou nan edikasyon jèn-yo, menm ak mwayen presyon pouvwa piblik-la kapab dispoze.

(21. *Osiyè konpòtman Egliz-la alega ateism-nan*)

Egliz-la, antan li devwe fidèlman ni pou Bondye ni pou moun-nan, se nan doulè, men ak tout fèmte, li pa kapab sispann konbat jan-l te konn konbat depi lontan ¹⁶ kont nuizans doktrin sa-yo ak aksyon sa-yo ki kontrè rezon-an ak eksperyans tout moun sou tè-a epi k-ap fè moun-nan tonbe sot nan rotè ekselans kondisyon natirèl-li.

Men, [Egliz-la] ap eseye dekouvri koz ki mennen negasyon Bondye-a nan espri ate-yo epi li vle egzamine yo seryezman an profondè poutèt li konsyan ateism-nan sòlve kesyon ki grav epi poutèt sa k-ap kondui-l se renmen alega tout moun-yo.

Egliz-la deklare konesans Bondye-a pa kontrè nan anyen ak dignite moun-nan, paske mòd dignite sa-a menm se nan Bondye li fonde epi li pèfeksyone : reyèlman se Bondye ki kreye moun-nan entèlijan epi lib, epi ki tabli-l nan sosyete-a ; men toudabò, kòm pitit, li rele-l pou-l patisipe nan komi-

¹⁶ Cf. Pi XI, Ansiklik *Divini Redemptoris*, 10 mas 1937: AAS 29 (1937), pp. 65-106. - Pi XII, Ansiklik *Ad Apostolorum Principis*, 29 jwen 1958: AAS 50 (1958), pp. 601-614. - Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra*, 15 me 1961: AAS 53 (1961), pp. 451-453. - Pòl VI, Ansiklik *Ecclesiam suam*, 6 out 1954: AAS 56 (1964), pp. 651-653.

nyon lavi Bondye-a epi nan pròp kontantman pa-l la (*felicitatem*). An plis, l-ap ansegne valè fonksyon ak realite terès-yo pa diminye poutèt esperans « eskatolijik »-la (ki ale pi lwen finisman tè-a), men li soutni akonplisman yo pi plis antan li ajoute nouvo motif pou sa. Okontrè, lè fondman Bondye-a ak esperans lavi etènèl-la vin manke, dignite moun-nan vin byen domaje jan yo kapab konstata anpil fwa jodi-a, epi problèm lavi-a ak lanmò-a, fot-la (*culpa*) ak doulè-a rete san solisyon, epi se konsa anpil fwa moun-yo tonbe nan dezespwa.

Pandan tan sa-a moun-nan toujou yon kesyon san solisyon pou tèt pa-l, yon kesyon li santi ki kache anba-anba. Reyèlman, nan kèk moman sitou nan gran evènman lavi-a, pa gen pèsonn moun ki kapab fwi kesyon sa-a nou sot pale-a nèt. Se Bondye sèl ki bay kesyon sa-a yon repons ki total epi ki asire, li menm ki rele moun-nan pou li reflechi pi afon epi pou li chèche ak plis imilite.

Remèd pou yo pote kont ateism-nan, yo dwe jwenn li nan ekspoze doktrin-nan kòrèkteman epi tou apati lavi kòrèk Egliz-la ak manb li-yo. Reyèlman, Egliz-la dwe rann Bondye Papa-a prezan epi prèske vizib, ni Pitit li-a ki tounen moun-nan, antan l-ap renouvle epi pirifye tèt-li san rete nan Espri Sen-an ap kondui-l ¹⁷. Pou sa rive fèt se toudabò gras a temwagnaj yon lafwa ki vivan epi responsab (*maturae*), sètadi ki edike pou li kapab konsidere difikilte-yo ak tèt klè epi depase-yo. Ekla temwagnaj lafwa sa-a, anpil mati te bay li epi kontinye ap bay li. Fekondite lafwa sa-a dwe manifeste nan viv kwayan-yo viv yon fason onèt (*credentium integram vitam*) menm nan sikonstans profàn-yo, antan yo fè jistis ak renmen antre ladan yo, epi antan yo mobilize yo sitou an favè pòv-yo. Anfen, se renmen fidèl-yo gen youn pou lòt tankou frè ki va bay pi gro prèv prezans Bondye, lè yo kolabore ansanm ak yon sèl kè yon sèl espri pou lafwa Evanjil-la ¹⁸, epi yo prezante yo kòm yon sign inite.

Reyèlman, menm si Egliz-la rejte ateism-nan nèt, li kwè sensèman tou tout moun, kit yo kwayan, kit yo pa kwè, y-ap viv ansanm sou tè sa-a epi yo dwe travay ansanm pou yo bati-l yon fason kòrèk : sa pa kapab fèt sètènman san yon dyalòg sensè ki fèt ak prudans. Donk l-ap plenyen poutèt diskriminasyon gouvènman kèk peyi ap fè ant kwayan ak sa ki pa kwè antan yo pa rekonèt dwa fondamantal moun-nan genyen, bagay k-ap mennen nan enjistis. Pou kwayan-yo menm, Egliz-la ap mande yon libète efektif (*actuosa libertatem*) yon fason pou pèmèt yo konstwi tanp Bondye-a sou tè sa-a menm. L-ap envite ate-yo ak bon jan (*humaniter*) pou yo konsidere Evanjil Kris-la ak yon kè ouvè.

¹⁷ Cf. Konsil Vatikan 2, Konstitisyon dōgmatic *De Ecclesia*, no. 8.

¹⁸ Cf. Filipyen 1,27.

Odepa, reyèlman, Egliz-la konnen mesaj li-a koresponn ak anvè ki pi sekre nan fon kè moun-nan lè l-ap defann dignite vokasyon moun-nan, epi, sa-yo ki deja dezespere osijè grandè avni-an, li ba yo espwa ankò. Non sèlman mesaj li-a pa diminye moun-nan, men li pote limyè, lavi ak libète pou progrè-li ; epi andeyò sa pa gen anyen ki kapab satisfè kè moun-nan : « Ou te fè nou pou ou », Granmèt, « epi kè nou san repo, joutan li repoze nan ou ¹⁹ ».

(22. *Osijè Kris-la, Nouvo Moun-nan*)

An realite se sèlman nan mistè Paròl ki tounen chè-a mistè sa moun-nan ye-a vin parèt aklè tout bon. Reyèlman, Adan, premye moun-nan, sete imaj sa-k t-ap vini-an ²⁰, sètadi Kris-la, Granmèt-la. Kris-la, dènye Adan-an, nan revelasyon mistè Papa-a ak renmen li-an, li manifeste sa moun-nan ye-a an plen bay moun-nan epi li montre klè kalite rotè vokasyon li genyen-an. Donk sa pa etonan pou verite nou sot di-yo se nan li yo jwenn sous yo epi yo rive nan pi ro degre yo.

Li menm ki se « pòtre Bondye yo pa kapab wè-a » (Kolosyen 1,15) ²¹, li menm menm li se moun parfè-a, li menm ki rebay pitit Adan-yo resanblans Bondye-a ki te defòm nan yo poutèt premye peche-a. Kòm nati moun li te pran nan li-a pa-t aneanti ²², sa fè nan nou menm tou li vin leve anlè ak youn dignite ki depase limit. Reyèlman, li menm, Pitit Bondye-a, li vin fè youn ak tout moun, nan youn sans, poutèt li te tounen chè-a. Ak men moun li te travay, ak espri moun li te reflechi, ak volonte moun li te aji ²³, ak kè moun li te renmen. Li fèt sot nan Mari ki Vyèj, se youn nan nou tout bon li vin ye, sanble ak nou nan tout bagay sof peche-a ²⁴.

¹⁹ Sent Ogusten, *Konfesyon*, I, 1: PL 32, 661.

²⁰ Cf. Romen 5,14.- Cf. Tèrtulyen, *De carnis resurrectione*, 6 : « Reyèlman, tout sa limon-an [yo te fòm Adan ak li-a] te vle di-a, li t-ap anonse moun ki te gen pou vini-an, Kris-la » : PL 2,802 (848) ; CSEL, 47, p. 33, 1. 12-13.

²¹ Cf. 2 Korentyen 4,4.

²² Cf. Konsil Konstantinòp 2, kanon 7: « Neque Deo Verbo in carnis naturam transmutatio, neque carne in Verbi naturam transducta » [« San Paròl-la pa vin transfòm nan nati chè-a, ni chè-a pa pase nan nati Paròl-la »] : Denzinger 219 (428). Cf. Konsil Konstantinòp 3 tou : « Quemadmodum enim sanctissima atque immaculata animata eius caro deificata non est perempta (theòtheisa ouk anèrèthè), sed in proprio sui statu et ratione permansit » [« Paskè menm jan chè li-a ki sen nèt, imakile epi anime, pa-t siprime nan divinizasyon-an, men li te rete nan pròp eta-li ak kondisyon-li »] : Denzinger 291 (556).- Cf. Konsil Kalsedwàn : « in duabus naturis inconfuse, immutabiliter, indivise, inseparabiliter agnoscendum » [« nou dwe rekonèt nan de nati, san konfizyon, san chanjman, san divizyon, san separasyon »] : Denzinger 148 (302).

²³ Cf. Konsil Konstantinòp 3: « ita et humana eius voluntas deificata non est perempta » [« menm jan-an tou volonte moun li-an ki divinize-a pa-t elimine »] : Denzinger 291 (556).

²⁴ Cf. Ebre 4,15.

Mouton inosan, gras a san li ki koule volontèman (*libere effuso*), li te merite lavi-a pou nou, nan li menm tou Bondye rekonsilye nou ak li menm epi youn ak lòt antre nou ²⁵, epi li rache nou soti nan esklavaj dyab-la ak peche-a, pou nou chak kapab di ansanm ak Apot-la : Pitit Bondye-a « te renmen mwen epi li te renmèt pròp tèt-li pou mwen » (Galat 2,20). Antan li te soufri pou nou, se pa sèlman yon egzanp li ba nou pou nou kapab suiv tras li ²⁶, men se chemen-an li tabli, sa lè nou suiv li-a lavi-a ak lanmò-a vin sen epi vin gen yon nouvo sans.

Reyèlman kretyen-an se yon moun ki vin konfòm ak pòtre Pitit-la ki se Premye pitit nan pakèt frè-yo ²⁷, li resevwa « premye fwi Espri-a » (Romen 8,23) ki fè li kapab realize nouvo lwa renmen-an ²⁸. Gras a Espri sa-a ki se « gaj eritaj »-la (Efezyen 1,14), moun-nan restore an antye nan fen-fon sa-l ye-a, joutan li rive nan « delivrans kò »-a (Romen 8,23) : « Si Espri sa-k resisite Jezu sot nan pami mò-yo abite nan nou, sa-k resisite Kris-la sot nan pami mò-yo l-ap fè kò nou ki mouri-a viv, gras a Espri-l la ki abite nan nou-an » (Romen 8,11) ²⁹. Sètènman, nesosite ak devwa pou goumen kont mal-la nan mitan anpil tribilasyon ap toumante kretyen-an epitou li gen pou li soufri lanmò-a ; men antan li asosye nan mistè Pak-la, li vin konfòm ak lanmò Kris-la, l-ap kouri al nan rezireksyon-an antan esperans-la fòtifye-l ³⁰.

Sa vo non sèlman pou fidèl kretyen-yo, men tou pou tout moun bòn volonte paske gras-la ap travay nan kè-yo yon fason envizib ³¹. Kòm se pou tout moun Kris la te mouri ³², kòm dènye vokasyon tout moun se yon sèl li ye tout bon, sètadi jwenn Bondye, nou dwe kwè Espri Sen-an ofri tout moun posibilite pou yo asosye nan mistè paskal sa-a yon fason Bondye konnen.

Men kalite ak grandè mistè moun-nan ! ki vin klere pou kwayan-yo apati Revelasyon kretyen-an. Donk, gras a Kris-la epi nan Kris-la problèm doulè-a ak lanmò-a k-ap kraze nou andeyò Evanjil-la, li vin jwenn limyè. Kris-la resisite, lanmò li-a detwi lanmò-a, li ba nou lavi-a an abondans ³³ pou antan nou pitit nan Pitit-la nou ka rele nan Espri-a : Abba ! Papa ³⁴!

²⁵ Cf. 2 Koretyen 5,18-19; Kolosyen 1,20-22.

²⁶ Cf. 1 Pyè 2,21; Matye 16,24; Luk 14,27.

²⁷ Cf. Romen 8,29; Kolosyen 1,18.

²⁸ Cf. Romen 8,1-11.

²⁹ Cf. 2 Koretyen 4,14.

³⁰ Cf. Filipyen 3,10; Romen 8,17.

³¹ Cf. Konsil Vatikan 2, Konstitisyon dògmatik *De Ecclesia*, n. 16.

³² Cf. Romen 8,32.

³³ Cf. Litiji Pak nan Egliz Bizanten-an.

³⁴ Cf. Romen 8,15 epi Galat 4,6 ; cf. Jan 1,12 epi 1 Jan 3,1-2 tou.

Chapit 2

Osijè kominote moun-nan

(23. *Ki objektif Konsil-la*)

Youn nan dimansyon prensipal epòk kounye-a (*mundi hodierni*) progrè teknik-yo pèmèt devlope anpil jodi-a, se multiplikasyon relasyon pami moun-yo youn ak lòt. Poutan se pa nan progrè sa-yo dyalòg fratènèl moun-yo vin pèfeksyone, men li realize yon fason pi profon nan kominote moun-nan, poutèt egzijans respè youn pou lòt akòz dignite spirityèl yo. Revelasyon kretyen-an pote konkou pou favorize kominyon sa-a ant moun-yo, an menm tan li kondui nou pou nou konprann pi afon lwa lavi sosyal-yo, sa Kreatè-a te ekri nan nati spirityèl epi moral moun-nan.

Kòm Majistè Egliz-la te ekspoze doktrin kretyen-an an abondans osijè sosyete moun-yo nan kèk dokiman ki parèt sa pa fè lontan ¹, Konsil-la vle sèlman raple kèk verite prensipal epi eksplike fondman-yo anba limyè Revelasyon-an. Apre sa li ensiste sou kèk aspè ki gen pi plis enpòtans nan jou n-ap viv-yo.

(24. *Osijè karaktè kominotè vokasyon moun-nan nan projè Bondye-a*)

Poutèt Bondye ap pran swen tout moun tankou yon papa, li te vle pou tout moun fòme yon sèl fanmi epi pou youn trete lòt tankou frè. Annefè, yo tout yo kreye dapre pòtre Bondye ki te fè « tout nasyon moun-yo abite sou tout fas tè-a, apati yon sèl [moun] » (Travay Apot yo 17,26), ki rele yo pou vin nan yon sèl epi menm aboutisman-an, sa vle di vin jwenn Bondye li menm.

Se sa-k fè renmen pou Bondye-a ak pou prochen-an se premye epi pi gran kòmandman-an. Ekriti Sent-la menm aprann nou li pa posib pou separe renmen pou Bondye-a ak renmen pou prochen-an : « ... si gen yon lòt kòmandman, nan paròl sa-a li ranmase : Ou va renmen prochen-ou nan tankou pròp tèt pa-ou la... Plenitid lalwa-a donk, se renmen-an » (Romen 13,9-10 ; cf. 1 Jan 4,20). Epi, reyèlman enpòtans ekstrèm realite sa-a vin parèt pi plis poutèt moun-yo vin pi depanndan chak fwa youn de lòt epi tè-a ap vin fè youn chak fwa pi plis.

Pi plis toujou lè Granmèt Jezu te priye Papa-a pou « tout moun fè youn..., tankou nou minm nou fè youn-nan » (Jan 17,21-22), li mete devan nou yon pèspektiv ki depase rezon moun-nan, li fè konprann gen yon resanblans ant inyon pèrsòn-yo nan Bondye ak inyon pitit Bondye-

¹ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra*, 15 me 1961 : AAS 53 (1961), pp. 401-464 ; epi Ansiklik *Pacem in terris*, 11 avril 1963 : AAS 55 (1963), pp. 257-304.- Pòl VI, Ansiklik *Ecclesiam suam*, 6 out 1964 : AAS 56 (1964), pp. 609-659.

yo nan verite ak renmen. Resanblans sa-a montre moun-nan se sèl kreati sou tè-a Bondye te vle an fonksyon pròp sa-l ye kòm moun-nan, konsa li pa kapab realize pròp tèt-li an plen si se pa nan bay pròp tèt-li ak senserite ².

(25. *Osi jè entèdepandans moun-nan ak sosyete-a*)

Apati karaktè sosyal moun-nan yo wè progrè moun-nan ak kwasans sosyete-a menm depann youn de lòt. Annefè moun-nan, poutèt pròp nati-li, li gen bezwen lavi sosyal-la tout jan ³ se pou sa se li ki kòmansman, sijè epi aboutisman tout enstitisyon sosyal-yo, sa fèt konsa epi se konsa sa dwe fèt. Donk kòm lavi sosyal-la se pa yon bagay ki sot deyò vin rive sou moun-nan, se sa-k fè se gras a kontak ak lòt-yo, obligasyon youn parapò a lòt, dyalòg ak frè-yo, moun-nan grandi nan tout kapasite-l epi li rive kapab reponn a vokasyon-l.

Pami lyen sosyal ki nesèsè pou moun-nan devlope, genyen ki koresponn pi imedyatman ak fen-fon nati-li tankou fanmi-an ak kominote politik-la; lòt menm plis soti nan volonte lib-li. Nan tan n-ap viv-la, pou divès koz, relasyon ak entèdepandans youn parapò a lòt vin miltipliye pi plis chak jou ; se sa-k fè gen divès tip asosyasyon ak enstitisyon dwa prive oubyen piblik ki parèt. Realite sa-a yo rele « sosyalizasyon »-an, menm si li pa manke danje grav, li pote ak li anpil avantaj pou asire epi ogmante kalite pèsonèl moun-nan epi proteje dwa-li ⁴.

Men si moun-nan resevwa anpil [èd] apati lavi sosyal sa-a pou-l kapab realize vokasyon-l, menm vokasyon relijye li, pa gen pèsonn k-ap nye anpil fwa moun-yo detounen sot nan byen pou yo ta fè-a epi yo pouse al nan mal-la, apati sikonstans sosyal kote y-ap viv-la, kote yo t-ap benyen depi nan anfans yo. Li sèten se an pati nan fòm òganizasyon ekonomik, politik epi sosyal-yo, se la dezòd-yo ki rive si souvan nan domèn sosyal-la vin soti. Men yo soti pi plis toujou nan egoism ak ògèy moun-yo anyans sosyal-la ap pèvèti tou. Se konsa konsekans peche-yo afekte lòd realite-yo, moun-nan ki deja fèt ak yon panchan pou mal-la, vin jwenn nouvo ankourajman pou-l fè peche, epi li pap rive depase yo san yon efò enèjik ak sekou gras [Bondye-a].

(26. *Osi jè promosyon byen komen-an*)

Apati entèdepandans sa-a k-ap vin pi sere chak jou epi k-ap gaye ofiamezi sou tout tè-a, byen komen-an - sa vle di tout kondisyon lavi sosyal-yo ki pèmèt group moun-yo ak endividi-yo rive nan pròp pèfeksyon-yo yon

² Cf. Luk 17,33.

³ Cf. Sen Toma d'Aken, *1 Ethicorum*, leson 1.

⁴ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), p. 418. - Cf. tou Pi XI, Ansiklik *Quadragesimo anno*, 15 me 1931 : AAS 23 (1931), pp. 222 ss.

fason pi total epi pi fasil - [byen komen-an] vin pran dimansyon ki pi inivèsèl chak fwa jodi-a, epi sa fè li enplike dwa ak obligasyon ki konsène tout ras moun-nan. Nenpòt ki group dwe konsidere nesosite ak aspirasyon lejitim lòt group-yo, plis ankò [li dwe konsidere] byen komen fanmi ras moun-nan toutantye ⁵.

An menm tan, konsyans dignite ekstraòdinè moun-nan genyen-an ap grandi, paske li pase anvan tout lòt bagay-yo, epi dwa-l yo ak obligasyon-l yo inivèsèl, yo pa kapab pilonnen yo (*inviolabilia*). Donk fòk yo ouvri rout ki pèmèt moun-nan jwenn tout sa li bezwen pou-l mennen yon lavi ki vrèman dign sa-l ye kòm moun-nan, tankou manje, rad, kay, dwa pou li chwazi libreman fòm lavi li vle epi fonde yon fanmi, dwa pou edikasyon, pou travay, pou repitasyon-l, pou yo respekte-l, pou yon enfòmasyon ki konv-nab, pou li aji dapre nòm dwat konsyans li, pou proteksyon lavi prive-l epi pou yon libète ki kòrèk menm nan kesyon relijyon.

Donk, domèn òganizasyon sosyal-la epi progrè l-ap fè dwe toujou sèvi pou byen moun-yo, piske lòd realite-yo dwe toujou sibòdone anba lòd moun-yo epi kontrè-a pa posib. Granmèt la menm fè remake sa, lè li te di saba-a fèt pou moun-nan epi se pa moun-nan ki fèt pou saba-a ⁶. Òganizasyon domèn sosyal sa-a dwe devlope jou apre jou, se nan verite-a pou li fonde, nan jistis pou yo bati-l, nan renmen-an pou yo ba-l lavi ; li dwe jwenn nan libète-a yon ekilib ki koresponn a sa moun-nan ye-a (*humanus*) chak jou pi plis ⁷. Pou sa fèt menm, yo dwe travay pou renouvle mantalite-yo epi kòmanse realize gran chanjman nan sosyete-a.

Espri Bondye-a prezan nan evolisyon sa-a, li menm k-ap dirije kous deroulman tan-yo ak yon providans admirab epi k-ap renouvle fas tè-a. Leven Evanjil-la menm, se li menm ki te reveye epi k-ap reveye nan kè moun-yo yon egzijans dignite anyen pa ka frennen.

(27. *Osiyè respè pou moun-nan*)

Pou desann nan konsekans pratik ki pi prese-yo (*urgentiora*), Konsil-la ensiste pou fè respè pou moun-nan antre nan espri-yo, yon fason pou chak moun ta dwe konsidere prochen-l, san eksepsyon, tankou « yon lòt li menm », pou li konsidere toudabò lavi lòt-la ak mwayen ki nesèsè pou li pase lavi-l ak dignite ⁸, pou li pa imite rich sa-a ki pa-t menm okipe pòv Laza-a ⁹.

⁵ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), p. 417.

⁶ Cf. Mark 2,27.

⁷ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Pacem in terris* : AAS 55 (1963), p. 266.

⁸ Cf. Jak 2,15-16.

⁹ Cf. Luk 16,19-31.

Toudabò, tan n-ap viv kounye-a ba nou, nou menm menm, obligasyon prese prese (*urget*) pou nou vin tounen prochen nenpòt kategori moun epi pou nou sèvi yo reyèlman (*actuose*) nan sa yo bezwen, swa si se yon granmoun tout moun abandone, swa si se yon travayè etranje yo meprize san rezon, swa si se yon egzile, swa si se yon timoun ki fèt apati yon inyon ilegal k-ap sipòte san rezon pwa yon peche li pa-t komèt, swa si se yon moun ki grangou k-ap tizonnen konsyans nou antan-l fè nou sonje paròl Granmèt-la : « Nenpòt ki sa nou te fè pou youn nan frè-m sa yo ki pi piti yo, se pou mwen menm nou te fè-l » (Matye 25,40).

An plis, tou sa ki kont lavi-a menm, tankou tout fòm touye moun (omisid), detwi yon ras (jenosid), avòtman, etanazi epi menm suisid volontè ; tout sa ki vyole entegrite yon moun, tankou koupe manb li (mitilasyon), toumant yo fè sibi nan kò oubyen nan lespri, eseye fòse volonte-l (kontrent psikolojik) ; tout sa ki pase dignite moun-nan anba pye, tankou kondisyon lavi ki pi ba pase pa moun, anprizònman abitè, depòtasyon, esklavaj, prostitisyon, komès pou vann medam-yo ak jèn-yo ; oubyen ankò kondisyon travay ki degradan ki fè travayè-a tounen yon senp enstriman pou ogmante benefis, san yo pa trete-l tankou yon moun lib epi responsab : tout bagay sa-yo epi tout sa-k sanble ak yo se ront, epi non sèlman yo koronpi sivilizasyon moun-nan, men yo plis dezonore sa k-ap ajji konsa yo pase sa-yo k-ap soufri enjistis-la epi yo kontrè nan pi ro pwen ak onè-respè Kreatè-a.

(28. *Osijè respè ak renmen pou advèsè-yo*)

Respè-a ak renmen-an dwe rive menm jous sou sa yo ki panse oubyen ajji yon fason diferan parapò a nou nan realite sosyal-la, politik-la oubyen menm relijye-a ; dayè plis nou eseye konprann fason-d-panse yo-a afon ak byenveyans epi renmen (*humanitate et caritate*) se plis li va fasil pou nou kòmanse yon dyalòg avèk yo.

Nan okenn fason, renmen sa-a ak bon jan sa-a pa dwe fè nou vin endiferan alega verite-a ak byen-an. Plis toujou, renmen sa-a ap toumante disp Kris-yo pou yo anonse verite k-ap sove-a bay tout moun. Men yo dwe distenge ant erè-a yo dwe toujou rejte-a, epi moun ki tronpe-l la, ki konsève dignite-l kòm moun san rete, menm si li tronpe-l nan konsepsyon relijye ki fo oubyen ki mwens kòrèk ¹⁰. Se Bondye sèl ki jij epi egzaminatè kè moun-yo : se pou sa li entèdi nou jije osijè fot entèn konsyans nenpòt ki moun ¹¹.

¹⁰ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Pacem in terris*: AAS 55 (1963), pp. 299-300.

¹¹ Cf. Luk 6,37-38 ; Matye 7,1-2 ; Romen 2,1-11 ; 14,10-12.

Ansèyman Kris-la mande nou menm pou nou padone enjistis yo fè nou ¹², li fè kòmandman renmen-an rive jous nan renmen pou tout ènmi-yo, se sa ki kòmandman Nouvo lalwa-a : « Nou te tande yo te di : ‘Ou va renmen prochen-ou nan epi ou va rayi ènmi-ou nan’. Mwen menm menm mwen di nou : renmen ènmi nou yo, fè byen pou sa ki rayi nou yo epi priye pou sa k-ap pèsekite nou yo epi k-ap pale nou mal » (Matye 5,43-44 [Vulgat]).

(29. *Osiyè egalite esansyèl ant tout moun epi jistis sosyal-la*)

Kòm tout moun posede yon nanm rasyonèl epi se dapre pòtre Bondye yo kreye yo, yo gen menm nati-a ak menm orijin-nan, men tou kòm Kris-la delivre yo, yo jwi menm vokasyon ak menm destine dapre Bondye-a, pou sa, yo dwe rekonèt chak fwa pi plis yon egalite fondamantal ant yo tout.

Se vre yo pa kapab konpare tout moun menm jan-an poutèt divèsite fòs fizik, entelektyèl ak moral yo. Poutan yo dwe depase epi retire tout fòm diskriminasyon nan dwa fondamantal moun-yo, swa sou plan sosyal swa sou plan kiltirèl, swa pou sèks, ras, koulè, kondisyon sosyal, lang oubyen relijyon, poutèt [diskriminasyon sa-yo] kontrè ak projè Bondye-a. Reyèlman sa fè vrèman mal pou wè se pa tout kote yo proteje epi byen konsève dwa fondamantal moun-yo. Tankou lè yo refize kapasite fi-a pou li chwazi yon mari libreman oubyen pou li anbrase tèl mòd lavi oubyen pou li rive monte nan menm edikasyon ak kilti yo admèt pou gason-an.

An plis, menmsi gen divèsite lejitim ant moun-yo, egalite dignite moun-yo mande pou yo rive [tabli] kondisyon lavi ekitab ki pi koresponn a sa moun-nan ye-a. Annefè, inegalite ekonomik ak sosyal ki depase ant manb oubyen pèp ki nan yon sèl fanmi ras moun-nan se koz skandal epi yo se yon obstak pou jistis sosyal-la, ekite-a, dignite moun-nan epitou pou lapè sosyal ak entènasyonal-la.

Enstitisyon sosyal-yo (*humanae institutiones*), swa prive swa piblik dwe fè efò pou mete yo o sèvis dignite ak destine moun-nan, an menm tan se pou yo konbat san rete kont nenpòt ki esklavaj sosyal oubyen politik, antan y-ap garanti dwa fondamantal moun-yo anba nenpòt ki rejim politik. Plis toujou, mòd enstitisyon sa-yo dwe vin dakò ofiamezi ak realite spirityèl-yo ki pi ro pase tout lòt-yo, menm si souvan se yon tan byen long ki nesèsè pou rive nan aboutisman yo swete-a.

(30. *Nesite pou avanse pi lwen pase etik endividyalis-la*)

Chanjman profon epi rapid k-ap fèt nan realite-yo mande pou prese prese (*urgentius*) pèsenn pa kontante-l ak yon moral sèlman endividyèl antan li pa fè atansyon a kous realite-yo oubyen antan li angoudi san enèji. Yo

¹² Cf. Matye 5,43-47.

dwe ranpli devwa jistis ak renmen-an chak fwa pi plis paske chak moun va kontribiye dapre pròp kapasite-l epi dapre bezwen lòt-yo nan byen komen-an, antan li ankouraje enstitisyon-yo swa prive swa piblik epi li ede pou yo sèvi nan amelyore kondisyon lavi moun-yo. Gen moun ki trè laj epi plen jenerozite nan ide-yo men ki kontinye toujou ap viv an realite kòm si okenn bezwen sosyete-a pa regade-yo. Plis toujou, plizyè, nan divès rejyon pa bay lwa ak preskripsyon sosyal-yo okenn enpòtans. Anpil pa jennen kache kò-yo nan divès frod ak tronpri pou yo pa peye enpo legal oubyen lòt sa yo dwe sosyete-a. Gen lòt ki pa konsidere kèk règ lavi sosyal-la, tankou paregzanp sa yo etabli pou proteje sante moun-yo oubyen kontrole sikilasyon machin-yo, antan yo pa rann yo kont neglijan sa-a mete lavi yo ak lavi lòt-yo an danje.

Se pou tout moun konsidere obligasyon sosyal-yo kòm bagay ki sakre nan pami prensipal devwa moun-nan jodi-a epi se pou yo obsève-yo. Reyèlman, plis tè-a ap vin fè youn, plis li montre pi klè fonksyon moun-nan depase group patikilye-yo pou li deplwaye ofiamezi sou tout tè-a. Sa pap kapab rive fèt si chak moun epi group-yo tou pa kiltive vèrtu moral-yo ak sosyal-yo nan yo menm epi gaye yo nan sosyete-a, yon fason pou nouvo moun tout bon vin egziste ki va travay pou yon nouvo mòd egzistans pou moun-nan (*novae humanitatis*) avèk konkou gras Bondye-a ki nesesè.

(31. *Osi jè responsabilite-a ak patisipasyon-an*)

Pou chak moun ka ranpli obligasyon konsyans-li pi byen swa parapò a tèt-li, swa parapò a divès group kote li manb yo, fòk yo edike nanm-yo avèk swen pou yon kilti ki pi laj, antan yo sèvi ak gran kantite mwayen ki aladispozisyon ras moun-nan jodi-a. Toudabò fòk yo ta òganize edikasyon jèn-yo kèlkeswa orijin sosyal yo, pou ta vin genyen gason ak fi ki pap sèlman kiltive kapasite entèlijans yo men tou ki ta gen yon pèsonalite solid (*magni animi sint*), se youn nan bagay tan n-ap viv-la bezwen tout bon.

Men sans responsabilite sa-a, se ak difikilte moun-nan kapab rive genyen-l, sof si kondisyon lavi-yo ta pèmèt li pou li vin konsyan parapò dignite-l epi kapab reponn a vokasyon-l pou-l bay tèt-li pou Bondye ak pou lòt-yo. Anpil fwa libète moun-nan vin vrèman pi fèb lè moun-nan tonbe nan yon mizè ki ekstrèm, menm jan li degrade lè moun-nan lage kò-l nan lavi trò fasil epi fèmèn tèt li tankou nan yon solitud dore. Okontrè li rafèmi, lè moun-nan aksepte kontrent inevitab lavi sosyal-la, lè li anbrase divès egzijans solidarite ant moun-yo epi li angaje-l nan sèvis kominote moun-yo.

Se pou sa, se pou yo ankouraje volonte pou patisipe nan projè komen-yo. Konpòtman (*ratio agendi*) nasyon sa-yo menm merite lwanj kote pi gran pati nan sitwayen-yo kapab patisipe an tout libète nan kesyon piblik-yo. Men fòk yo konsidere kondisyon reyèl chak pèp epi fèmte ki nesesè pou

otorite bibliik-yo. Men pou tout sitwayen-yo anvi patisipe nan lavi dife-ran group-yo ki fòmè kò sosyal-la, fòk yo jwenn nan group sa-yo byen sa-yo ki atire yo epi dispoze yo pou sèvi lòt-yo. Sa lejitim pou nou pansé avni moun-yo (*humanitatis*) depoze nan menm moun sa-yo ki va reyisi transmèt jenerasyon k-ap vini-yo rezon pou yo viv epi pou yo espere.

(32. *Paròl-la ki tounen chè-a epi solidarite ant moun-yo*)

Menm jan Bondye pa-t kreye moun-nan pou li viv pou kont-li men pou li fòmè yon inyon nan sosyete-a, konsa tou « sa te fè-l plezi... pou li pa-t sanktifye epi sove moun-yo yo chak apa, men pou li te konstitiye yo tankou yon pèp ki ta vin konnen-l nan verite epi sèvi-l yon fason ki sen ¹³». Se pou sa, depi nan kòmansman istwa sove-a, li menm menm li chwazi moun-yo pa tankou endividi sèlman men tankou manb yon kominote. Sa yo li chwazi-a menm, antan li manifeste projè li-a, li rele yo « pèp li » (Egzòd 3,7-12), se avèk yo an plis, li te siyen kontra sou Sinayi-a ¹⁴.

Karakteristik kominotè sa-a vin apwen nèt (*perficitur*) epi akonpli (*consummatur*) nan travay Kris-la. Annefè, Paròl-la ki pran chè-a li menm, te vle patisipe nan solidarite kominote moun-nan. Li te prezan nan nòs Kana-a, li te desann lakay Zache, li te manje ak kolektè taks-yo epi pechè-yo. Li te revele renmen Papa-a epi vokasyon esktraòdinè moun-nan antan li fè sonje realite sosyal ki pi komen-yo epi li te sèvi ak mòd pale epi imaj lavi senp chak jou-a. Li te sanktifye lyen ki gen ant moun-yo, tou-dabò lyen familyal-yo kote prensip sosyal-yo soti, li te soumèt volontèman anba lalwa peyi-li. Li te vle mennen pròp lavi yon atizan nan tan sa-a ak rejyon sa-a.

Lè li t-ap preche li te kòmande pitit Bondye-yo pou yo konpòte youn parapò a lòt tankou frè. Nan priyè-li, li mande pou tout disip li-yo vin fè « youn ». Plis toujou, li ofri pròp tèt-li nan lanmò pou tout moun, li se Redanmètè tout moun. « Pèsonn pa gen pi gran renmen pase sa-a : pou yon moun depoze nanm-li pou zanmi-l yo » (Jan 15,13). Li te bay Apot-yo lòd pou yo preche nouvèl Evanjil-la bay tout nasyon-yo pou ras moun-nan ka vin tounen fanmi Bondye kote plenitid lalwa-a se va renmen-an.

Premye pitit nan anpil frè, pami tout sa-yo ki resevwa-l nan lafwa ak nan renmen, apre lanmò-li ak rezireksyon-li, nan kado Espri li-a li tabli yon nouvo kominote fratènèl, sètadi nan Kò-li ki se Egliz-la kote yo tout, manb youn pou lòt, ta kapab rann youn lòt sèvis dapre divès kado yo resevwa.

Solidarite sa-a gen pou li toujou ap grandi, jous jou sa-a kote li va akonpli, epi kote moun-yo gras-la sove-a, tankou fanmi Bondye renmen ansanm ak Kris-la Gran Frè-a, va bay Bondye glwa ki parfè-a (*perfectam*).

¹³ Konsil Vatikan 2, Konstitisyon dōgmatik *De Ecclesia*, n. 9.

¹⁴ Cf. Egzòd 24,1-8.

Chapit 3

Osijè aktivite moun-nan sou tout tè-a

(33. *Yo poze problèm-nan*)

Gras a travay-li ak kapasite entèlijans-li, moun-nan toujou ap eseye bay lavi-l yon devlopman ki pi laj ; kounye-a menm, li te deplwaye epi li kontinye deplwaye dominasyon-li sou prèske tout nati-a sitou ak travay lasyans ak disiplin teknik-yo, epi avèk sekou ogmantasyon divès mwayen komèsyal ant nasyon-yo, ofiamezi fanmi moun-nan vin konstitiye epi rekonèt li se yon sèl kominote sou tout tè-a. Sa fè anpil byen moun-nan te konn ap tann lontan pou yo soti sitou nan fòs siperyè-yo, jodi-a li deja kapab bay tèt li yo ak pròp travay-li.

Devan imansite efò sa-a ki deja anvayi tout ras moun-nan, anpil kesyon ap monte nan [espri] moun-yo. Ki sans, ki valè aktivite travay sa-a genyen ? Kijan pou yo sèvi ak tout bagay sa-yo ? Nan ki aboutisman tout efò endividyèl epi sosyal sa-yo vle rive ? Egliz-la k-ap veye sou depo Paròl Bondye-a kote li tire prensip lavi relijye ak moral-la, menm si li pa toujou gen repons deja prepare pou chak kesyon sa-yo, li vle mete limyè revelasyon-an ansanm ak eksperyans tout moun-yo pou li kapab klere rout-la kote ras moun-nan fèk ap antre-a.

(34. *Osijè valè enpòtans aktivite moun-nan genyen*)

Se yon bagay ki ratifye pou kwayan-yo : aktivite moun-nan kòm endividi oubyen kolektivman, - sa vle di gran kantite efò sa-a moun-yo ap fè nan deroulman syèk-yo pou yo eseye amelyore kondisyon lavi yo, - lè yo konsidere-l nan li menm, li koresponn ak projè Bondye-a. Annefè moun-nan kreye dapre pòtre Bondye epi li resevwa misyon pou li mete tè-a ak tou sa ki ladan-l anba kontròl-li, pou li gouvènènan tè-a nan jistis ak yon lavi sen ¹ epi pou antan tout moun rekonèt Bondye Kreyatè-a, li renmèt tèt-li ak tout realite-yo bay [Bondye] li menm, yon fason pou lè tout bagay soumèt anba moun-nan, non Bondye va jwenn glwa sou tout tè-a ².

Sa konsène tou travay chak jou-yo. Reyèlman gason ak fi k-ap asire mwayen pou viv pou tèt-yo ak pou fanmi-yo yo egzèsè aktivite yo-a pou yo byen sèvi sosyete-a. Sa lejitim pou yo konsidere travay yo-a ap devlope travay Kreatè-a, l-ap rann frè yo sèvis epi ak aktivite pèsonèl yo, yo kontribiye pou realizasyon plan Bondye-a nan istwa-a ³.

Se sa-k fè kretyen-yo pa panse travay moun-yo ap realize ak kapasite entèlijans-yo epi fòs-yo ta an opozisyon ak puisans Bondye-a, kòm si

¹ Cf. Jenèz 1,26-27; 9,2-3; Sajès 9,2-3.

² Cf. Psòm 8,7.10.

³ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Pacem in terris*: AAS 55 (1963), p. 297.

kreati rasyonèl-la ta tankou yon rival pou Kreatè-a, okontrè, yo sèten viktwa ras moun-nan se sign grandè Bondye epi fwi plan-li ki depase sa yo kapab di-a. Plis puisans moun-yo ap grandi se plis responsabilite yo swa pou kont yo swa kòm kominote ap elaji tou. Sa fè wè mesaj kretyen-an pa detounen moun-yo parapò a konstriksyon tè-a, ni li pa pouse-yo neglije byen moun parèy li-yo, men pito li oblije-yo realize devwa sa-a ak plis anpresman (*arctius*)⁴.

(35. *Osiyè oryantasyon aktivite moun-nan*)

Aktivite moun-nan menm, kòm se nan moun-nan li soti, konsa tou se pou [byen] moun-nan li òdone. Annefè, lè moun-nan ap aji, se pa sèlman realite-a ak sosyete-a li chanje, men tou se pròp tèt-li li pèfeksyone. Li aprann anpil bagay, li devlope kapasite-l yo, li soti nan li menm epi li depase pròp tèt-li. Mòd kwasans sa-a si yo konprann li byen, li gen plis valè pase richès yo kapab ranmasse sou pa deyò. Moun-nan vo plis poutèt sa li ye pase poutèt sa li genyen⁵. Menm jan-an tou, tout sa moun-yo fè pou kapab genyen pi plis jistis, pi plis fratènite, yon òganizasyon relasyon sosyal-yo ki pi favorab pou sa moun-nan ye-a, sa vo plis pase progrè teknik-la. Annefè, [progrè teknik-la] kapab ofri [baz] materyèl pou realizasyon (*promotioni*) moun-nan, men pou kont li, li pa kapab fè [moun-nan] rive ladan-l.

Se sa-a ki règ pou aktivite moun-nan, ki dakò ak byen otantik ras moun-nan dapre projè ak volonte Bondye-a epi ki pèmèt moun-nan kiltive epi realize vokasyon-l an plen swa kòm endividi swa kòm manb sosyete-a.

(36. *Osiyè otonomi lejitim realite terès-yo*)

Anpil nan moun k-ap viv nan tan sa-a ansanm ak nou sanble pè pou yon relasyon trò sere ant aktivite moun-nan ak relijyon-an ta anpeche otonomi moun-nan, sosyete-a oubyen syans-yo.

Si lè yo di « otonomi realite terès-yo » yo vle di realite kreye-yo epi sosyete-yo posede pròp lwa-yo ak valè-yo moun-nan ap dekouvri ofiamezi l-ap sèvi ak yo epi l-ap òganize-yo, se yon bon bagay nèt pou egzije [otonomi] sa-a : paske se pa sèlman moun nan tan n-ap viv kounye-a ki mande sa, men li koresponn ak volonte Kreatè-a. Apati kondisyon kreasyon-an menm, realite tè-a gen pròp konsistans-li, verite-l, bonte-l epi li konstitiye ak pròp lwa-li ak òganizasyon-l ; moun-nan dwe respekte-l epi rekonèt metòd ki pròp pou chak syans-yo ak disiplin-yo. Se poutèt sa, rechèch metodik nan tout domèn-yo, si li fèt yon fason vrèman syantifik epi dapre prensip moral-yo, li pa janm reyèlman kont lafwa-a, paske realite profàn-nan ak realite lafwa-a se nan menm Bondye-a yo pran sous-yo (*originem du-*

⁴ Cf. *Mesaj pou tout moun* Evèk-yo te voye nan kòmansman Konsil Vatikan II-a, oktòb 1962: AAS 54 (1962), p. 823.

⁵ Cf. Pòl VI, Diskou pou Kò Diplomatik-la, 7 janvyè 1965: AAS 57 (1965), p. 232.

cunt) ⁶. Plis toujou, moun-nan k-ap eseye egzamine realite kache-yo ak yon kè ki enb epi ak konstans, menm si li pa konn sa, se tankou si se men Bondye k-ap kondui-l, li menm ki soutni tout bagay, ki fè yo egziste jan yo ye-a. Sou pwèn sa-a, pèmèt nou regrèt kèk dispozisyon espri ki pa-t manke pafwa nan pami kreyen-yo menm, poutèt yo pa-t konsidere otonomi lejitim syans-la nan mezi sa dwe fèt, epi apati tansyon ak kontrovès ki vin fèt, yo kondui anpil moun rive panse lafwa-a ak syans-la ta an opozisyon youn ak lòt ⁷.

Men si ak paròl « otonomi realite tanporèl-yo » yo ta vle di realite kreyeyo pa depann de Bondye, epi moun-nan ka sèvi ak yo kòm si yo pa ta gen okenn rapò ak Kreatè-a, pa gen pèsonn ki rekonèt Bondye ki pa santi jan opinyon sa-yo pa vre. Annefè, san Kreatè-a, kreati-yo disparèt. Dayè, tout kwayan-yo, kèlkeswa relijyon-yo, te toujou tande vwa epi manifestasyon [Kreatè-a] nan langaj kreati-yo. Plis toujou, nan bliye Bondye-a se kreati-a menm ki vin plonje nan fènwa (*obscuratur*).

(37. *Osiyè aktivite moun-nan ki gate poutèt peche-a*)

Liv sakre-a an akò ak eksperyans syèk-yo fè fanmi moun-nan konnen progrè ras moun-nan - ki se pi gran byen moun-nan - pote ansanm ak li pi gran tantasyon-an tou : antan lòd valè-yo boulvèse epi mal-la mele ak byen-an, chak moun ak chak group se sèlman sa ki pou yo yo konsidere, yo pa [konsidere] sa ki pou lòt-yo. Se sa-k fè tè-a vin pa yon espas pou fratènite tout bon, pandan puisans moun-nan ap ogmante li deja ap menase pou-l detwi ras moun-nan li menm.

Reyèlman, gen yon konba rid kont puisans tenèb-yo ki travèse tout istwa moun-nan, dapre sa Granmèt-la di ⁸ l-ap fèt depi nan premye kòmansman tè-a epi l-ap dire jous nan dènye jou-a. Antan li angaje nan batay sa-a, moun-nan dwe goumen pou li rete kole tout tan sou byen-an, epi se ak anpil travay avèk gras Bondye-a k-ap ede-l, li kapab rive jwenn inite anndan-l menm.

Se poutèt sa Egliz Kris-la, antan li fè projè Kreatè-a konfyans, li rekonèt progrè moun-nan kapab sèvi pou vrè lavi an plen moun-yo, men li pa kapab pa fè tande sa Apot la di-a : « Pa pran modèl sou syèk sa-a » (Romen 12,2), sètadi sou vanite ak mechanste espri k-ap transfòme aktivite moun-nan ki fèt pou sèvis Bondye ak moun-nan, pou fè-l tounen enstriman pou peche-a.

Si yon moun mande, ki jan yo kapab depase mizè sa-a, kreyen-yo deklare tout aktivite moun-yo ki vin detounen chak jou poutèt ogèy ak renmen de-

⁶ Cf. Konsil Vatikan I, Konstitisyon døgmatik *De fide catholica*, chap. III: Denzinger, 1785-1786 (3004-3005).

⁷ Cf. Pius Paschini, *Vita e opere di Galileo Galilei*, 2 volim, Vatikan, 1964.

⁸ Cf. Matye 24,13; 13,24-30; 36-43.

zòdone moun-nan gen pou tèt pa-l, yo dwe pirifye yo nan kwa Kris-la ak rezireksyon-l nan pou yo ka vin kondui yo nan pèfeksyon yo. Moun-nan Kris-la delivre-a epi fè-l tounen yon kreati nou nèf nan Espri Sen-an, kapab renmen epi dwe renmen realite sa-yo Bondye kreye-a. Se apati Bondye li resevwa yo epi li konsidere se tankou nan men Bondye yo soti epi li respekte yo. Pou yo, li di Byenfetè-a mèsè epi li sèvi ak kreati yo, li jwi yo nan espri povrete ak libète, lè sa-a li vin kòmanse posede tè-a tout bon vre tankou si li pa gen anyen epi li posede tout bagay⁹. Annefè, « tout bagay pou nou, nou menm menm, nou pou Kris, Kris menm pou Bondye » (1 Korentyen 3,22-23).

(38. *Osijè aktivite moun-nan yo kondui nan pèfeksyon-l nan mistè paskal-la*)

Paròl Bondye-a, ki fè tout bagay, antan li menm menm li te tounen chè epi li te abite nan tè moun-yo¹⁰, moun tout bon, li te antre nan istwa tè-a, li pran [istwa sa-a] epi li ranmase-l nan li¹¹. Se li menm ki revele nou « Bondye se renmen » (1 Jan 4,8), an menm tan li ansegne nou lwa fondamantal pèfeksyon moun-nan, kidonk [lwa] transfòmasyon tè-a, se nouvo kòmandman renmen-an. Donk, sa-yo ki kwè nan renmen Bondye-a, li ba yo asirans, chemen renmen-an ouvri pou tout moun epi efò pou tabli yon fratènite inivèsèl-la li pa san sans (*non esse inane*). An menm tan li avèti nou, renmen sa-a se pa sèlman nan gran koze pou yo egzèsè-l, men toudabò nan sikonstans òdinè lavi-a. Lè li sipòte lanmò pou nou tout pechè-yo¹², ak egzansp-li li ansegne nou se pou nou pote kwa-a tou, sa chè-a ak tè-a mete sou zèpòl sa yo k-ap chèche jistis ak lapè. Antan li vin tabli kòm Granmèt nan rezireksyon-l nan, Kris-la, ki resevwa tout pouvwa nan syèl-la ak sou tè-a¹³, ap travay deja nan kè moun-yo gras a pouvwa Espri li-a, pou li fè yo anvè sèlman lavi syèk ki gen pou vini-an, men tou pou yo anime, pirifye, fòtifye [syèk] sa-a tou ak jenerozite pou rive rann lavi fanmi ras moun-nan pi koresponn a sa moun ye (*humaniozem*) epi soumèt tout tè-a parapò a aboutisman sa-a. Gen divès kalite don Espri-a : antan gen kèk moun li rele pou yo rann yon temwagnaj pi klè osijè swaf abitasyon syèl-yo epi konsève [anvi sa-a] vivan nan fanmi moun-nan, gen lòt li rele pou yo devwe tèt-yo nan sèvis moun-nan sou tè-a, antan yo prepare materyèl pou wayòm syèl-la ak sèvis yo-a. Men li fè yo tout vin lib antan yo renonse renmen pròp tèt-yo epi yo ranmase tout fòs tè-a an favè lavi moun-nan, yo deplwaye rive sou tan k-ap vini-an kote ras moun-nan li menm va tounen yon ofrann agreab pou Bondye¹⁴.

⁹ Cf. 2 Korentyen 6,10.

¹⁰ Cf. Jan 1,3.14.

¹¹ Cf. Efezyen 1,10.

¹² Cf. Jan 3,16; Romen 5,8-10.

¹³ Cf. Travay Apot yo 2,36 ; Matye 28,18.

¹⁴ Cf. Romen 15,16.

Kòm gaj esperans sa-a epi manje pou vwayaj-la, Granmèt-la kite pou moun-li yo sakreman lafwa sa-a kote eleman natirèl-yo moun-nan te kiltive-yo vin transfòm tounen Kò-li ak San-li ki nan glwa-a, nan soupe kominyon fatènèl-la epi avangou bankè syèl-la.

(39. *Yon nouvo tè ak yon nouvo syèl*)

Nou pa konnen ki lè tè-a ak ras moun-nan ap rive nan achèvmant yo ¹⁵, ni nou pa okouran fason tout bagay pral transfòm. Antouka l-ap pase, figi tè sa-a ki defòm akoz peche-a ¹⁶, men yo aprann nou Bondye prepare yon nouvo abitasyon epi yon nouvo tè kote jistis la va rete ¹⁷, epi nan kontantman lavi an plen (*beatitudo*) sa-a tout anvi lapè ki monte nan kè moun-yo va akonpli epi depase mezi ¹⁸. Lè sa-a lanmò-a ap pèdi batay-la, pitit Bondye-yo va resisite nan Kris-la epi sa ki te simen nan feblès-la ak dekonpozisyon-an va abiye ak enposibilite dekonpozisyon ¹⁹; epi, pandan renmen-an va rete ak travay li-yo ²⁰, tout kreasyon sa-a, Bondye te kreye poutèt moun-nan, va libere anba esklavaj dekonpozisyon-an ²¹.

Nou byen avèti sa pa sèvi anyen pou moun-nan rive posede tout tè-a epi li ta pèdi pròp tèt-li ²². Poutan tann n-ap tann yon tè nouvo-a pa dwe elimine, men okontrè reveye, enterè pou kiltive tè sa-a kote kò nouvo fanmi moun-nan ap grandi epi deja ofri tankou yon lonbraj nouvo syèk-yo. Se pou sa, menm si yo dwe byen distenge avèk swen progrè terès-la parapò a Wayòm Kris-la, men poutèt li pèmèt òganize sosyete moun-nan pi byen, li gen anpil enpòtans pou Wayòm Bondye-a ²³.

Reyèlman, byen dignite moun-nan, kominyon fratènèl-la ak libète-a, sa vle di, tout byen sa yo ki se fwi nati nou ak travay nou, apre nou fin gaye yo sou tè-a nan Espri Granmèt-la epi dapre lòd li-a, nou va jwenn yo ankò apre, byen pròpte sot anba tout salte, klere ak limyè epi transfigire, lè Kris-la va renmèt Papa-a wayòm pou tout tan-an epi sou tout bagay-la : « wayòm verite ak lavi, wayòm sentete-a ak gras-la, wayòm jistis-la, renmen-an ak lapè-a ²⁴ ». Wayòm sa-a deja prezan sou tè-a tankou yon mistè ; lè Granmèt la va vini li va jwenn akonplisman-l.

¹⁵ Cf. Travay Apot yo 1,7.

¹⁶ Cf. 1 Korentyen 7,31. - Sent Irene, *Adversus Haereses*, V, 36,1: PG 7,1222.

¹⁷ Cf. 2 Korentyen 5,2; 2 Pyè 3,13.

¹⁸ Cf. 1 Korentyen 2,9; Apokalips 21,4-5.

¹⁹ Cf. 1 Korentyen 15,42.53.

²⁰ Cf. 1 Korentyen 13,8; 3,14.

²¹ Cf. Romen 8,19-21.

²² Cf. Luk 9,25.

²³ Cf. Pi XI, Ansiklik *Quadragesimo anno*: AAS 23 (1931), p. 207.

²⁴ Prefas pou Fèt Kris Roua-a.

Chapit 4

Fonksyon Egliz-la nan tan n-ap viv kounye-a

(40. *Osijè relasyon Egliz-la ak tè-a genyen youn ak lòt*)

Tou sa nou sot di osijè dignite moun-nan, osijè kominote moun-yo, osijè sans profon aktivite moun-nan, konstitiye fondman relasyon ant Egliz-la ak tè-a epitou baz pou dyalòg youn ak lòt ¹. Se pou sa, nan chapit sa-a, antan nou presipoze tou sa Konsil sa-a deja pibliye osijè mistè Egliz-la, n-apral konsidere menm Egliz sa-a kounye-a dapre li egziste sou tè sa-a, l-ap viv epi l-ap aji ladan-l.

Egliz-la soti nan renmen Papa ki la depi tout tan-an ², Kris Redanmtè fonde-l nan tan-an, li rasanble nan Espri Sen-an ³, li gen yon finalite ki se sove-a epi ki se aboutisman final-la (*finem salutarem et eschatologicum*), se sèlman nan syèk tan k-ap vini-an li ka rive jwenn li an plen. [Egliz] sa-a menm deja prezan sou tè-a, li fòme apati moun-yo ki rasanble, yo se manb sosyete ki sou tè-a epi yo rele-yo pou yo deja fòme fanmi pitit Bondye-yo ki toujou ap grandi nan istwa ras moun-nan joutan Granmèt-la rive. Poutèt byen syèl-yo ki anrichi-l, fanmi sa-a fè youn, Kris-la « konstitiye-l epi òganize-l sou tè sa-a tankou yon sosyete ⁴», epi li ba li « mwayen konvnan pou [realize] inyon vizib-li kòm sosyete ⁵». Konsa Egliz-la se an menm tan « yon group yo kapab wè epi yon kominote spiritualityèl ⁶», l-ap avanse ansanm ak tout ras moun-nan epi l-ap eksperimante ansanm ak tè-a desten terès-la, epi li egziste tankou yon leven, tankou nanm sosyete moun-nan ⁷ ki dwe renouvle nan Kris-la epi transfòmè pou vin tounen fanmi Bondye-a.

Se sèlman gras a lafwa-a yo kapab kapte mòd soude youn nan lòt ki egziste ant sosyete terès-la ak sosyete syèl-la, plis toujou, li se mistè istwa moun-nan k-ap toujou trouble ak peche-a joutan li rive nèt nan revelasyon klète pitit Bondye-yo. Poutan Egliz-la ap rapousuiv pròp objektif-li ki se sove [moun-nan], non sèlman li kominike lavi Bondye-a bay moun-nan, men tou konsekans limyè sa-a gaye nan yon sèten fason sou tout tè-a, sitou poutèt li geri epi li relve dignite moun-nan, li rafèmi chapant (*compaginem*) sosyete moun-yo epi li ranpli aktivite moun-yo ak yon sans, yon

¹ Cf. Pòl VI, Ansiklik *Ecclesiam suam*, III: AAS 56 (1964), pp. 637-659.

² Cf. Tit 3,4: *fil anqrwpia*.

³ Cf. Efezyen 1,3. 5-6. 13-14. 23.

⁴ Konsil Vatikan 2, Konstitisyon dogmatik *De Ecclesia*, n. 8.

⁵ *Ibid.*, n. 9; cf. n. 8.

⁶ *Ibid.*, n. 8.

⁷ Cf. *ibid.*, n. 38, ak nòt 9.

signifikasyon ki pi profon chak jou. Konsa, gras ak chak manb-li epi gras a totalite kominote-l la, Egliz-la kwè li kapab pote anpil bay fanmi ras moun-nan pou-l fè istwa-a vin pi koresponn a sa moun-nan ye-a (*humaniozem*).

An plis, ak tout kè, Egliz Katolik-la apresye anpil sa lòt Egliz kretyen-yo oubyen kominote eklezyal-yo fè pou ede realize menm sèvis sa-a antan yo te pote konkou ansanm epi y-ap kontinye fè-l. An menm tan li gen konviksyon talan ak aktivite moun-yo sou tè-a, swa kòm endividi swa kòm kominote moun, kapab itil anpil nan divès fason pou prepare anons Evanjil-la. Men kèk prensip jeneral n-ap prezante pou bon devlopman echanj youn ak lòt epi èd ant Egliz-la ak tè-a nan sa ki ta komen ant yo.

(41. *Osiyè èd Egliz-la ap eseye bay chak moun*)

Kounye-a, moun-nan sou rout pou-l devlope pèsonalite-l an plen pi plis epi l-ap dekouvri epi afirme dwa-l yo chak jou pi plis. Kòm yo konfyè Egliz-la misyon pou li manifeste mistè Bondye-a, ki se dènye aboutisman moun-nan, an menm tan l-ap ouvri sans pròp egzistans-li bay moun-nan, sa vle di fen-fon verite (*intimam veritatem*) osiyè moun-nan. Vrèman Egliz-la konnen se Bondye l-ap sèvi-a sèlman ki kapab reponn anvi ki pi profon nan kè moun-nan, sa nouriti terès-yo pa janm kapab fin satisfè nèt. An plis li konnen Espri Sen-an ap envite moun-nan san rete pou li pa janm fin endiferan nèt parapò a problèm relijyon-an, jan sa deja prouve non sèlman nan eskperyans syèk ki pase-yo, men tou nan anpil temwagnaj [nou jwenn] nan tan nou-yo tou. Annefè, moun-nan te toujou bezwen konnen, menm si se yon fason ki pa klè, ki sans lavi-li, aktivite-li, lanmò-li genyen. Prezans Egliz-la menm deja raple problèm sa-yo nan espri-li. Bondye sèl ki te kreye moun-nan pòtre avèk li epi ki te delivre-l anba peche-a kapab bay repons an plen tout bon vre pou kesyon sa-yo, epi li fè sa gras a revelasyon-an nan Kris-la, Pitit li-a ki vin tounen moun. Nenpòt moun ki suiv Kris-la, moun tout bon-an (*hominem perfectum*), li menm tou li vin pi moun (*magis homo fit*).

Apati lafwa sa-a, Egliz-la kapab rale dignite nati moun-nan sot anba tout chanjman opinyon-yo ki kapab, paregzanp, rabese kò moun-nan byen ba oubyen leve-l trò ro san kontròl. Pa gen okenn lejislasyon moun ki kapab mete dignite moun-nan ak libète-l plis an sekirite pase Evanjil Kris-la yo konfyè bay Egliz-la. Evanjil sa-a, annefè, ap anonse epi proklame libète pitit Bondye-yo, l-ap rejte tout esklavaj ki gen dènye sous-li nan peche-a⁸, li respekte tankou bagay ki sakre dignite konsyans [moun-nan] ak desizyon lib-li, l-ap ansegne san rete pou yo miltipliye talan moun-yo nan sèvis Bondye ak byen moun-yo, epi anfen li rekòmande tout moun pou

⁸ Cf. Romen 8,14-17.

renmen tout moun⁹. Sa koresponn a lwa fondamantal prensip lavi kretyen-an (*oeconomiae christianae*). Epi, anefè, si se menm Bondye-a ki Sovè epi Kreatè, se menm nan tou ki Granmèt istwa moun-nan ak istwa sove-a, donk lòd sa-a ki sot nan Bondye non sèlman li pa jan elimine otonomi lejitim kreati-yo epi sitou pa moun-nan, men pi plis li restore-l nan dignite-l epi li rafèmi-l ladan-l.

Donk Egliz-la ap proklame dwa moun-yo, gras a fòs Evanjil-la yo konfyè-l la, epi li rekonèt, li apresye tout bon, fòs-mouvman (*dynamismum*) tan kounye-a k-ap pouse dwa sa-yo an avan toupatou. Mouvman sa-a menm yo dwe ranpli-l ak espri Evanjil-la epi proteje-l kont tout fòm fotonomi. Reyèlman n-ap sibi tantasyon pou nou konsidere dwa pèsonèl nou yo proteje pi byen si nou ta separe-yo ak tout règ lejislasyon Bondye-a. Nan rout sa-a menm, dignite moun-nan pa sove, plis toujou, li peri.

(42. *Osiyè èd Egliz-la ap eseye bay sosyete moun-nan*)

Inyon fanmi ras moun-nan vin ranfòse epi akonpli nan inite fanmi pitit Bondye-yo ki bati nan Kris-la¹⁰.

Men misyon Kris-la konfyè Egliz-la menm-nan se pa nan domèn politik, ekonomik oubyen sosyal : objektif li fikse ba li-a se nan domèn relijye-a¹¹. Men prezizeman, apati misyon relijye sa-a menm, gen fonksyon, limyè ak fòs ki dekoule ki kapab sèvi pou konstitiye oubyen rafèmi kominote moun-yo dapre lalwa Bondye-a. Menm jan-an tou, lè sa nesese dapre sikontans tan-yo ak rejyon-yo, li kapab, - plis toujou, li dwe - mete sou pye inisyativ pou sèvi tout moun sitou sa ki destine pou pòv-yo, tankou inisyativ èv mizerikòd-yo oubyen lòt menm jan-an.

An plis Egliz-la rekonèt tout sa li jwenn ki bon nan fòs-mouvman (*dynamismo*) sosyal kounye-a : sitou mouvman nan direksyon plis inite, avansman yon sosyalizasyon ki kòrèk epi solidarite sivil ak ekonomik. Promosyon inite-a fè pati misyon entim Egliz-la, paske « nan Kris-la », li se « tankou sakreman oubyen sign ak enstriman inyon entim ak Bondye epi inite tout ras moun-nan¹² ». Konsa li montre tè-a vrè inyon sosyal

⁹ Cf. Matye 22,39.

¹⁰ Cf. Konsil Vatikan 2, Konstitisyon døgmatik *De Ecclesia*, n. 9.

¹¹ Cf. Pi XII, Diskou pou istoryen-yo ak atis-yo, 9 mas 1956: AAS 48 (1956), p. 212. [« Jezu-Kri, fondatè li-a ki se Bondye, pa-t ba li okenn misyon ni fikse okenn objektif nan domèn kiltirèl-la. Objektif Kris-la ba li-a li sèlman relijye (...). Egliz-la dwe kondui moun-yo bay Bondye pou yo kapab renmèt tèt yo ba-li san rezèv (...). Egliz-la pa janm kapab bliye objektif sa-a ki relijye osans strikt, ki depase lavi natirèl-la. Signifikasyon tout aktivite-l yo, jous nan dènye atik dwa Kanon-l nan se pou ede rive nan sa dirèkteman oubyen endirèkteman ».]

¹² Konsil Vatikan 2, Konstitisyon døgmatik *De Ecclesia*, n. 1.

ekstèn-nan pran sous-li apati inyon espri-yo ak kè-yo, sa vle di apati lafwa sa-a ak renmen sa-a kote inite-l la ki pa kapab defèt-la bati, nan Espri Sen-an. Annefè, enèji sa-a Egliz-la kapab enjekte nan sosyete moun-yo jodi-a, se nan lafwa sa-a ak renmen sa-a ki bay fwi nan lavi-a li ye, se pa nan egzèsè yon dominasyon sou pa deyò ak senp mwayen moun.

Kòm an plis, poutèt misyon-li ak nati-li li pa mare ak okenn fòm kilti moun-yo an patikilye oubyen ak yon sistèm politik, ekonomik, sosyal, Egliz-la kapab, apati inivèsalite-l sa-a, fè yon lyen trè sere egziste ant divès kominote moun-yo ak nasyon-yo, yon fason pou yo fè-l konfyans epi rekonèt reyèlman vrè libète-l pou-l kapab realize misyon li-an. Se poutèt sa, Egliz-la avèti pitit li yo ni tout moun, nan espri fanmi pitit Bondye sa-a, pou yo depase tout divizyon ant nasyon-yo ak ras-yo epi pou yo bay asosyasyon ki lejitim-yo jarèt sou anndan.

Donk Konsil-la konsidere avèk gran respè tou sa yo jwenn ki vre, ki byen, ki kòrèk, nan tout kalite divès enstitisyon ras moun-nan te tabli epi kontinye ap tabli. An plis li deklare Egliz-la vle ede epi ankouraje tout mòd enstitisyon sa-yo, nan mezi ki depann de li epi ki kapab mache ak misyon-li. Li pa anvì anyen pi plis pase sèvi pou byen tout moun antan li kapab devlope an libète anba nenpòt ki rejim ki rekonèt dwa fondamantal moun-nan ak fanmi-an epi obligasyon byen komen-an.

(43. *Osiyè èd Egliz-la ap eseye bay aktivite moun-yo gras a kretyen-yo*)

Konsil-la ankouraje kretyen-yo, ki se sitwayen toulède sosyete-yo, pou yo fè efò ranpli devwa terès-yo ak fidelite antan yo kite espri Evanjil-la gide-yo. Yo pa rete nan verite-a, moun sa-yo ki panse yo kapab neglije obligasyon terès-yo poutèt yo konnen nou pa gen patri definitif isit-la men n-ap chèche patri ki gen pou vini-an¹³, men yo pa rann yo kont se lafwa-a menm ki oblije yo ranpli [devwa] yo pi byen dapre vokasyon chak moun te resevwa-a¹⁴. Lot moun-yo tronpe yo menm jan-an tou, sa yo ki panse okontrè yo kapab plonje tèt-yo nan aktivite terès-yo yon fason kòm si yo pa ta gen anyen pou wè ak lavi relijye-a ki ta limite dapre yo sèlman nan aksyon ak obligasyon kilt-la epi nan kèk obsèvan moral. Separasyon sa-a ant lafwa yo deklare-a ak lavi chak jou anpil moun, yo dwe konsidere-l kòm youn nan pi gran erè tan n-ap viv la. Skandal sa-a, depi nan Ansyen Testaman-an, profèt-yo te denonse-l avèk fòs¹⁵ epi pi plis toujou nan Nouvo Testaman-an Jezu-Kri li menm te menase-l ak chatiman sevè¹⁶. Donk yo pa dwe mete yon fo-opozisyon ant aktivite profesyonèl-yo ak sosyal-yo sou yon bò, epi lavi relijye-a sou yon lòt bò.

¹³ Cf. Ebre 13,14.

¹⁴ Cf. 2 Tesalonisye 3,6-13; Efezyen 4,28.

¹⁵ Cf. Izayi 58,1-12.

¹⁶ Cf. Matye 23,3-33; Mark 7,10-13.

Kretyen-an ki neglije devwa tanporèl-li, se devwa alega prochen-an, plis toujou, alega Bondye, li neglije epi li mete lavi (*salutem*) etènèl-li an danje. Antan y-ap suiv egzanp Kris-la ki te egzèse metye yon atizan, se pou kretyen-yo kontan pito poutèt yo kapab egzèse tout aktivite terès yo antan yo lye ansanm nan yon sèl sentèz vital efò-yo kòm moun, nan fanmi-an, nan profesyon-yo, nan syans-yo ak teknik-yo, ansanm ak byen relijye-yo kote tout bagay vin koòdone, anba lòd-yo ki pi ro, pou glwa Bondye.

Profesyon ak aktivite profàn-yo (*saecularia*) se pou layik-yo yo ye an pròp, menmsi se pa yon fason eksklizif. Donk lè y-ap aji tankou sitwayen tè-a, pou kont yo oubyen an asosyasyon, se pa sèlman lwa chak disiplin pou yo obsève, men se pou yo fè efò pou yo vin gen yon konpetans tout bon nan domèn-nan. Avèk plezi yo va kolabore ak moun k-ap rapousuiv menm objektif-yo. Antan yo rekonèt egzijans lafwa-a epi antan yo gen fòs-li, se pa pou yo ezite, lè sa nesèsè, pou yo panse nouvo inisyativ epi rive realize-yo nèt. Se yo menm ak konsyans yo ki byen fòme ki dwe enskri lalwa Bondye-a nan sosyete tè-a. Layik-yo ap tann limyè ak fòs spirityèl nan men prèt-yo. Men yo pa dwe panse pastè-yo toujou gen konpetans pou yo deja gen yon solisyon konkrè tou pare pou tout kesyon ki parèt devan yo, menm si kesyon-an grav, [ni yo pa dwe panse] se ta pou sa yo voye [pastè-yo] an misyon : men pi plis, yo menm menm [layik-yo] ki klere ak sajès kretyen-an antan y-ap fè atansyon pou yo obsève doktrin Majistè-a, se pou yo pran pròp responsabilite pati pa yo-a.

Anpil fwa vizyon kretyen-an menm sou realite-a kapab fè yo panche pou kèk solisyon detèmine nan kèk sitiasyon. Men lòt fidèl, ki pa mwens sensè, kapab jije otreman osijè menm realite-a jan sa rive trè souvan epi se lejitim. Epi si solisyon sa-yo oubyen lòt-yo propoze-a, anpil moun ka mete-yo an koneksyon ak anons Evanjil-la, menm si se pa ta entansyon [moun ki propoze yo-a], nan ka sa-yo, se pou yo sonje pèsonn pa gen dwa revandike otorite Egliz-la yon fason eksklizif pou pròp ide pa yo-a. Se pou yo toujou chèche klere youn lòt nan yon dyalòg ki sensè, antan yo konsève renmen-an youn pou lòt epi antan y-ap chèche byen komen-an anvan tout bagay.

Reyèlman, layik-yo ki dwe patisipe efektivman nan jestyon tout lavi Egliz-la, gen obligasyon non sèlman pou fè espri kretyen-an anvayi tè-a, men tou vokasyon-yo se pou yo temwen Kris-la nan tout bagay nan mitan sosyete moun-nan.

Evèk-yo menm, yo renmèt yo fonksyon dirije Egliz Bondye-a ansanm ak prèt-yo, yo dwe preche mesaj Kris-la yon fason pou tout aktivite terès fidèl-yo kapab plen nèt ak limyè Evanjil-la. An plis, tout pastè-yo dwe sonje se vizaj Egliz-la y-ap montre bay tè-a nan fason yo konpòte-yo chak jou

epi nan elan pou pran swen lòt-yo (*sollicitudine*)¹⁷; se apati sa, moun-yo jije fòs ak verite mesaj kretyen-an. Nan lavi-yo ak nan paròl-yo, ansanm ak relijye konsakre-yo epi fidèl-yo, se pou yo demontre ak prezans Egliz-la sèlman, ansanm ak tout don ki ladan-l, se deja yon sous ki pap tari pou vèrtu sa-yo tè-a pi bezwen vre jodi-a. Se pou yo etidye seryezman ak konstans pou yo kapab byen prepare, konsa yo va kapab jwe ròl-yo nan dyalòg y-ap etabli ak tè-a epi moun-yo kèlkeswa opinyon-yo. Toudabò se pou yo kenbe nan kè-yo paròl sa-yo Konsil-la di-yo : « Paskè ras moun-nan jodi-a ap vin fòme chak fwa pi plis yon inite sivil, ekonomik epi sosyal, sa fè Prèt-yo oblije mete akote tout rezon dispèsyon epi pou mete preokipasyon-yo ak travay-yo ansanm, anba direksyon Evèk-yo ak Souveren Pontif-la, pou yo kapab kondui tout ras moun-nan nan inite fanmi Bondye-a¹⁸».

Menm si Egliz-la gras a fòs Espri Sen-an toujou rete epouz fidèl Granmèt li-a epi li pa janm sispann sèvi kòm sign sove-a sou tè-a, li konnen tè byen tou nan pami manb li-yo¹⁹, swa klèje-a swa layik-yo, nan deroulman anpil seri syèk-yo, pa-t manke sa ki te enfidèl papapò a Espri Bondye-a. Menm nan tan nou-an kounye-a Egliz-la okouran konbyen mesaj l-ap pote-a gen distans parapò a feblès moun sa-yo yo konfyè Evanjil-la. Kèlkeswa sa istwa jije osijè defo sa-yo, nou dwe pran konsyans yo la epi konbat yo ak kouraj pou yo pa pote nuizans nan gaye Evanjil-la. Menm jan-an tou, Egliz-la konnen li dwe aprann grandi san rete (*iugiter maturescere debeat*) apati eksperyans syèk ki pase-yo pou li kapab devlope relasyon-li ak tè-a. Antan Espri Sen-an ap gide-l, Egliz-la ki Manman ap ankouraje pitit li-yo san rete « pou yo pirifye epi renouvle, yon fason pou sign Kris-la kapab klere pi byen sou vizaj Egliz-la²⁰».

(44. *Osijè èd Egliz-la resevwa apati tan n-ap viv kounye-a*)

Menm jan li enpòtan pou tè-a konnen Egliz-la kòm yon realite sosyal nan istwa-a epi kòm yon leven ladan-l, konsa tou Egliz-la pa ignore tout sa li resevwa apati istwa ak evolasyon ras moun-nan.

Eksperyans syèk ki pase-yo, avansman syans-yo, trezò ki kache nan divès fòm kilti moun-nan, ki pèmèt manifeste nati moun-nan pi afon epi ouvri nouvo chemin pou verite-a, yo itil tou pou Egliz-la. Depi nan kòmansman istwa li, [Egliz-la] te aprann ekspri mesaj Kris-la nan mòd konsepsyon (*ope conceptuum*) ak langaj divès pèp-yo, epi li te eseye klere-l sitou ak sajès filozòf-yo : objektif-la se te pou li adapte Evanjil-la, nan mezi sa te

¹⁷ Cf. Konsil Vatikan 2, Konstitisyon døgmatik *De Ecclesia*, n. 28.

¹⁸ *Ibid.*, n. 28.

¹⁹ Cf. Sen Anbwaz, *De virginitate*, VIII, 48: PL 16, 278.

²⁰ Konsil Vatikan 2, Konstitisyon døgmatik *De Ecclesia*, n. 15.

kòrèk, pou konpreansyon tout moun oubyen dapre egzijans saj-yo. Predikasyon paròl revelasyon-an yon fason adapte dwe toujou rete kòm prensip tout evanjelizasyon. Se konsa, nan tout nasyon, yo va ankouraje posibilite pou anonse mesaj Kris-la nan fason [nasyon-an] ekspriye-l epi, an menm tan, sa va devlope yon echanj vital ant Egliz-la ak kilti diferan pèp yo ²¹. Pou Egliz-la rive ogmante echanj sa-a, sitou nan tan n-ap viv kounye-a kote realite-a ap chanje byen vit epi fason-d-panse-yo ap varye tout bon, li spesyalman bezwen èd moun-yo k-ap viv sou latè-a ki byen okouran divès enstitisyon ak syans-yo epi ki konprann mantalite-yo afon, kit yo kwayan, kit yo pa kwayan. Se devwa tout Pèp Bondye-a, sitou pastè-yo ak teolojyen-yo, ak sekou Espri Sen-an, pou yo koute avèk atansyon divès langaj tan n-ap viv kounye-a, disène-yo, entèprete-yo, epi jije-yo anba limyè paròl Bondye-a, pou li kapab kapte Verite revele-a pi afon, pou konprann-li pi byen epi propoze-l yon fason pi adapte.

Kòm Egliz-la gen yon strikti sosyal vizib, sign inite li nan Kris-la, li kapab anrichi apati evolisyon lavi sosyal moun-nan epi li anrichi vre, pa kòm si kichòy ta manke nan konstitisyon Kris-la te ba li-a, men pou li kapab konprann [konstitisyon] sa-a pi afon, ekspriye-l pi byen epi yon fason ki pi byen adapte tout bon (*felicis*) ak tan n-ap viv-yo. Ak yon kè rekonesan, [Egliz-la] konstate li resevwa divès fòm èd sot nan moun divès nivo ak kondisyon ni nan kominote li-a ni nan chak pitit li-yo. Annefè, tout moun k-ap fè kominote moun-nan progresse dapre plan Bondye-a swa nan domèn fanmi-an, kilti-a, lavi ekonomik ak sosyal-la, epitou nan politik nasyonal oubyen entènasyonal-la, se pa ti èd yo pote tou pou kominote Egliz-la nan sa ki ta depann de realite sou pa deyò-yo. Plis toujou, Egliz-la kapab di li te menm profite anpil epi l-ap profite de opozisyon sa k-ap konbat li-yo oubyen pèsekite-l ²².

(45. *Osiyè Kris-la, alfa epi omega*)

Pandan Egliz-la ap ede tè-a epi ap resevwa anpil bagay nan men-l, se yon sèl bagay l-ap chèche : pou Wayòm Bondye-a rive epi pou tout ras moun-nan etabli nan sove-a. Reyèlman, tout byen Pèp Bondye-a kapab ofri fanmi ras moun-nan nan tan pèlerinaj li-a sou tè-a, soti nan realite Egliz-la ki se « sakreman inivèsèl pou sove-a » ²³, l-ap manifeste epi an menm tan l-ap realize mistè renmen Bondye-a pou moun-nan.

²¹ Konsil Vatikan 2, Konstitisyon dōgmatic *De Ecclesia*, n. 13.

²² Cf. Justen, *Dialogus cum Tryphone*, 110: PG 6, 729; ed. Otto, 1897, pp. 391-393: « ... men plis yo t-ap enflije nou bagay sa-yo, se pi plis lòt fidèl t-ap fèt epi pi deside gras a non Jezu ». - Cf. Tèrtilyen, *Apologeticus*, chap. 50, 13 : Corpus Christianorum, series latina, I, p. 171 : « Nou vin pi plis menm, chak fwa nou keyi nou (= pèsekite nou) : san Kretyen-yo se yon semans ! ». - Cf. Konstitisyon dōgmatic *De Ecclesia*, n. 9.

²³ Konsil Vatikan 2, Konstitisyon dōgmatic *De Ecclesia*, n. 48.

Paròl Bondye-a menm ki te fè tout bagay-yo, se li menm ki vin tounen chè, pou antan li se moun tout bon (*perfectus homo*), li sove tout moun epi li ranmase tout tè-a. Granmèt-la se dènye bout istwa moun-nan, pwen kote tout swaf istwa-a ak sivilizasyon-an vle rive, pivo santral ras moun-nan, kè kontan tout kè-yo epi plenitid tout sa yo anvi²⁴. Se li menm Papa-a leve sot nan lanmò-a, li leve-l anlè epi li mete-l adwat li, antan li tabli-l kòm jij moun k-ap viv-yo ak sa ki mouri-yo. Antan nou jwenn lavi epi nou rasanble ansanm nan Espri li-a, n-ap avanse al nan dènye aboutisman istwa moun-nan, jan sa konfòm nèt ale ak plan renmen li-an : « Ranmase [Vulgat : *instaurare* = restore/renouvle] tout bagay nan tèt, nan Kris-la, sa-k anro sièl-yo epi sa-k anro tè-a nan li-menm » (Efezyen 1,10).

Granmèt-la li menm menm te di : « Men m-ap vini byen vit, epi pri travay mwen avèk mwen. M-ap renmèt chak moun dapre aksyon li. Mwen menm Alfa-a ak Omega-a, premye-a ak dènye-a, kòmansman-an ak finisman-an » (Apokalips 22,12-13).

Dezyèm pati

OSIJÈ KÈK PROBLÈM KI PI PRESE

(46. Entrodiksyon)

Aprè Konsil-la fin montre ki kalite dignite ki pou moun-nan epitou ki fonksyon yo rele-l pou-l ranpli sou tè-a swa kòm endividi swa an sosyete, anba limyè Evanjil-la ak eksperyans moun-nan l-ap atire atansyon espri nou sou kèk nesosite ki pi prese (*urgentiores*) pou tan kounye-a ki touche ras moun-nan pi plis.

Nan pami sa ki souleve enterè tout moun jodi-a, li bon pou raple sa-yo sitou : maryaj-la ak fanmi-an, kilti moun-nan, lavi ekonomik, sosyal epi politik-la, solidarite fanmi pèp-yo ak lapè-a. Prensip ak limyè ki soti nan Kris-la projte sou yo chak, konsa kretyen-yo va jwenn gid epi tout moun va jwenn klète nan chèche solisyon problèm sa-yo ki sitèlman konplike.

Chapit 1

Osijè ankouraje dignite maryaj-la ak fanmi-an

(47. Osijè maryaj-la ak fanmi-an nan tan n-ap viv kounye-a)

Sante moun-nan ak sosyete moun-yo epi sosyete kretyen-an gen koneksyon sere ak kondisyon favorab kominote maryaj-la ak fanmi-an. Se pou sa, kretyen-yo ansanm ak tout moun ki gen gran estim pou kominote sa-

²⁴ Cf. Pòl VI, diskou li te fè 3 fevriye 1965.

a, vrèman kontan poutèt tout mwayen sa-yo k-ap progrese jodi-a ki pèmèt favorize renmen-an epi respè pou lavi-a pami moun-yo, epi k-ap ede epou-yo ak paran-yo nan fonksyon yo-a ki sitèlman ro ; y-ap tann yo bay pi bon avantaj toujou epi yo fè efò pou fè yo avanse pi devan.

Men se pa tout kote dignite enstitisyon sa-a klere ak menm klète-a, paske li vin toufe (*obscuratur*) nan poligami-an, epidemi divòs-la, renmen yo rele lib-la epi lòt mòd defòmasyon ; an plis yo profane renmen maryaj-la trè souvan ak egoism, edonism (swaf chèche plezi sèlman) epi konpòtman ilisit kont transmision lavi-a. An plis, kondisyon ekonomik, soyal, psikolojik, ak kondisyon lavi sivil-la kounye-a entrodui troub ki pa lejè nan fanmi-an. Anfen, nan kèk rejyon sou latè, se pa san preokipasyon y-ap konsidere problèm ki soti nan kwasans demografik-la. Tout bagay sa-yo angwase konsyans-la. Poutan se nan sa tou fòs ak solidite enstitisyon maryaj-la ak fanmi-an parèt, ki fè chanjman profon k-ap fèt nan sosyete jodi-a, malgre difikilte ki vin sot nan-yo, y-ap montre nan divès fason chak fwa pi plis vrè karaktè menm enstitisyon sa-yo.

Se poutèt sa, Konsil-la, antan l-ap mete kèk chapit ansègnman Egliz-la nan yon limyè ki pi klè, vle ankouraje epi klere kretyen-yo ak moun-yo k-ap eseye proteje epi fè avanse eta kondisyon dignite otantik maryaj-la epi gran valè sakre li genyen.

(48. *Osi jè sentete maryaj-la ak fanmi-an*)

Kominote lavi entim epi renmen konjigal-la Kreatè-a fonde antan li tabli prensip li-yo, li te restore nan alyans maryaj-la sètadi nan konsantman pèsonèl irevokab-la. Konsa, gras a akt moun-nan, kote konjwen-yo renmèt tèt-yo youn bay lòt epi resevwa youn lòt, se yon enstitisyon ki soti byen solid dapre règleman Bondye, menm parapò a sosyete-a ; an konsiderasyon byen epou-yo, timoun-yo ak sosyete-a, lyen sakre sa-a pa depann de bon plezi kapris moun-nan. Se Bondye menm ki kreatè maryaj-la antan li gratifye-l ak divès byen epi finalite ¹; tout se bagay ki gen pi gran enpòtans pou kontinyasyon ras moun-nan, pou progrè pèsonèl ak destine etènèl chak manb nan fanmi-an, pou dignite, stabilite, lapè ak prosperite fanmi-an ak tout sosyete moun-nan. Dapre karaktè natirèl-li menm, enstitisyon maryaj-la ak renmen ant konjwen-yo oryante pou prokreasyon ak edikasyon timoun-yo epi yo kourone-l tankou pi ro pwèn yo. Se pou sa gason-an ak fi-a, poutèt alyans maryaj-la, yo « pa de ankò men yon sèl chè » (Matye 19,6) nan inyon entim pèson-yo ak travay-yo y-ap ede youn lòt epi y-ap rann youn lòt sèvis, konsa yo eksperimante sans inyon yo-a epi aprofondi-l chak

¹ Cf. Sent Ogusten, *De bono coniugalis* : PL 40, 375-376. 394. - Sen Toma d'Aken, *Summa theologiae*, Supplementum, q. 49, a. 3, ad 1.- *Decretum pro Armenis*: Denzinger 702 (1327).- Pi XI, Ansiklik *Casti Connubii* : AAS 22 (1930), pp. 543-555; Denzinger 2227-2238 (3703-3714).

jou pi plis. Inyon entim sa-a, poutèt li se kado de moun fè youn ak lòt epi-tou poutèt byen timoun-yo, li egzije fidelite total konjwen-yo epi li mande pou inite yo-a pa kapab defèt ².

Kris-la, Granmèt-la beni tout aspè renmen sa-a byen beni (*abundanter*), se nan sous renmen Bondye-a li soti epi li konstitiye sou modèl inyon li-an ak Egliz-la. Menm jan Bondye te vin devan pèp li-a lontan ak yon alyans renmen epi fidelite ³, se konsa tou kounye-a Sovè moun-yo epi Epou Egliz-la, vin rankontre epou kretyen-yo gras a sakreman maryaj-la ⁴. Li kontinye rete avèk yo, pou menm jan li menm li te renmen Egliz-la epi li te renmèt pròp tèt-li pou li ⁵, konsa tou epou-yo, antan yo bay youn lòt tèt-yo, yo renmen youn lòt ak fidelite tout tan san rete. Renmen konjigal otantik-la vin antre nan renmen Bondye-a epi li dirije, li anrichi gras a fòs delivrans Kris-la ansanm ak aksyon sove Egliz-la, pou li ka kondui epou-yo al jwenn Bondye efektivman epi pou ede yo, ankouraje yo nan gran responsabilite yo kòm papa ak manman ⁶. Se sa-k fè gen youn sakreman spesyal pou fòtifye epi kòm konsakre epou kretyen-yo ⁷ pou [yo realize] devwa kondisyon yo ak dignite yo ; gras a fòs [sakreman] sa-a yo ranpli ròl konjigal epi famiyal yo antan yo plen ak Espri Kris-la ki fè lafwa, esperans ak renmen anvayi tout lavi yo pou yo ka rive chak jou pi plis nan pròp pèfeksyon yo, pou yo sanktifye youn lòt epi rive bay Bondye glwa ansanm.

Konsa, antan egzanp paran-yo menm ak lapriyè an fanmi-an mache devan yo, pitit-yo, epi plis toujou tout moun k-ap viv ansanm nan fanmi-an, va rive jwenn rout pi fasilman pou vin moun tout bon, rout sove-a ak vin sen-an. Epou-yo menm antan yo anbeli ak dignite epi fonksyon patènite-a ak matènite-a yo va ranpli avèk swen devwa edikasyon-an ki regade yo-mem an premye, sitou edikasyon relijye-a.

Pitit-yo, tankou manb vivan nan fanmi-an pote konkou nan fason pa yo pou sanktifikasyon paran-yo. Annefè, ak dispozisyon espri rekonesans, pyete epi konfyans, yo va koresponn ak avantaj yo resevwa nan men paran yo ; tankou bon pitit yo va asiste yo nan difikilte lavi-a epitou nan solitud vyeyès-la. Se pou tout moun onore moun ki vèf-yo ⁸ ki aksepte kondisyon

² Cf. Pi XI, Ansiklik *Casti Connubii* : AAS 22 (1930), pp. 546-547 ; Denzinger 2231 (3706).

³ Cf. Oze 2 ; Jeremi 3,6-13 ; Ezekyel 16.13 ; Izayi 54.

⁴ Cf. Matye 9,15 ; Mark 2,19-20 ; Luk 5,34-35 ; Jan 3,29 ; 2 Koretyen 11,2 ; Efezyen 5,27 ; Apokalips 19,7-8 ; 21,2.9.

⁵ Cf. Efezyen 5,25.

⁶ Cf. Konsil Vatikan 2, Konstitisyon døgmatik *De Ecclesia*, n. 11, 35, 41.

⁷ Cf. Pi XI, Ansiklik *Casti Connubii* : AAS 22 (1930), p. 583.

⁸ Cf. 1 Timote 5,3.

sa-a ak kouraj nan menm lign vokasyon maryaj-la. Ak jenerozite, chak fanmi va pataje richès spirityèl li-yo ak lòt fanmi-yo. Konsa, fanmi kretyen-an ki soti nan maryaj-la ⁹ ki se yon imaj epi yon patisipasyon nan alyans renmen Kris-la ak Egliz-la, va manifeste prezans vivan Sovè-a pou tout moun sou tè-a epi nati otantik Egliz-la, swa nan renmen epou-yo, jenerozite fekondite-a, inite-a ak fidelite-a, swa nan kooperasyon tout manb-yo nan renmen.

(49. *Osiyè renmen nan maryaj-la*)

Plizyè fwa, paròl Bondye-a envite fiyansè-yo ak epou-yo pou yo kenbe yon renmen chast (*casto amore*) nan fiyansay-la epi pou yo nourri yon renmen san fay (*indivisa dilectione*) nan maryaj-la ¹⁰. Anpil moun tou nan epòk n-ap viv-la gen gran konsiderasyon pou veritab renmen (*amore*) ant mari ak madanm-nan poutèt divès rezon dapre koutim onèt ki manifeste nan pèp-yo ak tan-yo. Renmen sa-a menm (*amor*), paske li koresponn a sa moun-nan ye tout bon vre (*eminenter humanus*), poutèt li dirije mouvman-afeksyon volonte-a sot nan yon moun al nan yon lòt, li anglobe byen tout moun-nan, epi se pou sa li kapab anrichi ekspresyon kò ak nanm-nan ak yon dignite spesyal epi valorize-yo ak noblès kòm eleman ak sign patikilye amitye konjigal-la. Granmèt-la te vle geri renmen sa-a (*amore*), pèfeksyone-l epi leve-l ak yon gras spesyal epi kado renmen-charite-a (*caritatis dono*). Renmen sa-a (*amor*), antan li asosye sa ki sot nan moun ak sa ki sot nan Bondye, li kondui epou-yo pou youn bay lòt tèl-li libreman, li bay prèv li nan santiman ak jès tandrès epi li anvayi lavi-yo toutantye ¹¹; plis toujou, jenerozite egzèsis sa-a pèfeksyone [renmen-an] epi fè-l grandi. Donk li depase byen lwen senp panchan erotik-la ki disparèt byen vit epi yon fason mizerab lè yo kiltive-l yon fason egoyis.

Afeksyon renmen sa-a (*dilectio*) eksprime-l epi pèfeksyone-l yon fason spesyal nan egzèsis ki patikilye pou maryaj-la. An konsekans, akt kote epou-yo ini youn ak lòt yon fason entim epi chast, yo onèt epi yo dign, epi lè yo egzèsè-yo yon fason ki koresponn a sa moun-nan ye vre (*modo vere humanus*), se don youn fè bay lòt-la yo vle di epi yo favorize, kote youn anrichi lòt nan kè kontan ak rekonesans. Renmen sa-a ki ratifye nan yon angajman youn ak lòt, epi ki sanktifye ak plis fòs nan sakreman Kris-la, li rete fidèl san li pa kapab defèt nan sitiasyon favorab ak nan sitiasyon defavorab (*inter prospera et adversa*) pou kò-a ak espri-a, epi poutèt sa li rete andeyò tout adiltè ak divòs. Egal dignite kòm moun, yo

⁹ Cf. Efezyen 5,32.

¹⁰ Cf. Jenèz 2,22-24; Provèb 5,18-20; 31,10-31; Tobi 8,4-8; Kantik 1,1-3; 2,16; 7,8-11; 1 Korentyen 7,3-6; Efezyen 5,25-33.

¹¹ Cf. Pi XI, Ansiklik *Casti Connubii*: AAS 22 (1930), pp. 547-548; Denzinger 2232 (3707).

dwe rekonèt pou gason-an ak fi-a nan afeksyon renmen (*dilectio*) youn gen pou lòt an plen-an, montre inite maryaj-la trè byen, sa Granmèt-la konfime-a. Pou kapab realize devwa vokasyon kretyen sa-a yon fason konstan, yo bezwen yon vèrtu remakab : se poutèt sa epou-yo gras-la fòtifye pou yon lavi sen, dwe kiltive san rete yon renmen ki solid, yon kè ki gran epi yon espri sakrifis, yo va mande sa nan priyè yo.

Yo va apresye renmen konjigal otantik-la anpil epi yo va fòme yon opinyon piblik ki kòrèk osijè-l si epou kretyen-yo jwe ròl yo ak temwagnaj fidelite-a epi bon antant nan menm renmen-an ak devouman nan edike pitit-yo, epitou si yo distenge-yo nan renouvèlman ki nesèsè-yo sou plan kiltirèl, psikolojik epi sosyal an favè maryaj-la ak fanmi-an. Se pou yo enstwi jèn-yo a tan, yon fason ki adapte, osijè dignite renmen konjigal-la, fonksyon-li ak egzèsis-li, se anndan fanmi-an sitou pou sa fèt, pou antan yo fòme pou kiltive chastete-a, yo va kapab angaje-yo nan maryaj-la lè laj-la va rive, apre fiyansay ki onèt.

(50. *Osijè fekondite maryaj-la*)

Maryaj-la ak renmen konjigal-la, dapre pròp karaktè-yo fèt pou prokreasyon pitit-yo ak edikasyon-yo. Dayè pitit-yo se pi bon kado maryaj-la epi yo pote pi gran konkou-a pou byen paran-yo yo menm. Bondye menm ki te di : « li pa bon pou moun-nan pou kont-li » (Jenèz 2,18) epi « ki te fè moun-nan gason ak fi depi nan kòmansman-an » (Matye 19,4), antan-l te vle kominike yon patisipasyon spesyal nan pròp pouvwa krèatè-l la, li te beni mari-a ak madanm-nan antan-l di : « ogmante epi miltipliye nou » (Jenèz 1,28). Se sa-k fè yon vrè renmen konjigal byen kiltive, ansanm ak tout lavi famiyal ki sòti ladan-l, san nou pa mete lòt objektif maryaj-la an dezyèm, sa sèvi pou epou-yo byen dispoze ak kouraj pou koòpere ak renmen Kreatè-a epi Sovè-a ki vle agrandi epi anrichi fanmi li-a jou apre jou, gras a yo.

Nan devwa pou transmèt lavi moun-nan epi edike-l, - sa yo dwe konsidere kòm pròp misyon yo, - epou-yo konnen yo se kooperatè renmen Bondye Kreatè-a epi yo se tankou entèprèt-li. Se pou sa yo va ranpli fonksyon yo ak responsabiltè tankou moun epi tankou kretyen, antan yo gen respè dosil parapò a Bondye, yo va fòme jijman yo dwat nan deside epi fè efò ansanm, yo va okipe sa ki pròp byen yo ak byen timoun-yo swa si yo deja fèt swa yo prevwa y-ap vini, yo va disène tan-yo ak eta kondisyon lavi materyèl oubyen spirityèl, epi anfen yo va fè atansyon a byen kominote fanmi-an, sosyete tanporèl-la ak Egliz-la li menm. Jijman sa-a, alafen, se epou-yo ki dwe fè-l, devan Bondye. Nan fason y-ap ajè, epou kretyen-yo konsyan yo pa kapab konpòte-yo dapre bon plezi-yo, men se pou yo toujou regle konsyans-yo yon fason pou li konfòm ak lwa Bondye-a, antan yo dosil alega Majistè Egliz-la k-ap entèprete [lwa] sa-a

anba limyè otantik Evanjil-la. Lwa Bondye sa-a montre vrè signifikasyon renmen konjigal-la, li proteje-l epi li pouse rive nan vrè pèfeksyon moun-nan. Konsa, epou kretyen-yo, antan yo met konfyans nan Providans Bondye epi yo kiltive espri sakrifis ¹², yo va bay Kreatè-a glwa epi yo va aspire ale ansanm nan pèfeksyon-an nan Kris-la, lè yo va ranpli devwa prokreasyon-an ak yon responsabilite tankou moun epi tankou kretyen nan jenerozite. Pami epou ki realize kalite fonksyon sa-a Bondye konfyè-yo ansanm-nan, yo dwe sonje mansyone yon fason spesyal sa yo ki mete yo dakò pou deside ak prudans pou yo aksepte edike pitit-yo jan sa dwe fèt ak tout kè-yo, menm si yo anpil ¹³.

Poutan, maryaj se pa sèlman pou prokreasyon-an yo te tabli-l; men karaktè alyans ki pa ka defèt ant moun-yo epi byen timoun-yo egzije pou renmen epou-yo youn pou lòt manifeste-l nan yon lòd ki dwat, pou-l progresse epi devlope. Se sa-k fè menm si yo pa ta gen pitit yo sitèlman anvi, maryaj-la rete kòm kominote ak kominyon tout lavi, li konsève valè li epi yo pa kapab defèt li (*indissolubilitatem servat*).

(51. *Osiyè renmen konjigal-la ki dwe mache ak respè lavi moun-nan*)

Konsil-la konnen epou ki vle òdone lavi maryaj yo-a nan bon antant, souvan y-ap bite devan kèk kondisyon lavi kounye-a, epi sikonstans defavorab-yo kapab fè yo pa kapab ogmante kantite pitit-yo omwens pandan kèk tan, epi se pa san difikilte yo rive konsève pratik yon renmen fidèl epi yon lavi komen an plenitud. Lè yo vin entèronp entimite lavi konjigal-la, ase souvan byen fidelite-a kapab vin an danje epi byen timoun-yo kapab fè fon : lè sa-a edikasyon pitit-yo ak fòs kouraj ki nesesè pou akeyi lòt pitit vin ap periklite.

Gen sa ki pretann ofri solisyon pou problèm sa-yo epi ki pa menm ta rekile devan touye [moun]; men Egliz-la ap fè sonje pa kapab genyen yon kontradiksyon ant lwa Bondye an favè transmisyon lavi-a ak efò pou favorize yon renmen konjigal ki otantik.

Se Bondye menm, Granmèt lavi-a, ki konfyè moun-yo gran fonksyon prezèvasyon lavi-a pou yo realize-l yon fason di dign pou moun-nan. Donk se depi nan premye moman konsepsyon-an yo dwe proteje lavi-a ak pi gran swen; avòtman ak touye timoun se krim ki degoutan. Karaktè seksyalite moun-nan ak kapasite pou anfante moun-nan depase yon fason ekstraòdinè sa yo jwenn nan lòt degre lavi ki pa ba yo; se sa-k fè akt ki spesyal pou lavi konjigal-la menm, ki fèt dapre dignite otantik moun-nan, yo dwe respekte-l ak anpil anpil swen. Donk yo pa dwe detè-

¹² Cf. 1 Korentyen 7,5.

¹³ Cf. Pi XII, Diskou *Tra le visite*, 20 janvye 1958 : AAS 50 (1958), p. 91.

mine karaktè moral prensip aksyon kote yo mete ansanm renmen konjigal-la ak transmisyon lavi-a yon fason responsab kòm si yo ta depann sèlman de senterite entansyon ak apresyasyon motif-yo, men tou dapre kritè objektif yo pran apati moun-nan li menm epi nati akt li-yo, [kritè] sa-yo respekte sans entegral don youn fè bay lòt-la epi prokreasyon moun-nan ki dwe fèt nan yon kontèks renmen tout bon ; sa pa ka rive si yo pa pratike vèrtu chastete konjigal-la ak yon kè sensè. Pitit Egliz-la, antan yo apuiye sou prensip sa-yo, nan kesyon kontrole prokreasyon-an, pa dwe antre nan rout Majistè-a pa aprouve, lè l-ap esplike lwa Bondye-a¹⁴.

Men se pou sa klè pou tout moun, lavi moun-nan ak fonksyon pou transmèt li-a, yo pa kapab redui-l sèlman a syèk sa-a ni non plis se pa la sèlman pou yo mezire yo oubyen konprann yo, men yo dwe toujou konsidere yo an fonksyon destine etènèl moun-nan.

(52. *Osi jè promosyon maryaj-la ak fanmi-an tout moun dwe pran swen-an*)

Fanmi-an se tankou yon lekòl pou aprann vin moun tout bon nèt ale (*uberioris humanitatis*). Pou li kapab rive nan plenitud lavi-li ak misyon-li, li bezwen pou nanm-yo fè youn nan vle wè byen youn pou lòt, pou epou-yo pran desizyon ansanm, epitou pou paran-yo koopere ak swen nan edikasyon pitit-yo. Prezans aktif papa-a ede anpil anpil nan fòmasyon-an, men tou yo dwe proteje swen kay-la manman-an ap pran-an sitou parapò a bezwen ti moun ki pi piti yo, san sa pa fè neglije promosyon sosyal ki lejitim pou medam-yo. Nan edikasyon-an, se pou yo fòm pitit-yo yon fason pou lè yo rive nan laj adilt yo vin gen sans responsabilite-yo an plen, pou yo kapab suiv vokasyon-yo, menm vokasyon relijye-a, epi chwazi mòd lavi yo, pou si yo rive nan maryaj-la, yo kapab fonde pròp fanmi yo nan kondisyon moral, sosyal ak ekonomik ki favorab pou yo. Paran-yo oubyen gadyen-yo gen pou misyon pou yo gide jèn-yo ak konsèy prudents nan kesyon fonde fanmi-an, antan [jèn-yo] dakò koute yo, se pou [paran-yo] fè atansyon pou yo pa fòse yo antre nan maryaj-la ni dirèkteman ni endirèkteman, ni non plis nan chwazi konjwen yo.

Konsa, fanmi-an se fondman sosyete-a, kote diferan jenerasyon rankontre epi y-ap ede youn lòt vin gen plis sajès epi amonize dwa pèsònèl-yo ak lòt egzijans lavi sosyal-la. Se poutèt sa, tout moun ki gen enfluyans sou ko-

¹⁴ Cf. Pi XI, Ansiklik *Casti Connubii* : AAS 22 (1930), pp. 559-561; Denzinger 2239-2241 (3716-3718). - Pi XII, Diskou pou Rasanbleman Inyon Fam-saj Italyen-yo, 29 oktòb 1951: AAS 43 (1951), pp. 835-854. - Pòl VI, Diskou pou Kadinal-yo, 23 jwen 1964: AAS 56 (1964), pp. 581-589. Souveren Pontif-la bay lòd pou renmèt bay kèk Komisyon pou etid sou popilasyon-an, fanmi-an ak natalite-a, kèk kesyon ki reklame lòt envestigasyon pi aprofondi, konsa, lè yo va fini travay-yo, Souveren Pontif-la va prononse-l [sou kesyon sa-yo]. Antan ansègnman Majistè-a rete konsa, Sinòd sa-a ki sen-an pa gen entansyon propoze imedyatman okenn solisyon konkrè.

minote-yo ak sou group sosyal-yo, yo dwe travay ansanm yon fason efikas pou promosyon maryaj-la ak fanmi-an. Pouvwa sivil-la dwe konsidere kòm yon devwa sakre li genyen pou li rekonèt veritab nati [maryaj-la ak fanmi-an], proteje yo epi fè yo progrese, defann moralite piblik-la epi favorize prosperite fwaye-yo. Yo dwe proteje dwa paran-yo pou yo fè pitit epi pou edike yo anndan fanmi-an. Pou moun ki malerezman pa gen byen sa-a ki se yon fanmi, se pou lejislasyon-an ak divès inisyativ prevwa kijan pou yo proteje yo epi soutni yo avèk èd ki konvnanb.

Fidèl kretyen-yo antan y-ap rachte tan sa-a ¹⁵ epi y-ap disène ant fòm ki etènèl-yo ak sa ki chanjab-yo, se aktivman yo va fè promosyon byen ki se maryaj-la ak fanmi-an, swa ak temwagnaj pròp lavi-yo, swa nan aksyon kote yo met dakò ak moun bòn volonte-yo, epi, konsa, antan yo ekate difikilte-yo, yo va okipe bay fanmi-an sa ki nesèsè epi fè yo alèz dapre sa ki koresponn ak nouvo tan-yo. Pou yo rive atenn objektif sa-a santiman fidèl kretyen-yo va jwenn anpil sekou nan konsyans moral moun-yo lè-l dwat epi nan sajès ak konpetans sa k-ap okipe etid sakre-yo.

Savan nan syans biolojik, medikal, sosyal ak psikolojik-yo, kapab ede anpil pou byen maryaj-la ak fanmi-an epi pou lapè konsyans-yo, si yo eseye mete pi klè pi plis toujou, apati konvèjans etid sa-yo, divès kondisyon ki favorize yon reglemantasyon onèt pou prokeasyon moun-nan.

Se travay pè-yo, antan yo resevwa fòmasyon konvnanb nan kesyon fanmi-an, pou yo soutni vokasyon epou-yo nan lavi konjugal yo ak familial yo ak divès mwayen pastoral, nan preche paròl Bondye-a, nan sèvis litiji-a ak lòt mwayen spirityèl. Epi yo va fòtifye yo ak byenveyans (*humaniter*) epi pasyans nan difikilte yo, yo va rekonfòte yo ak renmen pou yo kapab fòme fanmi k-ap gaye limyè tout bon vre.

Divès inisyativ, sitou asosyasyon fanmi-yo, jèn-yo ak epou-yo, sitou sa ki fèk marye-yo, va chèche rafèmi yo nan ansègnman-an ak nan pratik-la epi fòme yo pou lavi familial-la, sosyal-la ak apostolik-la.

Epi anfen, epou-yo yo menm, se dapre pòtre Bondye vivan-an yo fè-yo epi yo tabli-yo nan yon vrè relasyon pèsònèl, antan yo ini nan afeksyon-an, se pou yo vin rasanble nan yon menm espri ak yon menm lavi sen ¹⁶, pou antan y-ap suiv Kris-la, prensip lavi-a ¹⁷, gras a renmen ki fidèl, nan kè kontan ak sakrifis vokasyon yo-a, yo vin tounen temwen mistè renmen Granmèt-la te revele bay tè-a nan lanmò li-a ak nan rezireksyon-l nan ¹⁸.

¹⁵ Cf. Efezyen 5,16 ; Kolosyen 4,5.

¹⁶ Cf. *Sacramentarium Gregorianum*: PL 78, 262.

¹⁷ Cf. Romen, 5,15.18; 6,5-11; Galat 2,20.

¹⁸ Cf. Efezyen 5,25-27.

Chapit 2

Osiyè progrè kilti-a yo gen rezon devlope-a

(53. Entrodiksyon)

Se nati moun-nan menm ki fè li pa kapab rive vin moun an plen tout bon vre si se pa atravè kilti-a, sa vle di antan li kiltive byen ak kalite valè natirèl-yo. Donk depi se lavi moun y-ap konsidere, nati-a ak kilti-a gen koneksyon sere (*intime*).

Mo « kilti »-a, o sans jeneral, endike tout sa ki pèmèt moun rafine kapasite nanm-li ak kò-li epi devlope yo ; [moun-nan] ap fè efò pou li soumèt tout fas tè-a anba pouvwa-li, gras a konesans epi travay ; li rann lavi sosyal-la pi koresponn a sa moun nan ye-a (*humaniozem*) nan fanmi-an oubyen nan tout group sivil-yo, gras a progrè nan konduit moral-la (*morum*) epi nan enstitisyon-yo ; anfen, li ekprime gran eksperyans spirityèl ak swaf sa li anvi-yo nan èv li-yo, li konsève yo epi li kominike-yo pou sèvi progrè anpil moun, nou kapab menm di [progrè] tout ras moun-nan.

Se sa-k fè kilti moun-nan mache nesèsman ak yon aspè istorik epi yon [aspè] sosyal, epi mo « kilti »-a souvan vin pran yon sans sosyolojik oubyen etnolojik. Nan sans sa-a yo va pale osiyè divèsite kilti-yo. Annefè, gen diferan fòm pou òganize byen ki se lavi-a apati diferan fason pou sèvi ak realite-yo, pou travay, pou ekprime pròp tèt-ou, pou kiltive relijyon-an, pou fòme koutim moral-yo, pou etabli lwa-yo ak enstitisyon jiridik-yo, pou devlope syans-yo ak art-yo epi pou kiltive sa ki bèl. Konsa apati tradisyon ki etabli-yo gen yon pratrimwàn ki vin fòme ki patikilye pou chak kominote moun. Konsa tou yo konstitiyè domèn ki delimite epi ki istorik kote moun-nan vin antre kèlkeswa nasyonalite-l oubyen epòk-li, epi se apati la li va tire tout byen ki pou devlope kilti sivilizasyon moun-nan (*humanum civilemque cultum*).

Premye seksyon

Osiyè kondisyon kilti-a nan tan kounye-a

(54. *Osiyè nouvo stil lavi-yo*)

Kondisyon lavi moun modèn-yo vin chanje profondeman nan domèn sosyal ak kiltirèl-la, ki fè yo gen dwa pale osiyè yon nouvo epòk nan istwa moun-nan ¹. Poutèt sa, gen nouvo rout ki ouvri pou pèfeksyone kilti-a epi gaye-l toupatou. Se gran devlopman syans natirèl-yo ak syans imèn-yo, (*scientiarum naturalium et humanarum*) syans sosyal-yo tou, ogmanta-

¹ Cf. Ekspoze preliminè Konstitisyon sa-a, no. 4-10.

syon disiplin teknik-yo, epi progrè nan devlope epi byen òganize enstri-man ki pèmèt moun kominike antre yo ki prepare [rout] sa-yo. Kilti modèn-nan make ak sign patikilye sa-yo : syans yo rele egzak-yo devlope kapasite jijman kritik-la nan degre ki pi ro-a (*maxime excolunt*) ; etid psikolijik yo fèk fè-yo pèmèt eksplike aktivite moun-nan pi afon ; disiplin istorik-yo ede anpil pou yo konsidere realite-yo apati aspè chanjab-yo ak evolisyon-yo ; abitud lavi-a ak konduit moral-la vin pi inifye jou apre jou ; endustrializasyon-an, òganizasyon vil-yo ak lòt rezon ki favorize lavi an komen-an vin kreye nouvo fòm kilti (*mass-culture*) kote nouvo fason-d-panse vin parèt ak stil konpòtman ak jan pou sèvi ak tan lib-la ; an menm tan, ant diferan nasyon-yo ak group sosyal-yo, ogmantasyon relasyon komèsyal-yo fè richès diferan fòm kilti-yo parèt pi klè pou tout moun, pou chak moun, epi konsa ofiamezi gen yon fòm kilti moun-nan ki an preparasyon ki va ekspri epi devlope inite ras moun-nan pi plis, menm jan l-ap respekte patikilarite diferan kilti-yo.

(55. *Moun-nan ap fè kilti-a grandi*)

Chak jou pi plis, gen plis fi ak gason nan tout kalite group ak nasyon ki pran konsyans yo se atizan kilti kominote yo-a epi se yo k-ap fè-l grandi. Sou tout tè-a sans responsabilite-a ak otonomi-a ap ogmante chak jou pi plis, epi se yon bagay ki enpòtan anpil pou kwasans spirityèl ak moral ras moun-nan. Sa parèt pi klè si nou mete devan je nou inifikasyon tè-a epi fonksyon yo mete sou zepòl nou-an pou nou konstwi yon tè ki pi bon nan verite ak jistis. Donk, konsa, nou se temwen nesans yon nouvo mòd vizyon sa moun-nan ye-a (*novum humanismum*), kote se toudabò apati responsabilite-l alega frè-l yo ak istwa-a, moun-nan defini tèt-li.

(56. *Difikilte ak devwa*)

Nan kondisyon sa-yo, nou pa sezi wè moun-nan ki santi responsabilite-l pou fè kilti-a progrese, vin ap nourri nouvo esperans, men tou vin ap konsidere ak angwas nan nanm-li divès kontradiksyon ki egziste-yo, epi se li menm ki dwe rezoud yo :

Ki sa yo dwe fè pou echanj kiltirèl-yo k-ap fèt pi souvan ant divès group-yo ak nasyon-yo, - ki ta dwe abouti nan yon dyalòg sensè epi profitab, - pa ta trouble lavi kominote-yo, ni ranvèse sajès ansyen-yo, ni mete an danje karaktè patikilye chak pèp-yo ?

Kijan pou yo ankouraje dinamism ak ekspansyon nouvo kilti-a san sa pa detwi yon fidelite ki vivan alega eritaj tradisyon-yo ? Kesyon sa-a prese anpil (*urget*), kote yo dwe mete ansanm kilti ki soti nan gran progrè syans ak disiplin teknik-yo, ak karaktè sa ki te nourri dapre diferan tradisyon etid klasik-yo.

Kijan yo ta kapab kònfome dispèsyon k-ap fèt si rapid antan disiplin patikilye-yo ap progrese-yo, ak nesosite pou rive fè sentèz yo epi proteje kapasite kontanplasyon-an ak admirasyon-an lakay moun-yo, [kapasite sa-a] ki mennen nan sajès-la ?

Kisa pou yo fè pou tout moun ka vin patisipe nan byen kiltirèl-yo sou tè-a, lè, an menm tan, kilti savan-yo pa sispann monte ro epi vin pi konplike ?

Kijan, anfen, pou yo ta rekonèt otonomi lejitim kilti-a ap reklame pou li menm menm, san sa pa kondui nan yon mòd vizyon sa moun-nan ye-a (*humanismum*) ki redui sèlman a bagay tè-a oubyen menm k-ap konbat relijyon-an ?

Se nan mitan kontradiksyon sa-yo, kilti moun-nan dwe evolye jodi-a, yon fason pou pèrson moun-nan ka devlope entegralman epi ak ekilib, an favè fonksyon yo rele tout moun-yo pou akonpli-a, sitou fidèl kretyen-yo, pou yo ini fratènèlman nan yon sèl fanmi ras moun-yo.

Dezyèm seksyon

Osijè kèk prensip pou promosyon kilti-a fèt yon fason kòrèk

(57. *Lafwa-a ak kilti-a*)

Fidèl kretyen-yo, antan y-ap vwayaje pou al nan patri syèl-la, se sa ki an-ro-yo yo dwe chèche epi goute ²; men sa pa diminye, okontrè li ogmante enpòtans fonksyon-yo pou yo travay ansanm ak tout moun-yo pou kons-twi yon tè ki pi koresponn ak sa moun-nan ye-a (*humanus*). Epi tout bon vre, mistè lafwa kretyen-an ba yo ankourajman ak mwayen ki apre-syab pou yo realize fonksyon sa-a ak plis elan epi sitou pou yo dekouvri plenitid sans kalite travay sa-a ki pèmèt li bay kilti-a yon plas ki siperyè nan vokasyon entegral moun-nan.

Annefè, kòm moun-nan ap kiltive tè-a gras a travay men-l yo epi travay disiplin teknik-yo, pou [tè-a] ka produi fwi epi vin tounen yon kay ki dign pou tout fanmi ras moun-nan, lè [moun-nan] patisipe konsyamman nan lavi group sosyal-yo, se plan Bondye-a l-ap realize, sa ki te manifeste nan kòmansman tan-yo, pou li soumèt tè-a ³ epi pèfeksyone kreasyon-an, epitou se pròp tèt-li l-ap devlope ; an menm tan se gran kòmandman Kris-la l-ap obeyi, antan l-ap depanse tèt-li nan sèvis frè-l yo.

An plis, lè moun-nan aplike tèt-li nan diferan disiplin-yo : filozofi, istwa, syans matematik ak [syans] natirèl-yo, epi l-ap aprofondi art-yo, li kapab

² Cf. Kolosyen 3,1-2.

³ Cf. Jenèz 1,28.

ede pi plis pou fanmi ras moun-nan monte nan nosyon verite, bonte ak bèlte ki pi ro-yo epi nan jijman ki gen valè inivèsèl ; konsa li va klere pi byen ak Sajès admirab-la, sa ki te kot Bondye depi tout tan-an, ki t-ap dispoze tout bagay avèk li, ki t-ap jwe sou fas tè-a, epi ki te jwenn plezi-li pou-l te nan pami pitit moun-yo ⁴.

Poutèt nanm moun-nan pi delye anba esklavaj realite-yo, li kapab transpòte pi vit nan sèvis ak nan kontanplasyon Kreatè-a. Plis toujou, li dispoze, anba mouvman gras-la pou-l konnen Paròl Bondye-a ki te deja sou tè-a tankou « limyè tout bon vre-a k-ap klere tout moun » (Jan 1,9), anvan-l te tounen moun pou-l sove tout bagay epi ranmanse tout bagay nan li kòm Tèt ⁵.

Sètènman, jodi-a, progrè syans-yo ak disiplin teknik-yo ki pa kapab rive penetre jous nan koz pi profon realite-yo poutèt metòd yo-a menm, ta kapab favorize yon sèten « fenomenism » epi « agnostisism », lè yo fè erè antan yo konsidere metòd rechèch disiplin yo sèvi ak li-a kòm sèl metòd anlè tout lòt pou rive jwenn tout verite. Pi plis, danje-a la pou moun-nan, antan li fye-l tròp nan envansyon-l fè kounye-a, ta rive panse li ase pou pròp tèt-li epi li deja pa bezwen chèche anyen ki pi ro.

Men konsekans deplorab sa-yo pa oblije sòti nesèsèman nan kilti jodi-a, ni yo pa dwe endui nou nan tantasyon, kòm si pou nou pa ta rekonèt valè pozitif yo. Nou kapab site pami [valè pozitif sa-yo] : etid syans-yo ak egzaktitid fidelite alega verite-a nan rechèch syantifik-yo, nesosite pou travay ansanm ak lòt nan group teknisyen-yo, sans solidarite entènasyonal-la, konsyans pi klè chak jou osijè responsabilite savan-yo alega moun-yo yo dwe ede epi, pi plis toujou, proteje, volonte pou fè kondisyon lavi tout moun vin pi favorab, sitou sa yo ki pa gen responsabilite oubyen k-ap soufri povrete kiltirèl. Tout bagay sa-a pote tankou yon preparasyon pou akeyi nouvlè Evanjil-la ki kapab vin pran fòm nan renmen Bondye-a apati Sa-a ki te vini pou-l sove tè-a.

(58. *Osijè anpil koneksyon ki genyen ant bòn nouvlè Kris-la ak kilti moun-nan*)

Gen anpil koneksyon ant nouvlè sove-a ak kilti moun-nan. Reyèlman, Bondye, lè li t-ap revele-l bay pèp li-a jous nan manifestasyon an plen-an nan Pitit-la ki pran chè-a, li te pale dapre kilti patikilye diferan epòk-yo.

Menm jan-an tou, Egliz-la k-ap viv nan diferan kondisyon dapre deroulman kous tan-yo, li sèvi ak sa divès kilti-yo dekouvri pou-l gaye epi eks-

⁴ Cf. Provèb 8,30-31.

⁵ Cf. Sent Irene, *Adversus haereses*, III, 11,8: Sagnard, *Sources chrétiennes*, p. 200; cf. *ibid.*, 16,6: pp. 290-292; 21,10-22: pp. 370-372; 22,3: p. 378, etc.

plike nouvèl Kris-la nan preche bay tout nasyon, li fouye-l epi li konprann-li pi afon, li eksprime-l pi byen nan selebrasyon litijik-la ak nan lavi divès fòm kominote fidèl-yo.

Men, an menm tan, kòm yo voye-l bay tout pèp nan nenpòt ki epòk ak reyjon, Egliz-la pa mare yon fason eksklizif epi ki pa ka defèt ak okenn ras oubyen nasyon, okenn mòd konduit spesyal, okenn abitud ansyen oubyen nouvo. Antan li ensepaparab ak pròp tradisyon-li epi an menm tan li konsyan misyon li-an inivèsèl, li kapab antre an kominyon ak divès fòm kilti, epi sa anrichi ni Egliz-la ni diferan kilti-yo.

Se san rete bòn nouvèl Kris-la ap renouvle lavi ak kilti moun-nan ki tonbe-a epi l-ap konbat, l-ap retire tout erè ak tout mal ki toujou ap soti nan menas sediksyon peche-a. Li pirifye epi leve konduit moral pèp-yo. Kalite ak don nanm-yo nan nenpòt ki pèp epi epòk, li fètalize-yo sou anndan ak richès ki soti anro-yo, li fòtififye-yo, li pèfeksyone-yo epi li restore-yo nan Kris-la⁶. Konsa, Egliz-la, antan l-ap realize pròp fonksyon-li⁷, nan sa menm, li deja ap fè kilti sivilizasyon moun-nan avanse epi l-ap pouse-l devan, epi gras a aksyon-li, menm aksyon litijik-la, l-ap fòme moun-nan pou libète enteryè-a.

(59. *Osiyè divès kalite realite ki dwe byen amonize nan kilti moun-nan*)

Pou rezon nou sot di pi ro-a, Egliz-la raple nan espri tout moun, yo dwe sibòdone (*esse referendam*) kilti-a a pèfeksyon entegral moun-nan, a byen kominote-a epi tout sosyete moun-nan. Se pou sa fòk yo kiltive nanm [moun-yo] pou yo devlope kapasite admire, lir nan anndan (*intus legendi*), kontanple epi fòme jijman pèsònèl-la epi kiltive sans relijye-a, moral-la ak sosyal-la.

Annefè, kòm kilti-a se nan karaktè rasyonèl epi sosyal moun-nan li soti imedyatman, san rete li bezwen yon libète ki kòrèk epi lejitim pou-l deplwaye tèt-li, dapre pròp prensip ak kapasite pou-l aji yon fason otonòm (*sui iuris agendi facultate*). Donk dwa sa-a mande reyèlman pou yo respekte-l epi li jwi yon proteksyon yo pa kapab defèt (*inviolabilitate*), a kondisyon yo sovgade dwa moun-yo ak kominote-a, swa patikilye, swa inivèsèl anndan limit byen komen-an.

Sinòd sa-a ki sakre-a, antan l-ap reprann sa Premye Konsil Vatikan-an te ansegne-a, deklare « gen de fòm (*ordinem*) konesans » byen diferan, sètadi lafwa-a ak rezon-an, epi Egliz-la pa anpeche pou « syans moun-yo ak disiplin kilti-yo... nan pròp domèn yo, sèvi ak pròp prensip yo, ak

⁶ Cf. Efezyen 1,10.

⁷ Cf. paròl Pi XI te di R. P. M.-D. Roland-Gosselin : *Semaines sociales de France*, Versailles, 1936, pp. 461-462.

pròp metòd yo » ; se pou sa « antan li rekonèt libète lejitim sa-a », li deklare otonomi lejitim kilti moun-nan epi sitou syans-yo ⁸.

Tout bagay sa yo egzije pou, yon fwa yo sovgade lòd moral-la ak byen kominote-a, moun-nan kapab chèche verite-a libreman, deklare epi fè konnen opinyon pa-l epi kiltive nenpòt ki disiplin ; pou, anfen, li gen ransègnman ki sèten dapre verite-a osijè evènman piblik-yo ⁹.

Otorite piblik-yo menm pa gen pou yo detèmine pròp karaktè fòm kilti moun-nan, men pou favorize kondisyon ak mwayen k-ap devlope lavi kiltirèl-la pami tout moun, menm pami minorite nan kèk nasyon ¹⁰. Se pou sa se pou yo evite avantou pou kilti-a, antan yo detounen-l parapò a pròp objektif-li, yo pa fòse-l sèvi pouvwa politik-yo oubyen ekonomik-yo.

Twazyèm seksyon

Osijè kèk devwa ki pi prese pou kretyen-yo parapò a kilti-a

(60. *Se pou yo rekonèt dwa tout moun pou jwenn avantaj kilti-a epi realize-l vre*)

Kòm kounye-a gen posibilite pou pèmèt anpil moun soti anba mizè ignorans-la, gen yon devwa ki koresponn pou epòk nou-an nan pi ro pwen, sitou pou kretyen-yo : se travay san pran souf pou yo pran desizyon lwa fondamantal, swa nan kesyon ekonomik swa nan kesyon politik, swa onivo nasyonal swa onivo entènasyonal, ki va rekonèt epi mete an aplikasyon dwa kiltirèl tout moun sou plan pèsone (*humanum*) ak sivil, ki koresponn ak dignite moun-nan san okenn diskriminasyon ras, sèks, nasyon, relijyon oubyen kondisyon sosyal, toutpatou sou tè-a. Se pou sa fòk yo founi byen kiltirèl-yo bay tout moun an kantite sifizan, sitou sa-yo ki konstitiye sa yo rele kilti « fondamantal »-la (*fundamentalem = de base*) pou anpil moun pa vin trouve yo nan sitiasyon ki anpeche yo pran responsablite-yo aktivman pou koopere tankou moun tout bon nan byen komen-an, paske yo pa konn li ak ekri.

An konsekans se pou yo fè efò pou pèmèt moun ki gen fòs ak kapasite pou sa, pou yo rive monte nan nivo etid ki pi ro-yo ; yon fason pou menm moun sa-yo, nan mezi sa kapab fèt, vin okipe fonksyon ak ròl ki koresponn swa ak kapasite entèlijans-yo, swa ak syans yo te rive

⁸ Konsil Vatikan 1, Konstitisyon døgmatik *De fide catholica*, chap. IV : Denzinger 1795, 1799 (3015, 3019).- Cf. Pi XI, Ansiklik *Quadragesimo Anno* : AAS 23 (1931), p. 190.

⁹ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Pacem in terris* : AAS 55 (1963), p. 260.

¹⁰ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Pacem in terris* : AAS 55 (1963), p. 283.- Pi XII, Mesaj radyo 24 desanm 1941 : AAS 34 (1942), pp. 16-17.

genyen¹¹. Konsa nenpòt moun epi group sosyal nenpòt ki pèp va rive kapab devlope lavi kiltirèl-li an plen, yon fason ki konfòm ak don-li epi tradisyon-li.

An plis, se pou yo travay ak tout fòs pou tout moun vin konsyan non sèlman osijè dwa pou yo gen yon kilti, men tou obligasyon yo genyen ki fòse yo kiltive pròp tèt-yo epi ede lòt-yo [fè menm jan-an]. Konn gen kondisyon lavi ak travay kèk kote ki kontrarye efò kiltirèl moun-yo epi ki detwi gou pou kilti-a menm. Bagay sa-a vo sitou pou agrikiltè-yo ak ouvriye-yo, se pou yo asire kondisyon travay pou yo ki pap jennen-yo men k-ap favorize kilti yo kòm moun. Deja medam-yo ap travay nan prèske tout domèn lavi-a ; li ta bon pou yo ta pèmèt yo jwe pati pa yo-a an plen dapre pròp karakteristik pa yo. Se va devwa tout moun pou yo rekonèt epi favorize patisipasyon spesifik medam-yo ki nesèsè nan lavi kiltirèl-la.

(61. *Osijè edikasyon pou yon moun ki kiltive entegralman*)

Jodi-a, li pi difisil pase lontan pou rive fè yon sentèz diferan disiplin-yo ak syans-yo. Reyèlman, pandan kantite ak divèsite eleman-yo ki konstitiye kilti-a ak ogmante, an menm tan kapasite pou chak moun ta kapte-yo epi amonize-yo yon fason òganik ap diminye, se konsa ide « moun inivèsèl »-la (*hominis universalis*) ap disparèt ofiamezi. Poutan chak moun kontinye gen obligasyon pou li kenbe nosyon moun-nan kòm moun an antye, kote valè ki an premye-yo se entèlijans-la, volonte-a, konsyans-la ak fratènite-a, yo tout yo gen fondman-yo nan Bondye Kreatè-a epi yo te vin geri epi leve anlè yon fason admirab nan Kris-la.

Se fanmi-an toudabò ki tankou manman ak nouris edikasyon sa-a, se la pitit-yo vlope nan renmen, yo vin aprann konnen lòd yerarchi valè-yo pi fasilman, pandan fòm kilti moun ki deja fè prèv-yo ap transvaze prèske natirèlman nan nanm jèn ti moun-yo ofiamezi y-ap grandi.

Pou menm edikasyon sa-a, nan sosyete kounye-a gen mwayen adapte ki kapab favorize yon kilti inivèsèl, sitou gras a liv ki gaye toupatou chak fwa pi plis epi gras ak nouvo mwayen komunikasyon kiltirèl epi sosyal. Ak diminisyon tan travay-la ki plizoumwen jeneralize, jou an jou anpil moun vin gen plis tan disponib. Rekreyasyon-an ki pèmèt detann nanmnan epi ki ranfòse sante lespri-a ak kò-a, se pou yo byen sèvi ak li antan yo chwazi aktivite lib oubyen etid ki relache [lespri-a], pou yo vwayaje al nan lòt peyi (tourism), bagay ki rafine kapasite entèlijans moun-nan epi an plis li anrichi moun-yo nan konnen youn lòt, epitou ak egzèsis epi manifestasyon spòtif ki ede pou konsève ekilib nanm-nan nan endividi-a

¹¹ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Pacem in terris* : AAS 55 (1963), p. 260.

ak nan kominote-a, san nou pa bliye sa ofri yon mwayen pou etabli relasyon fratènèl ant moun tout kondisyon, nasyon oubyen diferan ras. Donk, fidèl kretyen-yo dwe koopere pou manifestasyon ak aksyon kilti kolektif-la, ki patikilye pou tan n-ap viv-la, vin nourri ak espri kretyen epi koresponn a sa moun-nan ye-a.

Men tout avantaj sa-yo pap pèmèt realize edikasyon moun-yo pou yon kilti entegral, si an menm tan yo neglije poze kesyon sou sans profon kilti-a ak syans-la ki pou moun-nan kòm moun (*pro persona humana*).

(62. *Osi jè bon antant ant kilti moun-nan ak enstitisyon kretyen-an*)

Menm si Egliz-la kontribiye anpil pou progrè kilti-a, poutan eksperyans-la pèmèt konstate bon antant ant kilti-a ak realite kretyen-an pa toujou avanse san difikilte poutèt kòz sikonstansyèl (*contingentibus*).

Difikilte sa-yo pa andomaje lavi lafwa-a nesèsman, yo kapab menm eksite lespri-a pou li ka konprann lafwa-a yon fason ki pi egzak ki pi fon. Annefè, etid ak dekouvèt ki fèk fèt-yo nan syans-yo, istwa-a ak filozofi-a ap reveye nouvo kesyon ki gen konsekans sou lavi-a epi ki menm egzije nouvo rechèch teolojik. An plis, yo envite teolojyen-yo, antan yo kenbe pròp metòd ak egzijans syans teolojik-la, pou yo toujou chèche fason ki pi adapte pou kominike doktrin-nan bay moun tan sa-a, paske yon bagay se depo lafwa-a nan li-menm, - sa vle di verite-yo, - yon lòt bagay se fason yo eksprime-l la, men toujou ak menm sans-la, menm signifikasyon-an¹². Nan swen pastoral-la se pa sèlman ak prensip teolojik-yo pou yo sèvi epi yo sèlman pou yo byen konnen, men tou dekouvèt syans profàn-yo, toudabò psikoloji ak sosyoloji, konsa yo va kondui fidèl-yo tou nan yon lavi lafwa ki pi klè, pi responsab (*puriozem et maturiozem*).

Nan fason pa-yo tou, literati-a ak art-yo gen gran enpòtans pou lavi Egliz-la. Annefè, y-ap eseye montre karaktè pròp moun-nan, problèm li-yo ak eksperyans-li nan efò pou li konnen epi pèfeksyone tèt-li ak tè-a ; yo eseye dekouvri sitiasyon-li nan istwa-a ak sou tout tè-a, yo montre tou mizè ak kè kontan, bezwen ak fòs moun-yo, epi y-ap eseye devine pi bon destine moun-nan. Konsa, antan y-ap eksprime lavi moun-nan, nan diferan fòm dapre tan-yo ak rejyon-yo, yo pèmèt li grandi.

Konsa se pou yo travay pou moun k-ap kiltive art sa-yo santi Egliz-la konprann yo nan aktivite yo-a epi, antan yo jwi yon libètè òdone, yo vin tabli relasyon echanj pi fasil ak kominote kretyen-an. Se pou Egliz-la rekonèt nouvo fòm atistik ki adapte a tan n-ap viv-la dapre divèsite karaktè nasyon-yo ak rejyon-yo. Yo va resevwa-yo nan sanktyè-a lè yo

¹² Cf. Jan XXIII, Diskou nan kòmansman Konsil-la, 11 oktòb 1962 : AAS 54 (1962), p. 792.

fè espri-a monte al jwenn Bondye ¹³ ak fòm ekspresyon ki adapte epi konfòm ak egzijans litiji-a.

Konsa konesans Bondye va manifeste pi byen epi predikasyon Evanjil-la va pi transparan pou entelijans moun-yo epi li va parèt tankou li byen chita nan kondisyon [lavi-yo].

Donk se pou fidèl-yo viv nan relasyon sere ak lòt moun epòk yo-a, epi pou yo fè efò kapte byen kapte fason-d-panse yo ak santiman yo ki ekspri nan karaktè kilti-a. Konesans nouvo syans-yo ak ansègnman-yo ak dènye dekouvèt-yo, se pou yo marye yo ansanm ak konpòtman moral kretyen-an epi doktrin etabli-a, pou kilti relijyon-an ak dwati nanm-nan avanse lakay yo ansanm ak konesans syans-yo epi teknik art-yo k-ap progrese chak jou, epi konsa yo va kapab egzamine epi entèprete tout bagay nan yon sans kretyen ki entegral.

Moun ki aplike nan etid disiplin teolojik-yo nan Seminè-yo ak Inivèsite-yo va fè efò pou yo kolabore ak moun ki savan nan lòt syans-yo antan yo mete fòs-yo ak vizyon-yo (*viribus atque consiliis*) ansanm. Rechèch teolojik-la an menm tan l-ap rapousuiv yon konesans verite revele-a ki pi profon, li pap neglije koneksyon ak pròp tan kounye-a, pou kapab ede moun k-ap kiltive divès disiplin-yo vin rive nan plenitud syans lafwa-a. Travay ansanm sa-a va pote anpil avantaj pou fòmasyon minis sakre-yo ki va kapab eksplike doktrin Egliz-la osijè Bondye, osijè moun-nan ak osijè tè-a yon fason ki pi adapte pou moun epòk nou-an, konsa yo va akeyi paròl yo ak mwens difikilte ¹⁴. Pi plis toujou, nou swete pou plizyè layik resevwa yon fòmasyon ki adapte nan disiplin sakre-yo, epi pou anpil nan pami yo konsakre tèt yo nèt pou kiltive etid sa-yo epi aprofondi-yo. Men pou yo kapab egzèse fonksyon yo byen, se pou yo rekonèt dwa fidèl-yo genyen, swa nan klèje-a, swa layik-yo, pou fè rechèch yo nan yon libète ki kòrèk, epitou pou ekspri opinyon-yo ak imilite, ak kouraj, nan domèn kote yo gen konpetans-la ¹⁵.

Chapit 3

Osjè lavi ekonomik ak sosyal-la

(63. *Osjè kèk aspè lavi ekonomik-la*)

Nan lavi ekonomik-la ak sosyal-la tou, yo dwe respekte epi favorize dignite moun-nan kòm moun epi vokasyon entegral-li ansanm ak byen

¹³ Cf. Konstitisyon *Osjè Litiji sakre-a*, n. 123.- Pòl VI, Diskou pou atis romen-yo, 7 me 1964 : AAS 56 (1964), pp. 439-442.

¹⁴ Cf. Konsil Vatikan 2, Dekrè *De institutione sacerdotali* epi *De educatione christiana*.

¹⁵ Cf. Konsil Vatikan 2, Konstitisyon døgmatik *De Ecclesia*, n. 37.

sosyete-a toutantye. Annefè, se moun-nan ki kòz (*auctor*), sant, epi aboutisman tout lavi ekonomik-la ak sosyal-la.

Jodi-a, yo remake ekonomi-an, san-l pa separe ak lòt sektè lavi sosyal-la, gen yon dominasyon k-ap grandi sou nati moun-nan, relasyon epi depan-dans youn parapò a lòt ap multipliyè pi plis, ap entansifye pi plis ant si-twayen-yo, group-yo ak pèp-yo, epi pouvwa politik-yo ap fè entèvansyon pi souvan. An menm tan, progrè nan mòd prodiksyon-an epi nan echanj byen-yo ak sèvis-yo, fè ekonomi-an vin tounen yon enstriman adapte ki kapab bay nesosite fanmi ras moun-nan k-ap ogmante-yo pi bon satisfak-syon.

Men pa manke rezon pou gen enkyetid. Gen anpil moun, sitou nan rejyon ki avanse ekonomikman-yo, ki sanble se realite ekonomik-la sèl ki domine-yo, yon fason ki fè prèske tout lavi pèsònèl ak sosyal-yo benyen nan yon lespri « ekonomism » (*spiritu oeconomico*), swa nan peyi ki favorize yon ekonomi kolektivist swa nan lòt-yo. Nan tan sa-a kote kwasans lavi ekonomik-la, si yo ta dirije-l epi koòdone-l yon fason rasyonèl epi dapre sa moun-nan ye-a, li ta kapab diminye inegalite sosyal-yo, souvan se agrave li agrave [sitiasyon sa-yo] oubyen menm gen kote se nan regresyon li mennen kondisyon sosyal sa ki pi fèb-yo ak nan mepri pou pòv-yo. Pandan gen anpil anpil moun ki manke realite ki vrèman nesèsè-yo, kèk moun, menm nan rejyon ki mwens avanse-yo, ap viv byen alèz oubyen ap gaspiye san konte. Mizè ak deplwaman richès egziste kot a kot. Pandan gen kèk k-ap jwi pouvwa desizyon ki laj depase, anpil lòt manke preske tout posibilite pou yo aji dapre pròp inisyativ yo ak responsabilite yo, anpil fwa menm yo nan kondisyon lavi ak travay ki pa dign pou moun-nan kòm moun.

Yo remake gen menm dezekilib ekonomik ak sosyal sa-a ant [sektè] agrikòl-la, endistriyèl-la ak sèvis-yo, ni ant divès rejyon yon menm nasyon. Ant nasyon ki pi devlope ekonomikman-yo epi lòt-yo, gen opozisyon chak jou pi grav ki egziste, ki menm kapab mete lapè sou tè-a an danje.

Konsyans moun k-ap viv nan tan nou-an santi diferans sa-yo chak jou ak plis fòs, sitou yo gen konviksyon li posib epi yo dwe korije bagay-yo nan eta deplorab yo ye-a ak tout kantite teknik epi kapasite ekonomik ki gen sou tè-a jodi-a. Se sa-k fè sa mande yon konvèsyon mantalite ak abitud kay tout moun ak anpil refòm nan lavi ekonomik-la ak sosyal-la. Poutèt sa, nan deroulman syèk-yo, epi sitou nan dènye tan sa-yo, anba limyè Evanjil-la, Egliz-la elabore epi prezante prensip jistis ak ekite dwati rezon-an reklame swa pou lavi endividyèl swa pou lavi sosyal, swa pou lavi entènasyonal-la. Konsil-la ki sakre-a vle ranfòse oryantasyon-yo epi

prezante prensip sa-yo dapre sitiasyon tan sa-a, antan li konsidere toudabò egzijans progrè ekonomik-la ¹.

Premye seksyon

Osijè progrè ekonomik-la

(64. *Osijè progrè ekonomik-la nan sèvis moun-nan*)

Jodi-a, plis pase anvan, pou koresponn ak ogmantasyon popilasyon-an epi pou satisfè bezwen ras moun-nan k-ap grandi-yo, yo gen rezon fè efò pou ogmante prodiksyon byen agrikòl-yo ak endistriyèl-yo epi [volim] sèvis y-ap ofri-yo. Se poutèt sa fò yo favorize progrè teknik-la, espri inisyativ-la, kreasyon ak ekstansyon antrepriz-yo (*studio inceptuum*), adaptasyon metòd prodiksyon-yo, epi efò konstan tout moun k-ap patisipe nan prodiksyon-an : sa vle di, tout eleman ki kapab kontribiye nan progrè sa-a. Men objektif fondamantal prodiksyon sa-a, se pa senpleman pou ogmante prodiksyon-an, ni profi oubyen dominasyon, men sèvis moun-nan, moun-nan nan entegralite-l, dapre lòd bezwen materyèl-li ak egzijans lavi entelektyèl, moral, spirityèl epi relijye-li. Nou di moun-nan, nenpòt ki moun, nenpòt ki group moun, nenpòt ki ras oubyen rejyon sou tè-a. Se poutèt sa, aktivite ekonomik-la dapre metòd-li ak pròp lwa-li, yo dwe egzèsè-l anndan finalite lòd moral-la ² yon fason pou li akonpli projè Bondye-a sou moun-nan ³.

(65. *Osijè progrè ekonomik-la anba kontròl moun-nan*)

Progrè ekonomik-la dwe rete anba desizyon moun-nan ; yo pa renmèt li nan men desizyon kèk moun sèlman oubyen kèk group ki jwi yon trò gran puisans ekonomik, oubyen kominote politik-la sèlman, oubyen kèk nan nasyon ki pi puisan-yo. Okontrè, fòk nan nenpòt ki degre, pi plis moun posib patisipe aktivman ladan-l, oubyen lè se kesyon relasyon ant nasyon-yo, pou tout nasyon [patisipe]. Menm jan-an tou, fòk travay spontane chak moun ak group ki fòme libreman, vin koòdone gras a aksyon otorite piblik-yo epi yo vin ajiste antre yo yon fason adapte epi koeran.

¹ Cf. Pi XII, Mesaj 23 mas 1952 : AAS 44 (1952), p. 273.- Jan XXIII, Diskou pou A. C. L. I., premye me 1959 : AAS 51 (1959), p. 358.

² Cf. Pi XI, Ansiklik *Quadragesimo anno* : AAS 23 (1931), pp. 190 ss.- Pi XII, Mesaj, 23 mas 1952 : AAS 44 (1952), pp. 276 ss.- Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), p. 450.- Konsil Vatikan 2, Dekrè *De Instrumentis communicationis socialis*, n. 6.

³ Cf. Matye 16,26 ; Luk 16,1-31 ; Kolosyen 3,17.

Yo pa kapab lage devlopman-an sou kont deroulman aktivite ekonomik endividi-yo sèlman ki ta fèt yon fason prèske mekanik, ni sou kont pouvwa otorite piblik-yo sèlman. Se poutèt sa fòk yo denonse erè doktrin ki anpeche refòm ki nesèsè-yo onon fo-aparans libète, ni doktrin ki mete dwa fondamantal chak moun ak group moun apre òganizasyon kolektif prodiksyon-an ⁴.

Se pou tout lòt sitwayen-yo sonje se dwa yo ak devwa yo, - pouvwa sivil-la dwe rekonèt sa, - pou yo pote konkou dapre posibilite yo nan vrè progrè pròp kominote yo-a. Sitou nan rejyon ki mwens devlope ekonomikman-yo kote yo bezwen sèvi ak tout fòs travay yon fason ki prese (*urgenter*), moun ki ta kenbe fòs travay-yo inaktif ta mete byen komen-an an danje grav epi menm jan pou sa ki retire nan kominote yo-a mwayen materyèl oubyen spirityèl li manke yo, sof nan ka dwa moun-nan genyen pou li emigre.

(66. *Osiyè trò gran diferans ekonomik ak sosyal-yo yo dwe fè disparèt*)

Pou satisfè egzijans jistis-la ak ekite-a, se pou yo fè efò ak kouraj pou, antan yo proteje dwa chak moun epi karaktè pròp chak pèp, yo fè inegalite ekonomik-yo disparèt pi vit posib, sa-yo ki kole ak diskriminasyon sou plan endividyèl oubyen sosyal ki deja trò gran kounye-a epi k-ap grandi ankò. Menm jan-an tou, nan anpil rejyon, poutèt difikilte patikilye agrikilti-a oubyen nan prodiksyon oubyen nan vann byen-yo, se pou yo ede kiltivatè-yo swa pou ogmante prodiksyon oubyen vann, swa pou entrodui transfòmasyon ak inovasyon ki nesèsè, swa pou yo rive jwenn yon revni ekitab, pou yo pa rete nan kondisyon sitwayen dezyèm kategori (*inferioris*), jan sa rive anpil fwa. Agrikiltè-yo menm, sitou jèn-yo, se pou yo aplike-yo ak kouraj pou yo pèfeksyone konpetans profesyonèl yo, otreman progrè pap kapab fèt nan agrikilti-a ⁵.

Jistis-la ak ekite-a reklame tou pou yo òdone mouvman ki nesèsè nan yon realite ekonomik k-ap progrese-a, yon fason pou sa pa rann lavi chak moun ak chak fanmi ensèten epi san asirans (*praecaria*). Se pou yo evite avèk swen tout diskriminasyon nan sa ki regade kondisyon travay-la ak salè-a alega ouvriye-yo ki soti nan lòt nasyon oubyen rejyon epi k-ap pote konkou ak travay yo pou devlopman ekonomik yon pèp oubyen yon

⁴ Cf. Leon XIII, Ansiklik *Libertas praestantissimum*, 29 jwen 1888 : ASS 20 (1887-1888), pp. 597 ss.- Pi XI, Ansiklik *Quadragesimo anno* : AAS 23 (1931), p. 191 ss.- ID., *Divini Redemptoris* : AAS 29 (1937), pp. 65 ss.- Pi XII, Mesaj noèl 1941 : AAS 34 (1942), pp. 10ss.- Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), pp. 401-464.

⁵ Sou kesyon agrikilti-a, wè sitou Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), pp. 341 ss.

provens. An plis, se pou tout moun, toudabò pouvwa piblik-yo, pa konsidere [ouvriye-yo] tankou senp enstriman prodiksyon sèlman, men tankou moun, epi ede yo pou yo fè fanmi-yo vin jwenn yo epi pou yo kapab ofri tèt-yo yon kote ki dign pou abite, epitou yo va favorize entegrasyon-yo nan lavi sosyal pèp-la oubyen rejyon-an ki resevwa yo-a. Poutan, nan mezi sa kapab fèt, li ta bon pou yo kreye sous travay nan pròp rejyon [kote yo soti-a].

Nan realite ekonomik-yo k-ap chanje jodi-a ki kapab sèvi mal tankou nan nouvo fòm sosyete endistriyèl kote paregzanp otomatizasyon-an progresse, se pou yo veve pou gen ase travay ki konvnan pou chak moun ansanm ak posiblite yo ofri pou yon fòmasyon teknik ak profesyonèl ki adapte, epi pou yo mete alabri mwayen pou viv ak dignite sitou pou moun sa-yo k-ap afrente difikilte ki pi grav poutèt maladi oubyen vyeyès.

Dezyèm seksyon

Osiyè prensip ki pou dirije tout lavi ekonomik-la ak sosyal-la

(67. *Osiyè travay-la ak kondisyon travay-yo epi tan lib-la*)

Travay moun-nan, sa ki realize nan prodiksyon ak echanj byen-yo, nan ofri sèvis ekonomik-yo, li pran devan lòt eleman lavi ekonomik-la ki gen valè enstriman sèlman.

Annefè, travay sa-a, swa l-ap fè-l pou kont-li, swa li realize-l pou yon lòt, li vin soti nan moun-nan imedyatman, se konsa l-ap mete mak-li sou realite natirèl-yo epi l-ap soumèt yo anba volonte-l. Gras a travay-li, òdinèman, moun-nan soutni lavi pa-l ak fanmi-l, li asosye ak frè-l yo epi li sèvi-yo, li kapab egzèse yon renmen ki otantik epi pote kooperasyon-l nan pèfeksyone kreasyon Bondye-a. Pi plis toujou, gras a travay-li li ofri bay Bondye, nou kwè moun-nan asosye nan pròp travay redanmsyon Jezus-Kri-a, li menm ki te bay travay-la yon dignite san parèy poutèt li te travay ak pròp men-l nan Nazarèt. Apati sa, chak moun vin gen devwa pou travay fidèlman, epi se la tou dwa pou gen yon travay-la soti ; reyèlman, se devwa sosyete-a, dapre sikonstans kote-l trouve, pou li ede nan sa ki regade-l pou sitwayen-yo kapab rive jwenn ase opòtinite pou travay. Anfen, yo dwe peye salè travay-la yon fason pou moun-nan jwenn mwayen pou ni li menm ni fanmi-li viv nan dignite sou plan materyèl, sosyal, kiltirèl epi spirityèl, antan yo konsidere fonksyon ak kapasite prodiksyon chak moun ansanm ak sitiasyon antrepriz-la epi byen komen-an ⁶.

⁶ Cf. Leon XIII, Ansiklik *Rerum novarum* : ASS 23 (1890-91), pp. 649, 662.- Pi XI, Ansiklik *Quadragesimo anno* : AAS 23 (1931), pp. 200-201.- ID., Ansiklik *Divini Redemptoris* : AAS 29 (1937), p. 92.- Pi XII, Mesaj radyo lavèy Noèl 1942 : AAS 35

Kòm an jeneral aktivite ekonomik-la se apati travay moun-yo an sosyete li fèt, li ta enjis epi kontrè ak sa moun-nan ye-a pou ta regle epi òganize [aktivite ekonomik-la] yon jan ki fè li ta nan dezavantaj te mèt yon sèl travayè. Poutan sa rive ase souvan, menm nan tan n-ap viv-la, pou moun k-ap fè travay-la vin redui yon sèten fason pou li esklav pròp travay-li. Pa gen anyen yo ta kapab rele lwa ekonomik ki ta kapab jistifye sa. Donk se pou yo adapte tout etap travay prodiksyon-an dapre nesosite moun-yo epi mòd lavi y-ap viv-la ; sitou pou lavi familyal-la, toudabò alega manman-yo, se pou yo toujou konsidere ni sèks-la ni laj-la. An plis se pou yo bay travayè-yo posibilite pou yo devlope pròp kalite pèsonèl yo nan travay y-ap fè-a. Antan yo konsakre tan yo ak fòs yo nan travay-la ak sans devwa epi responsabilite, se pou yo tout jwi ase repo ak tan lib pou yo kiltive lavi familyal-la, kiltirèl-la, sosyal-la ak relijye-a. Pi plis toujou se pou yo gen okazyon pou devlope libreman fòs ak kapasite yo pa kapab kiltive petèt menm jan-an nan travay profesyonèl-la.

(68. *Osiyè patisipasyon nan antrepriz-yo ak tout òganizasyon ekonomik-la epi kesyon konfli nan travay*)

Moun-yo asosye nan antrepriz ekonomik-yo, sètadi moun ki lib epi mèt tèt yo (*liberi et sui iuris*), ki kreye dapre pòtre Bondye. Se pou sa, antan yo fè atansyon ak fonksyon chak moun swa proprietè, swa patron, swa kad-yo, swa travayè-yo, epitou antan yo sovgade inite ki nesèsè pou direksyon travay-la, yo va detèmine fason ki adapte pou favorize patisipasyon aktif tout moun nan pran swen antrepriz-yo⁷. Epi kòm anpil fwa se pa nan antrepriz-la menm, men se nan lòt nivo enstitisyon siperyè yo detèmine kondisyon ekonomik ak sosyal kote avni travayè-yo ak pitit-yo pral depann, se pou yo patisipe tou nan desizyon sa-yo oubyen yo menm menm oubyen atravè delege yo chwazi libreman.

Pami dwa fondamanl moun-nan kòm moun, yo dwe mete dwa pou travayè-yo fòme asosyasyon lib ki va reprezante yo vrèman epi pèmèt yo pote konkou yo nan òganizasyon kòrèk lavi ekonomik-la, epitou dwa pou yo patisipe libreman nan aktivite sa-yo san yo pa pè pou yo ta tire vanjans sou yo. Gras a patisipasyon òdone sa-a, ansanm ak yon fòmasyon ekonomik epi sosyal progresif, konsyans pròp fonksyon yo ak responsabilite yo

(1943), p. 20.- ID., Diskou 13 jwen 1943 : AAS 35 (1943), p. 172.- ID., Mesaj radyo pou ouvriye Espagn-yo, 11 me 1951 : AAS 43 (1951), p. 215.- Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), p. 419.

⁷ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), pp. 408, 424, 427 ; mo « pran swen-an » (*curatione*) se nan tèks laten Ansiklik *Quadragesimo anno*-a yo pran-I : AAS 23 (1931), p. 199.- *Osiyè evolisyon kesyon-an*, cf. Pi XII, Diskou 3 jwen 1950 : AAS 42 (1950), pp. 485-488.- Pòl VI, Diskou 8 jwen 1964 : AAS 56 (1964), pp. 574-579.

va grandi chak jou lakay tout moun, epi sa va mennen yo, dapre pròp kapasite ak kalite pa-yo, pou yo santi yo asosye nan tout travay devlopman ekonomik ak sosyal-la epi nan rive jwenn byen komen inivèsèl-la.

Lè konfli ekonomik ak sosyal va rive menm, se pou yo fè efò pou jwenn solisyon pasifik pou yo. Menm si se pou yo toujou chèche an premye yon dyalòg sensè ant diferan pati-yo, nan sikonstans n-ap viv kounye-a, grèv-la toujou kapab rete kòm yon mwayen nesese, menmsi se an dènye rekou, pou defann pròp dwa travayè-yo epi rive jwenn sa y-ap mande ki kòrèk. Men kon sa posib, se pou yo chèche tounen nan chemen dyalòg ak negosyasyon pou rive jwenn yon akò.

(69. *Osijè byen tè-a ki destine pou tout moun*)

Bondye te destine tè-a ak tou sa ki ladan-l pou sèvis tout moun ak tout pèp, yon fason pou byen kreasyon-an dwe rive jwenn tout moun dapre règ jistis-la ki mache ak renmen-an⁸. Nan nenpòt ki fòm propriete yo tabli dapre lwa ki adapte ak pèp-yo dapre diferan sitiasyon k-ap chanje, yo dwe toujou konsidere ak atansyon destinasyon inivèsèl byen sa-yo. Se poutèt sa, moun-nan, antan l-ap sèvi ak byen sa-yo, li pa dwe konsidere byen eksteryè li posede lejitimman-yo se sèlman pou pròp tèt-li yo ye, men li dwe konsidere yo tou tankou [byen] komen, nan sans se pa pou yo sèlman pou yo chèche fè-l itil, men pou lòt-yo tou⁹. Dayè, tout moun gen dwa pou yo gen yon kantite byen sifizan pou yo menm ak pou fanmi yo. Se konsa Ansyen Pè ak Doktè Egliz-la te panse, lè yo te ansegne moun-yo oblije soulaje pòv-yo, epi se pa sèlman apati sa ki an tròp yo pa bezwen (*superfluis*) pou yo fè-l¹⁰. Moun-nan menm ki nan nesese

⁸ Cf. Pi XII, Ansiklik *Sertum laetitiae* : AAS 31 (1939), p. 642.- Jan XXIII, Diskou pou kadinal-yo : AAS 52 (1960), pp. 5-11.- ID., Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), p. 411.

⁹ Cf. Sen Toma, *Sòm teolojik*, II-II, q. 32, a. 5, ad 2 ; *Ibid.*, q. 66, a. 2 : cf. esplikasyon Leon XIII bay nan Ansiklik *Rerum Novarum* : ASS 23 (1890-91), p. 651.- Cf. Pi XII, Diskou premye jwen 1941 : AAS 33 (1941), p. 199.- ID., Mesaj radyo pou Noèl 1954 : AAS 47 (1955), p. 27.

¹⁰ Cf. Sen Bazil, *Homilia in illud Lucae « Destruam horrea mea »*, n. 2 : PG 31, 263.- Laktans, *Divinarum Institutionum*, liv V, Osijè jistis-la : PL 6,565 B.- Sen Ogusten, *In Ioannem Evangelium*, tr. 50, n. 6 : PL 35, 1760.- ID., *Enarratio in Psalmum CXLVII*, 12 : PL 37, 1922.- Sen Gregwa legran, *Homiliae in Evangelium*, omeli 20 : PL 76, 1165.- ID., *Regulae Pastoralis liber*, pati III, ch. 21 : PL 77,87.- Sen Bonavantur, *In III Sent.*, d. 33, dub. 1 : Quarachi III, 728.- ID., *In IV Sent.*, d. 15, a. 16 : ed. cit. XXIX, 494-497.- Osijè detèminasyon sa ki an tròp pou tan n-ap viv-yo, cf. Jan XXIII, Mesaj radyotelevize, 11 septanm 1962 : AAS 54 (1962), p. 682 : « Se dewva tout moun, dewva ki oblije kretyen-an pou li konsidere sa ki an tròp-la apati mezi nesese lòt-yo, epi pou li byen veye pou administrasyon ak distribisyon byen kreasyon-an vin fèt nan avantaj tout moun ».

ekstrèm gen dwa pou li pran sa li bezwen apati richès lòt-yo¹¹. Devan kantite moun k-ap soufri ak grangou sou tè-a, Konsil-la ki sakre-a ap ensiste kot tout moun, swa patikilye-yo swa otorite-yo pou yo sonje deklarasyon Ansyen Pè-yo (*Patrum*) : « Bay sa k-ap mouri grangou-a manje, paske si ou pa ba-l manje, ou touye-l »¹², chak moun, dapre kapasite-l, dwe pataje byen li-yo tout bon vre epi sèvi ak yo toudabò pou bay endividi-yo oubyen pèp-yo mwayen ki va pèmèt yo ede pròp tèt-yo epi devlope.

Nan sosyete ki mwens devlope ekonomikman-yo, sa rive souvan pou destinasyon inivèsèl byen-yo vin fèt an pati gras a koutim epi tradisyon pròp kominote-a ki fè yo bay chak manb byen ki pi nesèsè-yo. Men se pou yo evite konsidere koutim sa-yo kòm bagay ki pa kapab chanje ditou, si yo pa ta koresponn ankò ak nouvo egzijans tan sa-yo ; yon lòt bò menm, se pa pou yo aji yon fason enprudan kont koutim ki onèt-yo, paske yo pa sispann toujou rete itil si yo adapte yo ak sikonstans kounyeya. Menm jan-an tou, nan nasyon ki pi devlope ekonomikman-yo, gen yon seri entitasyon sosyal ki okipe asirans ak sekirite ki pèmèt sou bò payo pou realize destinasyon komen byen-yo. Anfen se pou yo favorize sèvis famiyal ak sosyal-yo, sitou sa ki kontribiye pou kilti [nanm-nan] ak edikasyon-an. Nan tabli tout enstitisyon sa-yo, y-a veye pou sitwayen-yo pa vin antre nan yon inaktivite (*inertiam*) alega sosyete-a, ni non plis pou yo pa rejte chaj responsabilite yo pran, ni refize rann sèvis.

(70. *Osijè envestisman byen-yo ak kesyon lajan-an*)

Investisman byen-yo, bò pa-l, dwe chèche rive bay opòtinite travay epi revni salè ki ase pou pèp-la ni kounyeya ni alavni. Tout moun - endividi oubyen group oubyen otorite piblik - k-ap pran desizyon osijè envestisman sa-yo ak òganizasyon lavi ekonomik-la, yo dwe kenbe objektif sa-yo devan je-yo, epi yo dwe rekonèt obligasyon grav yo genyen, sou yon bò pou yo veye pou ni endividi-yo ni tout kominote-a jwenn sa ki nesèsè pou mennen yon lavi dign, epi sou lòt bò-a nan prevwa epi konstitiye yon ekilib ki kòrèk ant nesèsite konsomasyon individyèl ak kolektif jodi-a, ak egzijans pou investi byen-yo pou jenerasyon k-ap vini-an. Se pou yo toujou gen devan je-yo nesèsite ki pa ka tann (*urgentes*) nasyon ak rejyon ki mwens devlope-yo genyen. Nan kesyon lajan-an se pou yo fè atansyon pou yo

¹¹ Nan ka sa-a ansyen pensip-la valab : « Nan nesèsite ekstrèm tout bagay vin an komen, sa vle di yo dwe pataje-yo ». Yon lòt bò pou detèmine rezon, ekstansyon epi fason yo ka aplike prensip tèks-la propoze-a, an plis otè modèn-yo ki valab yo, yo va wè Sen Toma, *Sòm teolojik*, II-II, q. 66, a. 7. Jan sa parèt klè pou aplike prensip-la yon fason kòrèk, se pou yo respekte tout kondisyon moral sa egzije.

¹² Cf. *Dekrè Grasyen-an (Grattiani Decretum)*, C. 21, dist. LXXXVI : Friedberg I, 302. Yo jwenn paròl sa-a tou nan PL 54, 591 A epi PL 56, 1132 B : cf. *Antonianum* 27 (1952) 349-366.

pa domaje byen pròp nasyon yo ni pa lòt nasyon-yo. An plis, se pou yo veye pou sa ki fèb ekonomikman-yo pa soufri domaj enjisteman poutè chanjman nan valè lajan-an.

(71. *Osiyè rive vin propriete epi gen pouvwa prive sou byen-yo ; epi osiyè gran abitasyon-yo (« latifundia »)*)

Kòm propriete epi lòt fòm pouvwa pèsònèl sou byen eksteryè-yo kontribiye pou moun-nan realize tèt-li (*ad expressionem*), kòm, an plis, yo ba li okazyon pou li egzèse fonksyon li nan sosyete-a ak ekonomi-an, li enpòtan anpil pou yo favorize kèk pouvwa sou byen eksteryè-yo, swa kòm endividi, swa kòm kominote.

Propriete prive-a oubyen kèk pouvwa sou byen eksteryè-yo ofri chak moun yon espas ki vrèman nesèsè pou otonomi pèsònèl-la ak familyal-la, yo dwe konsidere-l tankou yon ekstansyon libète moun-nan. Anfen, poutèt yo ajoute ankourajman pou moun-nan egzèse fonksyon-li ak responsabilite-li, yo se youn nan kondisyon pou libète sivil-la¹³.

Fòm pouvwa sa-a oubyen propriete-a diferan jodi-a epi chak jou y-ap vin pi divèsifye. Men yo tout yo kontinye yon sous sekirite yo pa kapab neglije, akote fon sosyal-yo, ak dwa ak sèvis sosyete-a bay yo. Epi yo pa di sa sèlman pou propriete materyèl-yo men tou pou byen ki pa materyèl-yo tankou kapasite profesyonèl-la.

Men dwa propriete prive-a pa jennen lòt dwa ki rete nan divès fòm propriete piblik-yo. Antouka se sèlman otorite ki konpetan-yo ki kapab realize transfè byen-yo an propriete piblik dapre egzijans byen komen-an epi anndan limit-li, antan yo bay yon konpansasyon ekitab. An plis, se responsabilite otorite piblik-la pou li veye pou yo pa fè abi ak propriete prive-a kont byen komen-an¹⁴.

Propriete prive-a li menm dapre nati-li li gen yon karaktè sosyal ki fonde sou lwa destinasyon komen byen-yo¹⁵. Lè yo neglije karaktè sosyal sa-a, propriete-yo anpil fwa bay okazyon pou fè aloufa epi lòt dezòd grav,

¹³ Cf. Leon XIII, Ansiklik *Rerum Novarum* : ASS 23 (1890-91), pp. 643-646.- Pi XI, Ansiklik *Quadragesimo anno* : AAS 23 (1931), p. 191.- Pi XII, Mesaj radyo, premye jwen 1941 : AAS 33 (1941), p. 199.- ID., Mesaj radyo lavèy Noël 1942 : AAS 35 (1943), p. 17.- ID., Mesaj radyo, premye septanm 1944 : AAS 36 (1944), p. 253.- Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), pp. 428-429.

¹⁴ Cf. Pi XI, Ansiklik *Quadragesimo anno* : AAS 23 (1931), p. 214.- Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), pp. 428-429.

¹⁵ Cf. Pi XII, Mesaj radyo, Pannkot 1941 : AAS 44 (1941), p. 199.- Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1951), p. 430.

konsa sa mete dwa-a an danje epi li bay moun ki refize rekonèt-li pretèks [pou atake-l].

Nan anpil rejyon ki mwens devlope ekonomikman, gen gran domèn rural ki egziste, genyen menm ki gran depase, yo pa vrèman kiltive yo oubyen yo rete san kilti pou rezon spekilasyon, pandan pi gran pati popilasyon-an pa gen tè oubyen se yon ti teren toupiti yo genyen, epi, sou yon lòt bò, ogmantasyon prodiksyon agrikòl-la sanble vrèman yon ijans (*urgens*). Sa rive souvan pou moun propriète-a konfye travay tè sa-yo, oubyen sa ki lwe yon pati pou kiltive, se sèlman yon salè oubyen yon revni ki endign de moun yo resevwa, yo pa gen yon kay dign pou abite, epi entèmedyè ap eksplwate-yo. Yo pa gen okenn sekirite, y-ap viv nan yon depandans pèsònèl ki prèske retire tout kapasite pou aji spontaneman ak responsabilite, sa entèdi-yo tout promosyon nan kilti moun-nan epi tout patisipasyon nan lavi sosyal ak politik-la. Donk gen refòm ki nesèsè pou diferan ka [ki prezante-yo] : ogmante revni-yo, amelyore kondisyon travay-yo, ogmante sekirite nan anplwaye moun-yo, favorize inisyativ ; pi plis toujou pou yo ta distribiye propriete ki pa kiltive ase-yo bay sa ki kapab fè tè sa-yo donner. Nan ka sa-a se pou yo ba yo resous ak mwayen yo bezwen, sitou soutni edikasyon-an epi kapasite pou òganize kooperativ. Chak fwa byen komen-an ta egzije pou pran yon propriete, yo va kalkile yon konpansasyon ekita an konsideran tout sikonstans-yo.

(72. *Osiyè aktivite ekonomik ak sosyal-la epi Wayòm Kris-la*)

Kreyen-yo ki patisipe aktivman nan devlopman ekonomik ak sosyal-la jodi-a epi k-ap goumen pou jistis-la ak renmen-an, yo mèt konnen yo kapab kontribiye anpil nan prosperite moun-yo ak lapè sou tè-a. Nan aktivite sa-yo, se pou yo klere ak egzanp yo bay swa pou kont yo swa an group. Antan yo vin genyen konpetans ak eksperyans ki nesèsè anpil anpil, yo va sèvi lòd ki kòrèk-la nan mitan aktivite tè-a, nan fidelite alega Kris-la ak Evanjil li-a, pou tout lavi yo an antye kòm endividi epi kòm sosyete, vin ranpli ak espri « Beatitud »-yo, an patikilye [espri] povrete-a.

Tout moun k-ap obeyi Kris-la antan l-ap chèche Wayòm Bondye-a, va vin jwenn la yon renmen (*amorem*) ki pi fò pi klè (*validiorem ac puriorem*) pou ede tout frè yo epi akonpli travay jistis-la antan renmen-an (*caritate*) ap enspire yo ¹⁶.

¹⁶ Pou sèvi yon fason kòrèk ak byen [tè-a] dapre ansègnman Nouvo Testaman-an, cf. Luk 3,11 ; 10,30ss ; 11,41 ; 1 Pyè 5,3 ; Mark 8,36 ; 12,29-31 ; Jak 5,1-6 ; 1 Timote 6,8 ; Efezyen 4,28 ; 2 Korentyen 8,13ss ; 1 Jan 3,17-18.

Chapit 4

Osijè lavi kominote politik-la

(73. *Osijè lavi piblik-la jodi-a*)

Nan tan nou yo, yo remake gen transfòmasyon an profundè ki fèt tou nan strikti ak enstitisyon pèp-yo, sa se konsekans evolisyon kiltirèl, ekonomik ak sosyal-la. Transfòmasyon sa-yo infliyans lavi kominote politik-la anpil, sitou nan sa ki regade dwa ak devwa tout moun nan egzèsis libète sivil-la ak nan rive jwenn byen komen-an, epitou nan òganize relasyon sitwayen-yo antre yo epi ak otorite piblik-yo.

Apati yon konsyans dignite moun-nan ki pi vif, gen efò ki fèt pou tabli yon lòd politik ak jiridik nan divès rejyon tè-a, kote yo va proteje dwa moun-nan pi byen nan lavi piblik-la, tankou dwa pou reyini ak pou asosye libreman, pou eksprime pròp opinyon-ou ak pratike relijyon-an an prive oubyen an piblik. Reyèlman, kondisyon nesèsè pou garanti dwa moun-yo sèke sitwayen-yo, pou kont-yo oubyen an asosyasyon, kapab patisipe aktivman nan jestyon ak lavi afè piblik-yo.

Ansanm ak progrè kiltirèl, ekonomik ak sosyal-la, lakay plizyè moun, anvi-a ap ranfòse pou yo patisipe pi plis nan òganizasyon lavi kominote politik-la. Nan anpil moun konsyans-la ap ogmante pou yo fè efò pou proteje dwa minorite-yo nan yon nasyon, san yo pa neglije devwa-yo alega kominote politik-la. An plis, respè pou moun ki gen lòt opinyon oubyen lòt relijyon ap grandi chak jou. An menm tan gen yon kooperasyon pi laj ki etabli, pou se pa sèlman kèk privilejye, men tout sitwayen ki vin kapab jwi dwa pèsonèl-yo efektivman.

Okontrè, se pou yo rejte tout fòm politik ki an plas nan kèk rejyon, k-ap jennen libète sivil-la oubyen relijye-a, k-ap multipliyè viktim swaf lajan ak krim politik epi k-ap detounen egzèsis otorite-a sot nan byen komen-an pou avantaj kèk group oubyen gouvènman-yo yo menm.

Pou tabli yon lavi politik ki vrèman koresponn a sa moun-nan ye-a pa gen anyen ki pi bon pase devlope sans jistis-la anndan moun-nan epi byenveyans-la ak devouman pou byen komen-an, epitou ranfòse konviksyon fondamantal osijè vrè karaktè kominote politik-la, osijè finalite (*finem*) otorite piblik-la, fason kòrèk yo dwe egzèsè-l epi limit-li.

(74. *Osijè nati ak objektif kominote politik-la*)

Moun-yo, fanmi-yo ak diferan group ki fòme kominote sivil-la, yo konsyan yo pap rive tabli pou kont yo yon lavi ki koresponn an plen ak sa moun-nan ye-a (*plene humanam*), yo santi nesèsite pou gen yon kominote pi laj kote tout moun va pote konkou pròp fòs-yo chak jou pou rive

realize yon byen komen ki toujou pi bon ¹. Se poutèt sa yo tabli kominote politik dapre divès fòm. Donk kominote politik-la egziste poutèt byen komen sa-a kote li jwenn sans-li ak jistifikasyon-l an plen, epi se apati sa li tire dwa orijinal epi spesifik-li. Byen komen-an anbrase tout kondisyon lavi sosyal sa-yo ki pèmèt moun-yo, fanmi-yo ak asosyasyon-yo kapab rive jwenn pròp pèfeksyon yo pi total epi pi vit ².

Annefè, moun-yo ki vin fòme kominote politik-la ansanm, yo anpil, yo diferan, epi se lejitim pou yo panche pou opinyon ki diferan. Donk pou anpeche kominote politik-la disloke antan chak moun ap suiv santiman pa-l, fòk gen yon otorite ki pou dirije fòs tout sitwayen-yo nan direksyon byen komen-an, li pap fè sa yon fason mekanik oubyen despotik, men toudabò antan li aji kòm yon fòs moral ki apuiye sou libète-a ak konsyans responsabilite fonksyon li aksepte-a.

Donk li klè se nan nati moun-nan kominote politik-la ak otorite piblik-la fonde epi se pou sa li fè pati lòd Bondye deja etabli-a, men detèminasyon rejim-nan ak chwa dirijan-yo yo kite sa nan libète volonte sitwayen-yo ³.

An konsekans egzèsis otorite politik-la, swa nan kominote-a menm, swa nan enstitisyon ki reprezante leta-a, dwe toujou realize anndan limit lòd moral-la, pou rive asire byen komen-an - dapre yon konsèp [byen komen] ki dinamik - an konfòmite ak òdonans jiridik ki tabli oubyen yo gen pou tabli yon fason lejitim. Lè sa-a, sitwayen-yo gen obligasyon an konsyans pou yo obeyi ⁴. Apati sa, vrèman, yo wè responsabilite, dignite epi enpòtans sa k-ap gouvènènen-yo genyen.

Donk kote otorite piblik-la ap oprime sitwayen-yo antan li depase konpetans-li, [sitwayen-yo] pap refize sa byen komen-an reklame ; men se nòmal pou yo defann dwa yo ak pa konsitwayen yo kont abi otorite sa-a, antan yo rete nan limit lwa natirèl-la trase-a ak lwa evanjelik-la.

Men, konkrètman, fason yon kominote politik òganize strikti-li ak ekilib otorite piblik-yo kapab diferan dapre diferan karaktè pèp-yo ak progè deroulman istwa-a ; antouka sa dwe toujou sèvi pou fòme yon moun kiltive, pasifik epi byenveyan alega lòt moun-yo, pou avantaj tout fanmi ras moun-nan.

(75. *Osiyè kooperasyon tout moun nan lavi piblik-la*)

Sa koresponn an plen ak nati moun-nan pou gen strikti politik ak jiridik ki ofri tout sitwayen-yo - chak fwa pi byen epi san okenn diskrimina-

¹ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Mater et Magistra* : AAS 53 (1961), p. 417.

² Cf. Idem, *ibid.*

³ Cf. Romen 13,1-5.

⁴ Cf. Romen 13,5.

syon - posibilite efektif pou yo patisipe libreman epi aktivman nan etabli fondman jiridik kominote politik-la, nan jestyon leta-a epi nan detèmine domèn ak limit diferan enstitisyon-yo, epi nan eleksyon gouvènan-yo⁵. Donk, se pou tout sitwayen-yo sonje se dwa yo epi an menm tan se devwa yo pou yo sèvi ak vòt lib-la pou favorize byen komen-an. Egliz-la konsidere li dign epi li merite lwanj, travay moun sa-yo k-ap devwe yo nan sèvis moun-yo pou byen afè piblik-yo epi ki aksepte tout chaj fonksyon sa-a.

Pou kooperasyon sitwayen-yo ansanm ak konsyans responsabilite travay-yo kapab rive bay efè pozitif nan lavi leta-a chak jou, yo bezwen tabli yon òdonans jiridik pozitif, kote yo byen distenge fonksyon ak enstitisyon otorite piblik-la ansanm ak yon proteksyon efikas pou dwa-yo ki endepandan parapò a tout moun. Se pou yo rekonèt, proteje epi devlope egzèsis dwa tout moun, fanmi ak group, ansanm ak devwa ki se obligasyon tout sitwayen-yo. Pami devwa sa-yo fòk yo raple sèvis materyèl ak pèsònèl yo dwe bay leta-a, sa byen komen-an egzije. Se pou gouvènan-yo fè atansyon pou yo pa jennen group familyal-yo, sosyal-yo oubyen kiltirèl-yo, kò oubyen enstitisyon entèmedyè-yo, ni pou yo pa anpeche aksyon yo ki letijim epi efikas, okontrè yo va pito fè efò pou favorize yo san problèm epi nan lòd. Sitwayen-yo menm, pou kont-yo oubyen an group, se pou yo veye pou yo pa bay otorite piblik-yo tròp pouvwa, ni non plis pou yo pa reklame yon jan ki pa konvnan tròp sekou ak avantaj, yon jan ki ta diminye responsabilite devwa moun-yo, fanmi-yo oubyen group sosyal-yo.

Nan sitiasyon konplike epòk nou-an, trè souvan, otorite piblik-la oblije entèvni pi souvan nan realite sosyal, ekonomik ak kiltirèl-yo pou prepare kondisyon ki pi adapte pou sitwayen-yo ak group-yo kapab rive rapousuiv byen entegral moun-nan yon jan ki pi efikas epi libreman. Dapre evolisyon diferan rejyon-yo ak pèp-yo, yo kapab konprann nan divès mwayèn relasyon ant sosyalizasyon-an, epi otonomi ak devlopman moun-nan. Men si yo ta bloke egzèsis dwa-yo pou yon tan poutèt byen komen-an, se pou yo retabli libète-a pi vit yo kapab konstans-yo chanje. Antouka sa pa koresponn ditou ak sa moun-nan ye-a (*inhumanum est*) pou otorite politik-la ta tonbe nan fòm totalite oubyen diktatoryal ki ta andomaje dwa moun-yo oubyen group sosyal-yo.

Se pou sitwayen-yo kiltive renmen pou patri-a ak grandè nanm epi fidelite, san yo pa gen yon ti lespri fèmen, konsa yo va toujou konsidere ak menm nanm-nan byen tout fanmi ras moun-nan ki rasanble ak diferan lyen ant ras-yo, nasyon-yo ak pèp-yo.

⁵ Cf. Pi XII, Mesaj radyo, 24 desanm 1942 : AAS 35 (1943), pp. 9-24 ; 24 desanm 1944 : AAS 37 (1945), pp. 11-17.- Jan XXIII, Ansiklik *Pacem in terris* : AAS 55 (1963), pp. 263, 271, 277 epi 278.

Se pou tout fidèl kretyen-yo konprann pròp vokasyon spesyal-yo nan kominote politik-la, yo dwe briye ak egzanp y-ap bay antan yo devlope konsyans responsabilite-a epi yo sèvi byen komen-an, yon fason pou nan sa y-ap fè yo montre tou kijan yo kapab amonize otorite ak libète, inisyativ pèsonèl ak solidarite epi egzijans tout kò sosyal-la, avantaj inite-a ak profi divèsite-a. Osijè òganizasyon realite tanporèl-yo, yo va rekonèt opinyon ki lejitim-yo menm si yo divèjan antre yo, epi yo va respekte sitwayen k-ap defann yo yon fason onèt, menm an group tou. Se pou pati politik-yo devlope sa yo kwè byen komen-an egzije dapre opinyon-yo, men yo pa gen dwa janm mete pròp enterè pa-yo anvan byen komen-an.

Yo dwe pran swen edikasyon sivil ak politik-la, li nesèsè anpil anpil jodi-a pou pèp-la, sitou jèn-yo, yon fason pou tout sitwayen-yo kapab bay partisipasyon yo nan kominote politik-la. Sa ki gen kalite-yo oubyen ki kapab fè-l, yo va prepare tèt-yo pou syans politik-la ki difisil, men an menm tan ki gen anpil noblès tou, yo va bliye pròp avantaj yo ak benefis materyèl-yo pou yo kapab egzèsè-l ak kouraj. Antan konduit moral-yo san repròch epi avèk prudans, yo va lite kont enjistis ak opresyon, kont dominasyon abitrè yon sèl moun oubyen yon sèl pati politik, kont entolerans ; yo va devwe yo pou byen komen-an ak senterite epi dwati, plis toujou ak renmen epi kouraj politik-la [egzije-a].

(76. *Kominote politik-la ak Egliz-la*)

Li enpòtan anpil, sitou kote se yon sosyete « pluraliste » (*societas pluralistica*) ki an plas, pou yo gen yon vizyon kòrèk osijè relasyon ant kominote politik-la ak Egliz-la, pou yo kapab distenge klèman ant aksyon fidèl kretyen-yo ap poze pou kont-yo oubyen an group, onon pròp tèt-yo paske yo se sitwayen ki kite konsyans kretyen-an gide yo, epi aksyon y-ap fè nan non Egliz-la ansanm ak pastè yo.

Poutèt fonksyon-li ak sa ki koresponn-li, nan okenn fason yo pa kapab konfonn Egliz-la ak kominote politik-la, ni non plis li pa mare ak okenn sistèm politik, li se an menm tan sign epi proteksyon transandans mounnan kòm moun.

Kominote politik-la ak Egliz-la endepandan youn parapò a lòt epi yo otònòm nan domèn pa yo. Men yo toulède, menm si se pou rezon diferan, yo nan sèvis vokasyon pèsonèl ak sosyal menm mounnan. Yo va egzèsè sèvis sa-a yon fason pi efikas nan tout byen-yo si yo kiltive yon kooperasyon ki pi anfòm ant yo, antan yo konsidere sikonstans tan-yo ak kote-yo tou. Annefè, mounnan pa limite sèlman pou lòd tanporèl-la, men antan l-ap viv nan istwa mounnan, li konsève vokasyon etènèl-li entegralman. Egliz-la menm, ki fonde nan renmen Redanmtè-a, ap pote konkou pou renmen ak jistis gaye pi plis anndan limit nasyon-yo epi ant nasyon-yo.

Antan l-ap preche verite Evanjil-la epi l-ap klere tout domèn aktivite moun-nan gras a doktrin-li epi temwagnaj fidèl kretyen-yo bay, li respekte epi li devlope libète politik sitwayen-yo ak responsabilite-yo.

Apot-yo, siksesè yo ak kooperatè yo, yo voye yo pou anonse moun-yo Kris-la Sovè tè-a, lè y-ap egzèse apostola yo-a se sou puisans Bondye yo apuiye, ki manifeste fòs Evanjil-la anpil fwa nan fèblès temwen-yo. Nenpòt ki moun k-ap devwe nan sèvis paròl Bondye-a, li dwe sèvi ak pròp chemen epi mwayen Evanjil-la, ki diferan an jeneral parapò a mwayen sosyete-yo sou tè-a.

Sètènman, realite tè-a epi sa ki depase kondisyon moun-nan sou tè-a, yo byen konekte ant yo, epi Egliz-la li-menm sèvi ak realite tanporèl-yo lè pròp misyon-li mande sa. Men li pa mete esperans-li nan privilèj otorite sivil-yo ap ofri ; plis toujou l-ap renonse egzèse nenpòt ki dwa li ta vin genyen yon fason lejitim, si li ta konstate sèvi ak yo-a ta mete senserite-li an dout oubyen nouvo kondisyon lavi-yo ta egzije lòt dispozisyon. Nenpòt kote toujou bon pou li, pou li preche lafwa an tout libète, pou li ansejne doktrin sosyal li-a, pou li akonpli misyon-li nan mitan moun-yo san antrav, epitou pote jijman moral, menm osijè kesyon ki regade lòd politik-la, lè dwa fondamantal moun-nan oubyen sove nanm-yo ta egzije sa, antan li sèvi sèlman ak tout mwayen ki konfòm ak Evanjil-la epi byen tout moun-yo dapre divèsite tan-yo ak sitiasyon-yo.

Antan li rete-kole fidèlman sou Evanjil-la epi l-ap akonpli misyon-li sou tè-a, kòm se devwa-li pou li favorize epi fè tout sa yo kapab jwenn nan kominote moun-nan ki vre, ki byen, ki bèl, monte pi ro ⁶, Egliz-la ranfòse lapè ant moun-yo pou glwa Bondye ⁷.

Chapit 5

Osijè favorize lapè-a epi ede konstwi kominote nasyon-yo

(77. Entrodiksyon)

Nan ane sa-yo n-ap viv la, kote doulè ak angwas ki dekoule sot nan lagè k-ap devaste oubyen k-ap menase kontinye peze byen lou pami moun-yo, tout fanmi ras moun-nan rive nan lè gran desizyon nan progresyon kwasans-li (*maturitatis*). Antan li vin rasanble fè youn ofiamezi epi toupatou, li deja pi konsyan inite-li, li pap kapab realize misyon li genyen-an - sa vle di pou li konstwi an favè moun-yo toupatou sou tè-a (*ubique terrarum*) yon mòd lavi (*mundum*) ki pi koresponn a sa moun-nan ye tout bon vre-a (*vere humaniorem*) - si tout moun pa konvèti ak nanm renouvle

⁶ Cf. Konsil Vatikan 2, Konstitisyon dōgmatik *De Ecclesia*, n. 13.

⁷ Cf. Luk 2,14.

nan verite lapè-a. Sa va fè mesaj Evanjil-la, ki dakò ak pi gran efò epi ideal ki pi ro nan ras moun-nan, vin briye ak yon nouvo klète nan tan n-ap viv-yo antan li proklame sa k-ap travay pou lapè-yo va nan kontantman tout bon « paske y-ap rele-yo pitit Bondye » (Matye 5,9).

Se poutèt sa, Konsil-la, antan l-ap mete nosyon lapè ki vre-a epi ki gen noblès-la an limyè, l-ap kondane sovajri lagè-a, epi ak tout kè li vle lanse yon apèl bay kretyen-yo pou yo kapab koòpere ak tout moun pou yo konsolide lapè nan jistis ak renmen antrè yo, ak sekou Kris-la ki se kòz (*auctor*) lapè-a, epi pou prepare mwayen pou lapè-a [rive].

(78. *Osiyè nati lapè-a*)

Lapè-a se pa tou senpleman pou pa gen lagè, ni yo pa ka redui-l sèlman nan etabli yon ekilib ant fòs kontrè-yo, ni non plis li pa soti nan yon dominyasyon despotik, men yo byen di an tout verite li se « travay jistis-la » (Izayi 32,17). Li egziste kòm fwi yon lòd Fondatè-li ki se Bondye mete anndan sosyete moun-nan, epi li dwe vin realize an akt gras a moun-yo ki toujou swaf yon jistis ki pi apwen (*perfectiorem*). Menmsi premye byen komen ras moun-nan dapre nosyon-li se lwa etènèl-la ki kòmande-l, men parapò a sa li egzije konkrètman, li toujou anba chanjman k-ap fèt san rete nan deroulman tan-an, se sa-k fè lapè-a yo pa janm fin posede-l pou tout tan, men san rete se pou y-ap konstwi-l. Kòm an plis volonte moun-nan enstab epi peche-a andomaje-l, pou kapab vin gen lapè sa egzije pou chak moun ap domine pasyon li-yo san rete epi pou otorite lejitim-yo ap veye sou sa.

Men sa pa ase. Pa kapab gen lapè sou tè-a si yo pa sovage byen moun-yo epi si moun-yo pa pataje richès nanm yo ak kapasite entelijans yo youn ak lòt spontaneman epi nan konfyans. Fèm volonte pou respekte lòt moun-yo ak pèp-yo ak dignite yo, epi efò pou pratike fratènite-a nesesè anpil pou rive konstwi lapè-a. Konsa lapè-a egziste kòm fwi renmen-an (*amoris*) ki ale pi lwen pase sa jistis-la ta kapab bay.

Lapè sou tè-a ki soti nan renmen (*dilectione*) pou prochen-an, se pòtre ak konsekans lapè Kris-la, ki vin soti nan Bondye Papa-a. Reyèlman, Pitit-la menm ki pran chè-a, prens lapè-a, te rekonsilye tout moun ak Bondye gras a kwa li-a, epi, antan li retabli inite tout moun nan yon sèl pèp, yon sèl kò, li touye rayisans-la nan pròp chè li-a ¹, epi lè li leve anlè nan rezilyasyon-an, li vide Espri renmen-an (*caritatis*) nan kè moun-yo.

Se poutèt sa, yo rele tout kretyen-yo avèk ensistans pou « antan yo fè verite-a nan renmen-an (*in caritate*) » (Efezyen 4,15) yo ini ak tout moun ki pasifik tout bon pou chèche epi tabli lapè-a.

¹ Cf. Efezyen 2,16 ; Kolosyen 1,20-22.

Antan menm Espri-a ap pouse nou, nou pa kapab pa fè lwanj sa-yo ki renonse sèvi ak zak vyolans pou reklame dwa yo, epi ki chèche sèvi ak mwayen defans ki alapòte menm moun ki pi fèb-yo, tout fwa sa kapab fèt san domaje dwa ak devwa lòt-yo oubyen kominote-a.

Poutèt moun-yo se pechè, danje lagè-a toujou ap menase yo, epi l-ap menase yo joutan Kris-la retounen ; men poutèt yo ranpòte viktwa sou peche-a antan yo fè youn nan renmen-an, y-ap ranpòte viktwa sou vyolans-la tou joutan paròl-la akonpli : « Y-ap kraze epe yo, pou yo fè pwent chari pou travay tè, y-ap kraze lans-yo, pou yo fè sèpèt. Nasyon pap leve epe youn kont lòt ankò, yo pap aprann fè lagè ankò » (Izayi 2,4).

Premye seksyon

Osijè evite lagè-a

(79. Osije frennen sovajri lagè-a)

Menmsi dènye lagè-yo te pote domaj materyèl ak moral ki grav anpil pou tè-a, jous kounye-a chak jou nan kèk kote sou tè-a lagè-a kontinye ap fè ravaj-li. Pi plis, poutèt yo sèvi ak zam syantifik tout kalite nan lagè-a, karaktè terib yo menase pou mennen belijeran-yo nan yon sovajri ki pral depase anpil sa ki te genyen nan tan pase-yo. An plis, kompleksite sitiasyon-an jodi-a epi mele relasyon ant nasyon-yo mele-a pral pèmèt pou ak nouvo metòd plen pyèj ak pèvèsyon, lagè ki kòmanse-yo rete ap trennen. Nan pli-zye sitiasyon yo sèvi ak metòd teroris kòm nouvo fason pou fè lagè.

Antan li gen devan je-l eta decheans sa-a nan kondisyon moun-nan, Konsil-la vle toudabò fè sonje fòs dwa natirèl nasyon-yo ki toujou la epi prensip inivèsèl-li. Konsyans ras moun-nan menm ap proklame prensip sa-yo ak plis fèmte ak fòs chak fwa. Donk aksyon ki kontrè delibereman ak [prensip sa-yo] ni lòd yo bay ki kòmande fè aksyon sa-yo, se krim yo ye, epi moun ki obeyi-yo pa kapab jwenn eskiz nan [sa yo rele] obeyisans avèg-la. Nan pami zak sa-yo se pou yo mete toubadò sa-yo ki fè yo ekstèmè tout yon pèp, yon nasyon oubyen yon minorite etnik, kèlkeswa rezon [yo bay] oubyen metòd [yo itilize]. Yo dwe kondane bagay sa-yo ak tout fòs kòm krim terib ; epi se pou yo aprouve, nan pi ro degre, kouraj moun sa-yo ki pa pè reziste aklè kont moun k-ap kòmande fè bagay sa-yo.

Gen diferan konvansyon entènasyonal anpil nasyon siyen osijè kesyon lagè-a, pou kapab rann aksyon militè-yo ak konsekans-yo mwens kontrè ak sa moun-nan ye-a : tankou konvansyon sou trètman sòlda ki blese-yo oubyen sou sa yo fè prizonye-yo, epi divès lòt desizyon nan menm jan-an. Se pou yo obsève akò sa-yo ; plis toujou se pou tout moun fè efò, sitou otorite piblik-yo ak moun ki konpetan nan domèn sa-yo, pou yo fè tout sa yo kapab pou yo mete yo an aplikasyon yon fason pou yo rive

frennen sovajri lagè-yo yon jan ki efikas. An plis sa kòrèk pou lejislasyon-an pran desizyon ki koresponn a sa moun-nan ye-a nan ka kote gen moun ki refize sèvi ak zam poutèt objeksyon konsyans yo, depi yo akseptet yon lòt fòm pou sèvi kominote moun-yo.

Sètènman yo po ko derasinen lagè nan realite moun-nan. Tout tan danje lagè-a prezan menm, epi pa gen otorite entènasyonal konpetan epi ki gen fòs konvnab, yo pa kapab refize akseptet dwa gouvènman-yo nan letijim defans-la, yon fwa yo fin epuize tout posibilite pou yon akò pasifik. Chèf-d-eta-yo ansanm ak tout moun ki patisipe nan responsabilite leta-a gen devwa donk pou yo sovgade pèp yo responsab-yo, yo pa kapab jwe ak jestyon kesyon grav sa-yo. Men, yon bagay se fè lagè pou lejitim defans yon pèp, yon lòt bagay se vle soumèt lòt nasyon. Puisans zam lagè-yo pa kapab rann lejitim tout itilizasyon militè oubyen politik yo fè avèk yo. Epi se pa paske lagè-a deja kòmanse malerezman, pou nenpòt ki bagay vin lisit ant pati ki an fas yo.

Kanta moun k-ap devwe yo pou defann patri-a nan lame-a, se pou yo konsidere tèt-yo tankou sèvitè sekirite ak libète pèp-yo, epi y-ap pote konkou tout bon pou tabli lapè-a si yo realize fonksyon yo yon fason kòrèk.

(80. *Osijè lagè total-la*)

Progrè zam syantifik-yo ogmante karaktè redoutab ak pèvèsyon lagè-a anpil anpil. Aksyon lagè-yo lè yo sèvi ak zam sa-yo, kapab pote gran destriksyon san distenksyon ki vrèman depase limit lejitim defans-la. Pi plis, si yo ta sèvi ak tout mwayen nèt, sa yo deja jwenn nan asnal gran nasyon-yo, se ta yon masak prèske total chak pati ta fè ak lòt ki an fas-la, san pale osijè tout kantite devastasyon sa ta anjandre sou tè-a epi lòt efè deplorab ki ta vini kòm konsekans itilizasyon mòd zam sa-yo.

Tou sa fòse nou konsidere lagè-a ak yon mantalite ki nouvo nèt². Se pou moun-yo nan tan n-ap viv kounye-a konnen yo va rann kont seryezman poutèt aksyon lagè yo fè. Deroulman kous tan k-ap vini-yo depann anpil de desizyon yo pran jodi-a.

Antan li fè atansyon a sa, Sinòd sa-a ki sen anpil-la, antan li akseptet deklarasyon kondanasyon lagè total-la dènye Souveren Pontif-yo te fè, li deklare :

² Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Pacem in terris*, 11 avril 1963 : AAS 55 (1963), p. 291 : « Se poutèt sa, nan epòk nou-an k-ap bay tèt-li glwa poutèt fòs atomik-la, se yon bagay ki kontrè ak rezon-an pou ta panse lagè-a adapte toujou pou jwenn jistis nan vyolasyon dwa-yo ».

Tout aksyon lagè ki gen kòm objektif pou detwi vil toutantye oubyen gran rejyon ak tout moun ki ladan-yo san distenksyon, se yon krim kont Bondye epi kont moun-nan li menm, epi yo dwe kondane sa ak fèmte san ezite.

Danje patikilye lagè-a jodi-a sèke li bay sa-yo ki posede dènnye zam syantifik-yo okazyon pou yo komèt krim sa-yo epi nan yon anchènman inevi-tab, sa kapab pouse volonte moun-yo pran desizyon kriminèl. Pou yon bagay konsa pa janm rive alavni, Evèk tout fas tè-a ki rasanble fê yon sèl, ap sipliye tout moun, sitou responsab nasyon-yo ak chèf lame-yo, pou yo konprann pwa responsabilite yo genyen tout tan san rete devan Bondye epi devan tout ras moun-nan.

(81. *Osiyè kous pou prepare zam-yo*)

Yo pa anpile zam syantifik-yo sèlman pou yo sèvi ak yo nan tan lagè. Kòm yo konsidere puisans defans chak pati depann de kapasite pou li frape advèsè-a ak rapidite tankou loraj (*fulminea*), akimilasyon zam-yo k-ap vin pi grav chak ane sèvi kòm mwayen nan yon fason etranj pou detou-nen advèsè ki ta kapab vle leve. Anpil moun konsidere sa kòm mwayen ki pi efikas pase tout lòt pou kapab proteje yon sèten lapè kounye-a ant nasyon-yo.

Kèlkeswa valè mòd dekouraje ènmi sa-a, se pou moun yo gen konviksyon kous pou prepare zam-yo anpil nasyon ap kouri ladan-l nan, se pa chemen ki sèten pou konsève lapè-a tout bon vre, ni non plis swadizan ekilib sa kreye-a se ta vrèman yon lapè ki asire. Olye sa ta elimine kòz lagè-a, li menase agrave-l pito ofiamezi. Antan y-ap depanse richès an kantite nan prepare nouvo zam tout tan, yo pa kapab pote remèd ki ase pou tout kalite mizè sa-yo ki sou tout tè-a jodi-a. Angiz sa geri vrèman epi afon tout dis-kòd ki genyen ant nasyon-yo, se kontajyon-an yo gaye nan lòt kote sou tè-a. Se pou yo chwazi nouvo chemen pou retire skandal sa-a, an kòmansan apati chanjman mantalite-a, epi tè-a va libere anba angwas k-ap oprime-l la epi yo va kapab ba li yon lapè tout bon ankò.

Se poutèt sa se pou yo deklare ankò : kous pou prepare zam-nan se yon plè ki grav pou ras moun-nan epi li andomaje pòv-yo yon fason ki entolerab. Moun gen rezon pè tout bon, pou si sa kontinye, li pa anjandre kèk dezaz fatal pou tout moun yon jou, paske li deja ap prepare mwayen pou sa.

Antan nou deja resewva avètisman osiyè kalamite ras moun-nan vin rann posib, nou dwe sèvi ak delè n-ap jwi kounye-a, sa Bondye ba nou-an, pou antan nou pi konsyan pròp responsabilite nou, nou jwenn chemen ki pou pèmèt nou rezoud problèm nou yo yon fason ki pi dign pou moun-nan. Providans Bondye ap mande nou byen prese pou nou libere pròp tèt nou anba ansyen esklavaj lagè-a. Men nou pa konnen kote sa pral mennen

nou si nou refize fè efò sa-a epi nou kontinye sou move chemen nou deja antre ladan-l nan.

(82. *Osiyè lagè-a pou yo entèdi nèt epi aksyon entènasyonal pou evite lagè-a*)

Donk li klè pou nou, nou dwe fè efò pou nou prepare ak tout fòs nou tan sa-yo kote ak konsantman tout nasyon-yo, li va posib pou entèdi nèt ale tout kalite lagè. Sètènman sa mande pou ta gen kèk otorite piblik inivè-sèl ki tabli epi tout moun rekonèt, ki gen yon pouvwa efikas pou proteje an favè tout moun ni sekirite-a, ni obsèvan jistis-la, ni respè dwa-yo. Men anvan yo ta reyisi tabli otorite sa-a yo ta swete-a, fòk jodi-a, nan sèk entènasyonal ki pi ro-yo, yo devwe yo pou etidye mwayen k-ap pi bon pou chwazi pou asire sekirite komen-an. Kòm lapè-a dwe vin sòti pito nan konfyans nasyon-yo youn nan lòt pase nan enpoze laterè zam-yo sou nasyon-yo, se pou tout moun travay pou mete yon pwen final nan kous pou prepare zam-yo ; pou diminisyon zam-yo kapab kòmanse reyèlman, li pa dwe progrese sou yon sèl bò men sou toudebò apati akò yo fè ki gen vrè garanti ki efikas ³.

Antretan, se pa pou yo dekonsidere efò yo deja ap fè-yo epi y-ap fè toujou pou retire danje lagè-a. Okontrè se pou yo ede bòn volonte anpil moun sa-yo k-ap fè efò pou elimine lagè-a yo pa vle wè-a, malgre y-ap pote gro chaj responsabilite fonksyon yo genyen ki ro anpil, men antan pwa devwa yo ki mare yo-a mete yo an mouvman, menm si yo pa kapab fè kòm si realite-yo pa konplike jan yo ye-a. Se pou nou priye Bondye pou yo san rete pou li ba yo fòs avanse ak pèsèverans epi realize ak kou-raj gran travay renmen sa-a (*amoris*) an favè moun-yo ki va konstwi la-pè-a ak desizyon (*viriliter*). Trè sètènman sa mande yo jodi-a pou yo elaji entèlijans yo ak espri yo pi lwen limit pròp nasyon yo, pou yo renonse a egoyism nasyonal-la ak anbisyon pou domine lòt nasyon-yo, pou yo nourri yon respè profon alega tout ras moun-nan ki deja ap avanse ak kalite difikilte sa-yo nan direksyon yon inite ki pi gran.

Osiyè problèm lapè-a ak depoze zam-yo se pou yo konsidere etid apro-fondi ki deja realize ak efò san rete. Kongrè entènasyonal-yo ki trete kesyon sa-a, ap fè tankou premye pa pou rezoud kesyon sa-yo ki sitèlman grav, epi se pou yo ankouraje yo alavni si yo vle rive jwenn rezilta pratik yon fason ki prese prese (*urgentiori modo*). Poutan se pou moun-yo fè a-tansyon pou yo pa renmèt tèt-yo sèlman sou efò kèk moun san yo pa fè a-tansyon ak eta lespri-yo, paske responsab pèp yo ki responsab byen komen pròp nasyon yo epi an menm tan ki dwe favorize byen tout tè-a, trè

³ Cf. Jan XXIII, Asiklik *Pacem in terris*, kote li pale osiyè diminisyon zam-yo : AAS 55 (1963), p. 287.

souvan, yo depann de opinyon ak santiman foul moun-yo. Sa pa itil yo anyen pou yo chèche konstwi lapè-a, tout tan va gen santiman ostilite, mepri, mefyans, rayisans rasyal oubyen patipri ideolojik k-ap divize moun-yo epi opoze yo youn ak lòt. Se poutèt sa se yon nesese ki prese anpil (*urget*) pou gen yon renouvèlman nan edikasyon mantalite-yo epi yon nouvo souf nan opinyon piblik-la. Moun ki devwe yo nan edikasyon jèn-yo sitou oubyen k-ap fòme opinyon piblik-la, dwe konsidere kòm yon devwa ki grav anpil yo genyen pou yo pran swen fòme lespri tout moun nan nouvo santiman sa-yo ki bay lapè. Nou tout nou dwe chanje kè epi konsidere tout tè-a ak devwa sa-a nou genyen-an pou nou kapab ajì ansanm an menm tan pou ras moun-nan kapab progresse vin pi bon.

Nou pap tronpe nou ak fo-espwa. Si yo pa mete santiman ostilite ak rayisans akote epi yo konkli yon akò ki solid epi onèt osijè lapè invèsèl-la alavni, ras moun-nan, menm si li posede syans ki admirab, li deja plonje nan gran danje pou li rive tonbe nan lè fatal sa-a kote li pap eksperimente lòt lapè paske lapè yon lanmò terib. Men, nan moman kote Egliz Kris-la ap prononse paròl sa-yo, antan li trouve-l nan mitan angwas tan sa-a, li pa sispann espere tout bon. Li vle propoze bay epòk n-ap viv-la san rete, lè sa konv nab ak lè sa pa konv nab, mesaj apot-yo : « men koulye-a moman byen favorab-la » pou nou chanje kè nou, « men koulye-a jou sove-a »⁴.

Dezyèm seksyon

Osijè kominote entènasyonal-la yo dwe konstwi-a

(83. *Osijè koz divizyon-yo ak remèd yo*)

Pou konstwi lapè-a, toudabò, yo bezwen derasinan kòz divizyon ant moun-yo, k-ap nourì lagè-a, sitou enjistis-yo. Anpil nan yo vin soti nan inegalite ekonomik-yo ak reta nan pote remèd ki ta nesese-yo. Lòt menm vin soti nan espri dominasyon ak mepri pou moun-yo epi, si nou chèche koz ki pi profon-yo, nan anvì, mefyans, ogèy ak lòt pasyon egoyis moun-nan. Kòm moun-nan pa kapab sipòte tout kalite defo sa-yo, sa gen kòm konsekans, menm lè lagè pap fè ravaj, tè-a toujou ajite ak diskisyon ant moun-yo epi ak vyolans. Kòm an plis yo jwenn menm move panchan sa-yo nan relasyon ant nasyon-yo, si yo vle ranpòte viktwa sou yo epi anpeche yo rive, li nesese tout bon vre pou yo reprime vyolans san fren-yo, pou enstitisyon entènasyonal-yo koopere epi kòdone pi byen, pi fèm, epitou pou san rete yo ankouraje kreasyon òganism k-ap kontribiye pou lapè-a.

⁴ Cf. 2 Korentyen 6,2.

(84. *Osiyè kominote nasyon-yo ak enstitisyon entènasyonal-yo*)

Pandan nan tan sa-a neseseite relasyon sere ant tout sitwayen ak tout pèp sou fas tè-a ap grandi, pou yo rive chèche byen komen-an yon fason adapte epi rive jwenn li efektivman, kounye-a li nesese pou kominote nasyon-yo konstitiyè tè-t yo dapre yon lòd ki koresponn ak fonksyon yo jodi-a, sitou pou sa ki konsène anpil rejyon sa-yo k-ap soufri mizè entolerab jous kounye-a.

Pou kapab rive nan rezilta sa-yo, enstitisyon kominote entènasyonal-yo dwe kontribiyè nan pati pa-yo pou soulaje divès bezwen moun-yo, swa nan domèn lavi sosyal-la ki gen ladan-l alimantasyon, sante, edikasyon, travay, swa nan anpil lòt sitiasyon patikilye ki kapab parèt nenpòt kote, tankou neseseite jeneral pou ankouraje kwasans nasyon ki sou rout devlopman-yo, bay refijye ki gaye sou tout tè-a mwayen yo bezwen, ou-byen tou ede imigran-yo ak fanmi-yo.

Enstitisyon entènasyonal ki deja egziste-yo, swa mondyal oubyen rejyonal, yo sètènman merite rekonesans ras moun-nan. Yo parèt tankou premye efò fondman entènasyonal yo dwe mete pou tout kominote moun-nan, pou rezoud problèm ki grav anpil-yo nan tan n-ap viv-la : ankouraje progrè-a toupatou sou tè-a epi anpeche nenpòt ki fòm lagè avèk aksyon prevantif. Nan tout domèn sa-yo, Egliz-la kontan poutèt vrè espri fratènite-a k-ap fleri ant kretyen-yo ak sa ki pa kretyen-yo epi l-ap eseye pou efò y-ap fè yo vin gen plis entansite pou soulaje mizè-a ki gran anpil.

(85. *Osiyè kooperasyon entènasyonal-la nan domèn ekonomik-la*)

Solidarite nan ras moun-nan jodi-a egzije pou yo etabli plis kooperasyon entènasyonal nan domèn ekonomik-la. Annefè, menm si prèske tout pèp-yo vin endepandan, nou lwen pou yo ta lib anba tròp inegalite epi anba tout fòm depandans ki an dezavantaj yo epi pou yo ta alabri danje difikilte entèn ki grav yo.

Kwasans yon nasyon depann de resous li genyen kòm moun oubyen kòm lajan. Se pou yo prepare sitwayen chak nasyon pou yo kapab responsab divès fonksyon lavi ekonomik-la ak sosyal-la gras a edikasyon-an ak fòmasyon profesyonèl-la. Pou sa menm, yo bezwen èd ekspè etranje-yo ki pa dwe konpòte yo an dominatè men tankou moun k-ap ede epi kolabore. Yo pap kapab ofri èd materyel bay nasyon k-ap devlope-yo, si abitud kòmès kounye-a sou tè-a pa chanje an profondè. Lòt nasyon devlope-yo kapab bay lòt èd an plis swa sou fòm kado oubyen prete oubyen investisman lajan ; se pou yo rann sèvis sa-yo ak jenerozite epi san renmen pou lajan (*cupiditate*) sou yon bò, epi se pou yo resevwa yo an tout onètete sou lòt bò-a.

Pou etabli yon vrè lòd ekonomik mondyal se pou yo aboli swaf tròp benefis-la, anbisyon nasyonal-yo, volonte dominasyon politik-la, kalkil strateji militè oubyen manèv pou enpoze oubyen propaje ideoloji. Gen plizyè sistèm ekonomik ak sosyal yo propoze ; yo swete pou moun ki konpetan-yo jwenn fondman komen pou yon komès mondyal ki kòrèk ; sa va rive fèt pi fasil si chak moun renonse a pròp prejije pa-l epi dispoze-yo san reta pou fè yon dyalòg sensè.

(86. *Osi jè kèk règ ki apropiye*)

Pou kooperasyon sa-a, règ sa-yo nou pral bay-yo sanble yo apropiye :

a) Nasyon k-ap devlope-yo va byen mete nan kè-yo kòm objektif devlopman-an : yo vle rive nan pèfeksyon moun-yo kòm moun an plen, se pou yo fè sa yon fason eksplisit epi ak fèmte. Yo dwe sonje se toudabò apati travay ak kapasite entèlijans pèp-yo menm devlopman-an kòmanse epi grandi, li pa dwe apuiye sèlman sou travay etranje-yo, men li dwe apuiye sou fòs pròp travay yo epi kapasite entèlijans ak pròp tradisyon kilti-yo toudabò. Nan kesyon sa-a moun ki gen plis enflyans sou lòt-yo dwe pran devan ak egzanp [y-ap bay].

b) Nasyon ki devlope-yo menm gen gran responsabilite pou yo ede pèp k-ap devlope-yo nan realize fonksyon nou sot di pi ro-a. Se poutèt sa yo dwe realize lakay pa-yo, adaptasyon mantal ak materyèl sa mande pou etabli kooperasyon inivèsèl sa-a.

Konsa, nan negosyasyon ak nasyon ki pi fèb-yo, pi pòv-yo, se pou yo konsidere byen [nasyon sa-yo] ak anpil atansyon ; paske sa yo rive genyen nan vann sa yo produi-yo, yo bezwen-l pou soutni pròp egzistans yo.

c) Se devwa kominote entènasyonal-la menm, pou li amonize epi ankouraje kwasans-la, yon fason pou resous ki dispoze pou sa, yo distribiye-yo yon jan ki efikas tout bon epi avèk ekite. Antan li byen sovgade prensip « subsidiarité »-a (*principio subsidiarioritatis*), se kominote entènasyonal sa-a tou ki gen pou-l òdone rapò ekonomik sou tout tè-a pou yo ka deplwaye dapre règ jistis-la.

Se pou yo fonde enstitisyon adapte pou promosyon ak òganizasyon komès entènasyonal-la, sitou ak nasyon ki mwens devlope-yo epi pou konpanse defo ki vin soti nan puisans ki trè inegal ant nasyon-yo. Mòd òganizasyon sa-a, ansanm ak mwayen teknik-yo, kiltirèl-yo epi finansye-yo, dwe chèche ofri nasyon k-ap devlope-yo mwayen ki nesèsè pou yo ka rive jwenn kwasans ekonomik yo yon fason konvnanb.

d) Nan anpil ka li nesèsè pou yo revize strikti ekonomik-yo ak sosyal-yo ; men se pou yo fè atansyon ak solisyon teknik yo propoze ki po ko fin apwen (*immature*) sitou sa-yo k-ap ofri moun-nan avantaj materyèl

epi k-ap konbat karaktè spirityèl-li epi avansman-l. Paske « se pa sou pen sèlman moun-nan viv, men sou tout paròl ki soti nan bouch Bondye » (Matye 4,4). Nenpòt eleman nan fanmi ras moun-nan li-menm epi nan pi bon tradisyon li-yo, pote nan li yon pati nan trezò spirityèl Bondye konfyè moun-yo, menm si anpil moun pa konnen kote li soti.

(87. *Osijè kooperasyon entènasyonal-la parapò a kwasans demografik-la*)

Kooperasyon entènasyonal-la vin pi nesèsè toujou parapò a pèp sa-yo ki vin kwense jodia-a an patikilye ak difikilte ki soti trè souvan nan kwasans popilasyon-an ki rapid, nan mitan anpil lòt difikilte yo genyen. Se yon ijans (*urget*) tout bon pou gras a kooperasyon anprese tout moun, sitou nasyon ki pi rich-yo, yo chèche jwenn kijan yo kapab prepare sa ki nesèsè pou alimantasyon epi yon enstriksyon konvab pou moun-yo, epi kijan yo ta kapab pataje-yo ak tout kominote ras moun-nan. Vrèman, anpil pèp ta kapab rann kondisyon lavi yo pi bon si yo fòme ak yon enstriksyon adapte pou yo kapab pase sot nan ansyen metòd prodiksyon agrikòl-yo pou vin travèse al nan nouvo disiplin teknik-yo epi aplike-yo ak prudans ki nesèsè-a nan sitiasyon yo, antan an plis yo etabli yon òganizasyon sosyal ki pi bon epi yon pataj ki pi ekitab nan propriete tè-yo.

Nan sa ki regade problèm popilasyon-an, gouvènman-yo gen dwa ak devwa nan nasyon yo anndan limit pròp konpetans yo ; paregzanp nan sa ki regade lòd ak lejislasyon sosyal epi famiyal, nan kesyon egzòd popilasyon rural-yo pou vin nan vil-yo, nan enfòmasyon osijè sitiasyon ak bezwen nasyon-an. Kòm problèm sa-a ap sekwe lespri moun-yo jodi-a seryezman, sa ta bon tou pou katolik ki konpetan nan tout kesyon sa-yo, sitou nan Inivèsite-yo, kontinye etid ak inisyativ ki kòmanse yo ak entèlijans epi fè yo devlope pi plis.

Kòm gen anpil moun ki deklare kwasans kantite moun ki sou tè-a, oubyen antouka nan kèk nasyon, se pou yo frennen-l nèt ale jous nan fon ak tout mwayen epi ak nenpòt ki tip entèvansyon otorite piblik-yo, Konsil-la egzòte tout moun pou yo fè atansyon ak solisyon y-ap ankouraje piblikman oubyen an prive epi gen de lè yo enpoze yo [sou moun-yo] men ki kontrè ak lwa moral-la. Paske poutèt dwa sa- inebnanlab, [dwa] moun-nan genyen pou marye epi fè pitit, desizyon osijè kantite pitit y-ap fè-a depann de dwati jijman paran-yo epi yo pa kapab renmèt-li nan okenn fason bay jijman otorite piblik-yo. Men kòm jijman paran-yo sipoze konsyans yo fòme yon fason ki dwat, li enpòtan anpil pou pèmèt tout moun rive gen yon nivo responsabilite ki konfòm ak moral-la epi ki vrèman korresponn a sa moun-nan ye-a, antan li konsidere lwa Bondye-a san-l pa neglije tout sikonstans realite-yo ak tan-yo ; sa egzije vrèman pou tout kote kondisyon pedagojik ak sosyal-yo chanje vin pi bon epi sitou pou yo ofri fòmasyon relijye oubyen omwens yon fòmasyon moral entegral. An

plis, se pou moun-yo byen enfòm ak asirans osijè progrè syantifik-yo nan eksplorasyon metòd ki kapab ede konjwen-yo nan regle kantite piti y-ap fè, lè yo byen prouve solidite metòd sa-yo epitou akò-yo ak lòd moral-la parèt byen klè.

(88. *Osiyè fonksyon kretyen-yo nan ofri èd yo*)

Se pou kretyen-yo koopere san problèm ak tout kè nan konstwi yon lòd entènasyonal ki va respekte libète lejitim-yo tout bon epi fratènite tout moun tankou zanmi, yo va fè sa plis toujou paske pi gran pati tè-a ap soufri ak tèlman mizè ki fè nan pòv-yo se Kris-la menm k-ap reklame renmen (*caritatem*) disip li-yo ak yon vwa byen fò. Donk se pou skandal sa-a fini : pou moun nan kèk nasyon, kote trè souvan laplipa nan sitwayen-yo dekore ak non kretyen-an, yo gen byen an abondans, pandan lòt-yo manke sa ki nesèsè pou lavi-a epi toumante ak grangou, maladi ak tout fòm mizè. Reyèlman espri povrete-a ak renmen-an (*caritatis*) se glwa epi temwagnaj Egliz Kris-la.

Donk fòk yo fè lwanj epi ede kretyen sa-yo, sitou jèn-yo, ki ofri pròp tèt-yo spontaneman pou y-al pote sekou bay lòt moun ak lòt pèp. Pi plis, se ròl tout Pèp Bondye-a, antan paròl ak egzanp Evèk yo ap antrene-yo, pou yo soulaje mizè ki gen nan tan sa-a dapre fòs yo, epi yo va fè sa, dapre abitud Egliz-la depi lontan, pa sèlman ak sa yo gen an tròp, men tou ak sa yo gen ki nesèsè pou yo viv.

San sa pa òganize yon fason rijid epi inifòm, manyonè pou ranmase epi distribiye èd-yo dwe byen regle nan dyosèz-yo, nasyon-yo epi sou tout tè-a, epi tout kote sa parèt konvab, yo va mete aksyon katolik-yo ansanm ak pa lòt frè kretyen-yo. Annefè, espri renmen-an (*caritatis*) pa anpeche egzèsè aksyon sosyal-la ak charitab-la yon fason prevwayan epi òganize, okontrè li reklame sa. Se pou sa li nesèsè pou sa-yo ki vle devwe tèt-yo nan sèvis nasyon k-ap devlope-yo, yo resevwa yon fòmasyon ki adekwa epi nan enstitisyon ki fèt pou sa.

(89. *Osiyè prezans aktif Egliz-la nan kominote entènasyonal-yo*)

Lè Egliz-la ap preche tout moun Evanjil-la antan li apuiye sou misyon Bondye ba li-a, epi l-ap distribiye trezò gras-la, se toupatou sou tè-a l-ap kontribiye pou rafèmi lapè-a epi poze fondasyon solid pou kominote fratènèl moun-yo ak pèp-yo : sa vle di konesans lwa Bondye-a ak lwa natirèl-la. Se poutèt sa Egliz-la dwe prezan tout bon nan kominote nasyon-yo pou ankouraje epi fè kooperasyon ant moun-yo avanse ; epi l-ap fè sa gras a enstitisyon piblik li-yo epitou kolaborasyon sensè tout kretyen-yo, ki pran enspirasyon-l sèlman nan anvi pou sèvi tout moun.

Li rive fè sa efektifman si fidèl-yo menm, antan yo konsyan responsabilite-yo kòm moun epi kòm kretyen, va fè efò deja nan pròp anbyans kote y-ap viv-la pou reveye volonte pou koopere fasilman ak kominote entènasyonal-la. Yo va fè atansyon anpil pou pran yon swen patikilye pou sa nan fòmasyon jèn-yo swa nan edikasyon relijye-a swa nan edikasyon sivil-la.

(90. *Osiyè ròl kretyen-yo nan enstitisyon entènasyonal-yo*)

Pou kretyen-yo, yon fòm aktivite entènasyonal ki ekselan, epi sètènman se yon travay sosyal li ye, se konkou yo pote swa pou kont-yo swa an group nan Enstitisyon ki deja fonde oubyen ki gen pou fonde pou fè kooperasyon ant nasyon-yo avanse. An plis, diferan asosyasyon entènasyonal katolik-yo kapab ede nan plizyè fason pou konstwi kominote nasyon-yo nan lapè ak fratènite, se pou sa fòk yo konsolide yo antan yo ogmante kantite moun ki byen fòm k-ap kolabore epi mwayen yo bezwen, epi antan yo koòdone fòs yo yon fason ki konvnan. Annefè tan nou-yo, efikasite aksyon-an ak nesosite dyalòg-la reklame inisyativ ki fèt ansanm. An plis, asosyasyon sa-yo an plis bay yon konkou san parèy nan kiltive sans inivèsalite-a, ki dakò sètènman ak sa katolik-yo ye-a, epi pou fòm yon vrè konsyans solidarite ak responsabilite mondyal.

Anfen sa swetab pou katolik-yo kapab ranpli fonksyon-yo jan sa dwe fèt nan kominote entènasyonal-la, pou yo chèche yon kooperasyon pozitif swa ak frè separe-yo ki fè yon sèl ak yo pou profese renmen-an (*caritatem*) dapre Evanjil-la, swa ak tout moun ki swaf lapè tout bon-an.

Antan li konsidere imansite kalamite k-ap toumante pi gran pati ras moun-nan jous kounye-a, epi pou li favorize jistis-la ansanm ak renmen (*amorem*) Kris-la alega pòv-yo toupatou, Konsil-la menm estime sa ta vrèman byen tonbe pou yo kreye yon òganism Egliz inivèsèl-la ki ta gen pou li mete kominote katolik-yo an mouvman pou favorize progrè rejyon pòv-yo epi jistis sosyal ant nasyon-yo.

Konklizyon

(91. *Osiyè fonksyon chak fidèl epi Egliz patikilye-yo*)

Se apati trezò doktrin Egliz-la Sinòd sa-a ki sakre-a propoze bagay sa-yo bay tout moun nan tan n-ap viv-la swa si yo kwè nan Bondye, swa si yo pa rekonèt-li eksplisitman, se pou kapab ede-yo wè entegralite vokasyon-yo pi klè, sa yo genyen pou konfòm tèt-a pi plis dapre dignite ekstraòdinè mounnan, pou yo vle rive nan yon fratènite inivèsèl ki gen fondman pi ro, epitou, anba fòs renmen-an (*amoris*), pou yo bay egzijans ki pi prese nan tan n-ap viv-la yon repons ak jenerozite epi nan yon efò yo fè ansanm.

Sètènman, devan gran divèsite eta realite-yo oubyen fòm kilti moun-yo sou tè-a, anpil pati nan sa yo propoze la-a gen yon karaktè jeneral epi se sa nou te vle : pi plis, kòm trè souvan se osijè evolasyon realite-yo k-ap fèt san rete l-ap pale, menm si se doktrin yo deja resevwa nan Egliz-la l-ap propoze, [ansèyman sa-a] dwe kontinye toujou epi vin pi laj. Nou gen konfyans reyèlman anpil nan sa nou di-yo antan nou apuiye sou paròl Bondye-a ak espri Evanjil-la kapab pote yon konkou valab bay tout moun, sitou lè yo va fin fè adaptasyon pou chak nasyon ak mantalite, fidèl kreyen-yo va mete yo an pratik antan Pastè yo ap gide yo.

(92. *Osijè dyalòg ant tout moun-yo*)

Ak fòs misyon li genyen pou li klere tout fas tè-a ak mesaj Evanjil-la epi rasanble tout moun nenpòt ki nasyon, ras oubyen kilti nan yon sèl Espri-a, Egliz-la parèt tankou sign fratènite sa-a ki pèmèt yon dyalòg sensè epi ki ranfòse-l.

Sa mande toudabò pou nan Egliz-la menm nou favorize estim, respè ak antant youn ak lòt, antan nou rekonèt divèsite ki lejitim-yo tou, epi nou rive tabli yon dyalòg ki donnen fwi ant tout moun ki fòmè yon sèl Pèp Bondye-a, swa yo se pastè swa lòt fidèl kreyen-yo. Reyèlman sa ki ini fidèl-yo pi fò pase sa ki divize yo : se pou gen inite nan sa ki nesèsè-yo, libète nan sa yo kapab doute, renmen nan tout bagay ¹.

An menm tan, nanm nou ap anbrase frè-yo ak kominote-yo ki poko ap viv nan kominyon an plen avèk nou, men nou lye ak yo nan deklarasyon lafwa nan Papa-a ak Pitit-la ak Espri Sen-an epi lye renmen-an (*caritatis*), antan n-ap sonje tou jodi-a anpil moun ki pa menm kwè nan Kris-la ap tann kreyen-yo fè youn epi anvi sa. Plis inite sa-a va grandi nan verite ak nan renmen (*caritatis*), anba fòs puisans Espri Sen-an, se plis li va yon profesyon inite ak lapè pou tout tè-a. Se pou sa, antan nou ini fòs nou epi nan fòm ki toujou pi adapte pou pèmèt nou rive jwenn objektif sa-a jodi-a tout bon vre, antan nou vin pi konfòm ak Evanjil-la chak jou, an nou fè efò pou nou kolabore tankou frè pou nou kapab ofri sèvis nou bay fanmi ras moun-nan yo rele nan Kris Jezu pou-l vin tounen fanmi pitit Bondye-yo.

Nou vire nanm nou tou nan direksyon tout moun ki konnen Bondye epi ki konsève kèk eleman ki gen gran valè reljye epi an rapò ak sa mounnan ye-a nan tradisyon-yo, antan nou swete pou yon dyalòg ouvè vin kondui nou tout pou nou akeyi ak fidelite mouvman Espri-a k-ap pouse nou epi realize [sa-l mande-a] avèk elan.

Sou bò pa nou, antan nou konsève prudans ki nesèsè-a, nou pa mete pèsonn moun akote nan anvi kalite dyalòg sa-a kote se sèlman renmen ale-

¹ Cf. Jan XXIII, Ansiklik *Ad Petri Cathedram*, 29 jwen 1959 : AAS 55 (1959), p. 513.

ga verite-a ki kondui nou, ni sa yo k-ap kiltive valè ki pi ro nan nanm moun-nan, ni sa yo ki poko rekonèt Kreatè yo-a, ni sa yo k-ap konbat Egliz-la epi k-ap pèsèkite-l nan divès fason. Kòm Bondye Papa-a se kòmansman epi aboutisman tout bagay, nou tout yo rele nou pou nou frè. Epi se pou sa, puiske se nan menm vokasyon dapre moun-nan ak dapre Bondye-a yo rele nou, nou kapab epi nou dwe koopere san vyolans, san manti pou konstwi tè-a nan yon vrè lapè.

(93. *Osiyè tè-a pou konstwi-a epi pou kondui nan aboutisman-l nan*)

Antan kretyen-yo sonje paròl Grammèt-la « se nan sa tout moun ap konnen se disip mwen nou ye, si nou gen renmen (*dilectionem*) youn pou lòt » (Jan 13,35), yo pa kapab swete anyen pi plis pase pou sèvi moun-yo sou tè-a nan tan sa-a ak plis jenerozite, yon fason pi efikas. Se pou sa, antan yo kole fidèlman sou Evanjil-la epi yo benefisyè fòs-li, antan yo ini ak tout moun ki renmen jistis-la epi k-ap kiltive-l, yo gen pou yo akonpli yon travay ki gran anpil sou tè-a, epi yo dwe rann kont bay Sa-k pral jije tout moun, nan dènye jou-a. Se pa tout moun k-ap di « Grammèt, Grammèt » k-ap antre nan wayòm syèl-yo, men se sa ki fè volonte Papa-a² epi ki mete men nan travay-la ak kouraj. Papa-a vle pou nou rekonèt nan tout moun yon frè Kris-la epi pou nou renmen-l (*diligamus*) efektivman, swa nan paròl swa nan aksyon, konsa nou va rann Verite-a temwagnaj, epi nou va pataje ak lòt-yo mistè renmen (*amoris*) Papa ki nan syèl-la. Se sou chemen sa-a sou tout fas tè-a moun-yo va reveye nan yon esperans ki vivan, ki se don Espri Sen-an, pou yo ka vin antre yon lè nan lapè ak kontantman definitif-la (*beatitudine summa*), nan patri-a ki klere ak glwa Grammèt-la.

« Pou sa-k kapab fè plis pase tout bagay, pi plis anpil pase bagay-yo nou mande-a oubyen nou panse-a, dapre pouvwa-a, sa-l deplwaye nan nou-an, pou li, glwa-a nan Egliz-la ak nan Kris Jezu pou tout jenerasyon syèk syèk-yo. Amèn » (Efezyen 3,20-21).

Evèk Konsil sa-a ki sen anpil-la, yo te dakò ak tout seri desizyon ki dekrete ansanm nan Konstitisyon sa-a epi ak yo chak pou kont yo. Epi Nou menm, ak pouvwa Apostolik Kris-la te renmèt nou-an, ansanm ak Venerab Evèk-yo, nou aprouve-l nan Espri Sen-an, nou dekrete-l epi nou fikse-l, epi nou bay lòd promilge sa ki te etabli nan Sinòd-la pou glwa Bondye.

A Ròm, kot Sen Pyè, nan jou 7 desanm, ane 1965.
Mwen menm Pòl, Evèk Egliz Katolik-la.

(*Aprè sa se signati Evèk yo*)

² Cf. Matye 7,21.